This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com
the vaynakh vault

ДЖАМАЛХАНОВ З. Д.,
ВАГАПОВА Т. М., ЭСХАДЖИЕВ Я. У.

# НОХЧИЙН МОТТ

8–9 чуй классашна

**З.Д. ДЖАМАЛХАНОВ, Т.М. ВАГАПОВА, Я.У. ЭСХАДЖИЕВ**

# НОХЧИЙН МОТТ

8–9-чуй классашна

СИНТАКСИС

*ЧIагIйина Нохчийн Республикан дешаран, Iилманан Министерствос*

Соьлжа-ГIала
ГУП «Книжни издательство»
2007

ТӀеэцна билгалонаш:

Теоретически хаамаш.

Іамийнарг карладаккхарна тӀедиллар.

ЯЦЙИНА ЦІЕРАШ, ФАМИЛЕШ

| | |
|---|---|
| Айдамиров А. (А. А.) | Дугин І. (Д. І.) |
| Абдулаев З. (А. З.) | Зайнутдинов А. (З. А.) |
| Анзорова Б. (А. Б.) | Исаева М. (И. М.) |
| Арсанукаев Ш. (А. Ш.) | Кагерманов Д. (К. Д.) |
| Арсанов С. (А. С.) | Казбеги А. (К. А.) |
| Ахматова Р. (А. Р.) | Кулиш Л. (К. Л.) |
| Ахмадов М. (А. М.) | Курумова С. (К. С.) |
| Бадуев С. (Б. С.) | Кусаев І. (К. І.) |
| Бексултанов М. (Б. М.) | Лермонтов М. (Л. М.) |
| Берсанов Х-А. (Б. Х-А.) | Мамакаев І. (М. І.) |
| Бисултанов А. (Б. А.) | Мамакаев М. (М. М.) |
| Гайсултанов І. (Г. І.) | Матиев В. (М. В.) |
| Горький М. (Г. М.) | Музаев Н. (М. Н.) |
| Гойтемиров В. (Г. В.) | Мусаев М. (Мус. М.) |
| Дадашев І. (Д. І.) | Муталибов З. (М. З.) |
| Дакаев А. (Д. А.) | Нунуев С-Хь. (Н. С-Хь.) |
| Дефо Д. (Д. Д.) | Осмаев А. (О. А.) |
| Дикаев М. (Д. М.) | Пушкин А. (П. А.) |
| Джамалханов З. (Д. З.) | Рашидов Ш. (Р. Ш.) |

**Джамалханов З. Д., Вагапова Т.М., Эсхаджиев Я. У.**

Чеченский язык. Синтаксис (для 8–9 классов). Грозный: ГУП «Книжное издательство», 2007.

**З.Д. Джамалхановс** язйина учебникан юьххьера разделаш, дешнийн цхьаьнакхетарш, церан уьйр, коьрта меженаш, цхьалхечу предложенин кепаш, ма-дарра а, лач а къамел, грамматически талларш, маттах лаьцна юкъара хаамаш. **Т.М. Вагаповас** язйина предложенин коьртаза а, цхьанатайпанара а, шакъаьстина а меженаш, предложеница грамматически уьйр йоцу дешнаш, 8-чу классехь Іамийнарг карладаккхар. **Я.У. Эсхаджиевс** язйина чолхе-цхьаьнакхетта а, чолхе-карара а, хуттаргаш йоцу чолхе а предложенеш.

**ISBN 978-5-98896-042-3** © Грозный, ГУП «Книжное издательство», 2007

# 8-гlа класс

## НОХЧИЙН МОТТ ХАЛКЪИЙН МЕТТАНЕХ ЦХЬАЪ БУ

### НЕНАН МОТТ – ДАХАРАН ХАЗНА

1. Буьйцучу маттаций бен цхьа а хIума дийца йиш яц вайн. Историх, арифметиках, литературах, грамматиках, физиках – доцца аьлча, цхьана а хIуманах лаьцна хIумма а ала а, дийца а адамийн таро хир яцара, буьйцуш болу аьзнийн мотт ца хилча.

Мотт вайн ойланан а, кхетаман а, хьекъалан а, дахаран а уггаре а ца хилча йиш йоцу гIирс бу. Иза хьекъалан а, ойланан а хазна ю.

2. Ненан мотт хIора къоман а, хIора халкъан а культуран бух бу. Иза кIорггера дика Iамор вайн декхар ду. Яздархочо К. Паустовскийс нийса яздина ненан маттах лаьцна дешнаш:

«ХIора стеган а шен маттаца йолчу юкъаметтиге хьаьжжина, цуьнан культуран барам къастийна ца Iаш, цуьнан граждански мехалла а кхоччуш нийса къасто мегар ду.

Шен махке болу бакъ безам шен матте бацахь маьIна долуш бац.

Мотт вай Iама а бо, дахаран тIаьххьара денош тIекхаччалц саццаза Iамо декхар а ду…»

**Шардар 1.** Маттах лаьцна лакхахь ялийна текст дIа а еша, кху хаттаршна жоьпаш а ло.

1. «Ненан мотт дахаран хазна ю» хIунда аьлла? 2. «…Мотт ойланан а, кхетаман а, хьекъалан а, дахаран а уггаре а мехала гIирс бу» хIунда аьлла? 3. Схьадийца К. Паустовскийс ненан маттах лаьцна аьллачу дешнийн маьIна (шайн дешнашца).

**Шардар 2.** Саидов Билала язйинчу «Ненан мотт» цIе йолчу а, Арсанукаев Шайхис язйинчу изза цIе йолчу а стихотворенеш тIера ялийна строфаш дIа а еша, церан маьIнаш а дийца. Ненан меттан маьIна муха лору поэташа?

1. Хьайн ненан мотт хаахь,
Дозалла ас до хьох,
Даггара и безахь,
Ас хастам бо хьуна.
Цунах ма херлолахь,
ДоттагIа, варийлахь,
Ненан мотт хьайн бацахь,
Байлахь вуй хаалахь!
Хьо безаш волчунна
Пондаран аз ду хьо,
Хьайца уьйр йоцчунна
Гихь беза мохь бу хьо.

*Саидов Б.*

2. …Йист йоцу хIорд санна,
Бу хьуна шорта
Ша хууш волчунна
Вайн нохчийн мотт.

ГIиллакхе, оьзда бу,
ДоттагIче буьйцуш,
МостагIче вистхуьлуш,
Ду ира герз.
Хьомечу езаре
Безам ахь буьйцуш,
Бека и, шен хуьлий

Хьан деган мерз!

*Арсанукаев Ш.*

**Шардар 3.** ДӀадеша. Лахарчу кхаа а пунктехь стенах болу пайда буьйцу? Аьхка ешначу книгех хаза муьлхарш хийтира шуна?

I. Книгаш ешаро, хьан коьрта чу хьийза бӀаьрзе ойланаш царна сагайтарца сирлачу новкъа йохий, хьан дагахь дерг, сурте даладой, бӀаьргашна хьалха ухьу.

*«Хьекъалан белхан абата» тӀера*

II. Дукхаеза книга: цо гӀо дийр ду шуна тайп-тайпанчу ойланийн эяларх кхета, цо Ӏамор ду шу адаман а, шайн а сий дан, дуьнене а, адаме а болчу безаман дог-ойланца гӀаттадо цо хьекъал а, дог а.

*Горький А.М.*

III. Ваьштта масех сохьтехь, шена гонах книгийн раьгӀнаш а йина, царна тӀера шена оьшу справкаш лехьош, цкъа ешначу кепара шозлагӀа ца йоьшуш, юх-юха йоьшуш, керл-керла хӀуманаш гучудохуш, еша еза книгаш. Книгаш кхетамца ешаран шиъ некъ бу:

1) керла маьӀнаш гучудохуш, юх-юха а ешар;
2) хьекъале меттигаш схьаязъяр.

### *5–7-чу КЛАССАШКАХЬ ӀАМИЙНАРГ КАРЛАДАККХАР*

***Й*** элп яздо, ***о, оь, и, ий*** мукъачу аьзнашна хьалхахь хезаш хилахь *(йогӀу, йоьлу, йиша, йийца)*. ***Й*** элп ца яздо ***а, аь, у, уь, э*** бохучу мукъачу аьзнашна хьалхахь хазахь, церан метта ***я, яь, ю, юь, е*** яздо *(**я**ха, **яь**лла, **ю**ху, **юь**лу, **е**ха)*.

Билгалдаккхар. Наггахь, **иэ, уо** бохучу дифтонгашна хьалха а яздо **й**, масала: ***йиэха** тӀийриг, цунах* ***йуоза*** (дуста: ***еха*** *тӀийриг,* ***йоза*** *язде*.)

**Шардар 4.** Дика тидам а беш, дӀадеша лахахь далийна дешнаш. Муьлхачу мукъачу аьзнашна хьалха хезаш хилахь яздо **й**? Муьлхачу мукъачу аьзнашна хьалха хезаш хилахь ца яздо **й**, ткъа цуьнан меттана муьлха мукъа элпаш яздо?

ВогӀу, йогӀу, воьлу, йоьлу, вига, йига, ваша, йиша, воӀ, йоӀ, вийца, йийца, еха, йиэха, оза, уоза, яха, яьхна, юрт, юьртахь, еха.

**Шардар 5.** Чаккхенгахь **н** долчу дешнашна кӀел сиз хьакха. Схьайийца дешан чаккхенга **н** яздаран бакъонаш.

1. Хьамзатан гӀевлангара кенан гӀайба а, цуьнан корта а хиэ башийча санна бара. (М. М.) 2. Клавдия Ивановнас цамгаран хьокъехь ден хаттарш а ца хезара жимачу зудчунна. (М. И.) 3. ЦӀеххьана неӀ а йиллина, Седин пхьарс а лаьцна, Марина елира чу. (М. И.) 4. Горькийс казахийн фольклорана «дашо тӀорказ» ду аьлла. (М. И.) 5. КӀа чудерзош 160 процентана кхочушйинера Мусаевн бригадо белхан норма. (I. Х.) 6. Шен жимачу йоьӀан коьрта тӀехула куьг хьаькхира Дурдас. (I. Х.) 7. Стихашна оьшу деган мутта. (М. С.) 8. Массара а къобалдира Ӏусамин къамел. (I. Х.) 9. Цкъа цхьана кхоьлинчу гуьйренан дийнахь разведке вахийтира Берд. (Хь. С.)

Дешхьалхе, дешан маьӀнин дакъа хиларе терра, хоьттина язйо, ткъа дештӀаьхье, шакъаьстина къамелан дакъа хиларе терра, къаьстина язйо: *КӀант* ***дӀа****вахара. Хьехархо класса* ***чу*** *веара.*

Доланиг дожаран чаккхенга а, нагахь хезаш делахь, цхьана дешдекъах лаьттачу дешан чаккхенга а **н** яздо: *халкъа**н** бахам, кора**н** гур, цӀе**н** коч, кӀай**н** бос*.

Билгалдаккхар. 1. Доланиг дожаран а, цхьана дешдекъах лаьттачу **н** чаккхенгахь долчу дешнийн а таллам бан йиш ю уьш цхьанатайпанарчу меженийн кепара дагардарца. И дешнаш дагардича, чаккхенгахь

долу **н** къайлах а доцуш, хуттурган суффикс а хуьлий, гучудолу, хlунда аьлча, иза цу дешан чаккхенгахь хиларна а, догlуш хиларна а. Масала: *Адаман куьг лазийна (Адама**н** куьг – доланиг дожар). – Адама куьг лазийна (Адама лазийна – дийриг дожар). Адама**н**, Ахьмада**н**, Салмана**н** книгаш* (доланиг дожаран чаккхенгахь **н** долуш хиларна, къайлах а доцуш, гучудолу и, ткъа дийриг дожаран чаккхенгахь доцу дела, **н** дешнаш дагардарх гучу ца долу).

**Шардар 6.** Дlаеша лахара текст. Дlаязде, дешнашна тlехула къамелан дакъош билгал а деш. Схьадийца, муьлхачу дешнех предложенин муьлха меженаш хилла.

ДИКА КlАНТ

Мискачу стеган кlант вара чlогlа хьекъале а, оьзда а кхуьуш. Цхьана дийнахь цаьрга хьаша веара. Хlусамден кlанта хьешан когара эткаш дlа а ехира, цунна тас-гlумгlа а, гата а деара. Ша хи а дуттуш, хьеше юьхь-куьг а дилийтина, гата делла, юьхь якъа а яйтира цо.

Цул тlаьхьа, кlанта хьешан говр, хи тlе а йигна, лийча а йина, хи а малийна, цlа а ялийна, цунна баа хlоъ а белла, паргlатъяьлкхира.

И хьекъале, оьзда кlант, мало ца еш, хьешан гlуллакхе хьаьжна. Хlусамден жимачу кlентан гlиллакхна резахиллачу хьешо цуьнга ахча кховдийна:

– Баркалла хьуна, оьзда кlант! Хьо бакъонца дика кlант хилла.

Кlанта хьеше аьлла:

– Хьаша, ахча ма ло суна. Ахча дlадолу, дика дош адамна дуьсуш ду. Ас дан оьшучу гlуллакхна цкъа а мало йийр яц.

Жимчохь дуьйна мало ца ян а, гlуллакх дан а, къахьега а lамош хилла бераш. Адамаш резахиндолу дика амал яцахь, адамалла яцахь, нийсо езаш вацахь, бахам хиларх стаг ирсе хир вац.

Цlердашах – ***подлежащи*** я ***кхачам***, лаамазчу билгалдашах – ***къастам***, хандашах – ***сказуеми***, куцдашах – ***латтам*** хуьлу.

## § 1. Орфографи

**Шардар 7.** Дlадеша, дештlаьхье а, дешхьалхе а муха язйо а, дешан чаккхенга **н** маца яздо а дийца. Цул тlаьхьа дlаязъе. Цlердешнаш, хандешнаш морфологически талла.

1. Гlирмасолта чехка охьаволавелира. (l. Х.) 2. Керта юххехула дlаволавелира иза. (l. Х.) 3. Маликат, шен куззий, тlергlан кlадий пхьаьрса кlел а йоьллина, туькан чуьра ара а яьлла, цlа яхара. (l. Х.) 4. Иза хlетахь студент вара. (З. М.) 6. Цхьана ден цхьа кlант хилла. (Н. Ф.) 7. Нана мижарг хьийна а яьлла, хьолтlамаш ян йоьлча, юха а тlееара Асет. (l. Г.) 8. Вайнехан зударий тохарлернаш бац, уьш массо а хlуманна тlаьхьакхиъна. (М. М.) 9. Царах лаьцна газеташ тlехь а дуьйцу. (М. М.) 10. Зудчунна тахана вайн дахарехь шен йоккха а, сийлахь а меттиг карийна. (М. М.)

Дешнийн нийсаяздаран бакъонех **орфографи** олу. Иза грекийн дош ду, нохчийн маттахь иза **нийсаяздар** ду.

Нохчийн орфографин диъ дакъа ду:

1) морфемаш нийсаязъяр (лард, чаккхе, орам, дешхьалхе, суффикс);

2) дешнаш хоьттина а, къаьстина а, дефисца а яздар;

3) дош сехьадаккхаран бакъонаш;

4) доккха элп яздаран бакъонаш.

1. Орфографин дакъошна юкъахь уггаре а доккха а, коьрта а, мехала а ду морфемаш нийсаязъяр. Цу декъехь тайп-тайпана олу дешнаш морфологин бакъонашца яздо, масала: *Аса юкъах доьхка доьхку (дихкина).*

2. Орфографин шолгlа дакъа – **хоьттина а, къаьстина а, дефисца а яздар яздарметтан дешнашца (лексикаца)** дозуш ду. Иза уггаре а чолхе а, хала а, коьрта а дакъа ду. Чолхе я цхьалхе дешнаш, церан маьlнашка а, башхаллашка а хьаьжжина, **хоьттина а, къаьстина а, дефисца** а яздо, масала: *жаlу, дегабаам, кхачамбацар, да-нана, керт-ков, кад-lайг, lу, жа, Дуккхаваха*, амма: *дукха ваха хьо.*

3. **Дош сехьадаккхар** орфографин уггаре а жима а, атта а дакъа ду. Иза фонетикан а, морфологин а буха тӀехь льатташ ду. Дош керлачу могӀане сехьадоккху, дешдакъа а, дешан маьӀнин дакъа а ца дохош, масала: *ара-во-лу, чу-во-гӀу, та-ха-на, мел-ла-ша, ол-ха-зар, йохъ-ел-ла, цӀий-ел-ла, кӀай-ел-ла.*

4. Орфографин доьалгӀа дакъа – **доккха элп яздар** – хӀора предложенин хьалхара дош а, долахь цӀе а доккхачу элпаца яздаран буха тӀехь хӀоттош ду. Иза а орфографин жима а, атта а дакъа ду: *Ойла еш еана, ша хийисте кхаьчча, Бусана, шен кӀудал охьа а хӀоттош, шена тӀеккхача воллучу Бештога хьаьжира.* (С. Б.)

**Шардар 8.** ХӀиттийначу сацаран хьаьркашка хьаьжжина, нийса а, къастош а дӀаеша. ДӀаязде **дийцаран, хаттаран, айдаран** предложенеш шаьш, **тӀедожоран** предложенеш шаьш.

1. Вела а къиэжаш, Рыбине хьоьжуш льаттара Павел. (М. Г.) 2. ЦӀе хӀун ю хьан? 3. Селхана кхечира со Пятигорске. (Л.) 4. Воккхачу стагехьа вирзира Харачойн Зеламха. (М. М.) 5. Ас яздайтинарг хьуна муха хета? (М. М.) 6. Йитахьа и, ма хьийзаехьа и Зезаг! (М. М.) 7. И обарг Зеламха схьалаца ойла йолуш мукъана дуй шу? (М. М.) 8. Тоьур ду шуна! (М. М.) 9. Іимран Зайнина тӀера юргӀа тодан хӀоьттира. (С. Б.) 10. Сискал йина ца яьлла? (С. Б.) 11. Делахь ахь со тилийна, Іехийна ялийна хилла-кх? (С. Б.) 12. Хьуна со кийрахь дог доцуш ю моьттина хилла-кх! (С. Б.) 13. Хьаша а ву хьоьца? (Р. Х.) 14. ХӀай-хӀай, и ду хьуна дош! (Р. Х.) 15. Со цу тӀера юхаер йолуш яц! (І. Г.) 16. Барт цхьаъ хуьлда шун! (І. Г.)

**Шардар 9.** ДӀаеша текст. Къастае **дийцаран** а, **хаттаран** а, **айдаран** а, **тӀедожоран** а предложенеш. ДӀаязде, сацаран хьаьркаш а хӀиттош. ТӀедерзарна кӀел сиз хьакха.

– Же, кӀентий! Сихонца дой кечделаш. Кечам бина хьалхаваьлларг сихонца кхуза схьакхачалаш! – элира Лох-Беташа накъосташка.

Массо а дӀасавахана, Лох-Беташший, Назуй шаьшшиъ дисира Марижица. И ший а хӀинца, Марижа йистхилийта гӀерташ, цунна тӀедирзина дара, и эсала хьоьстуш.

– Марижа! Марижа! Схьахьажал соьга! Дийцал хьайна хилларг, – хьоьстура Лох-Беташа йиша.

Марижа кхетам чу яло гӀерташ, шен хирг деш хьийзаш яра къинхетаме йоккхастаг Назу а.

– Марижа! Схьахьажал соьга! Дийцал, хьайна хӀун хиллера. Хьажал! Беташ вай хӀара-м. Вай, со нана яла хьан делаӀ! Хьуна хӀун дина ткъа, дан мукъана а?.. ХӀинцца Секимат а схьакхочур ю. Схьаерзал соьгахьа. ХӀинца-м хьо кхерамехь яций! – бохуш, шен хирг деш хьийзара йоккхастаг Назу, йоӀ кхетаме яло гӀерташ. (М. Я.)

**Шардар 10.** ДӀадеша. Дийцаран а, хаттаран а, айдаран а, тӀедожоран а предложенеш схьайийца. Уьш къовларшна юккъехь билгал а йохуш, дӀаязъе текст, сацаран хьаьркаш а хӀиттош. Муьлхачу предложенехь ю хандешан хаттаран кеп.

1. Готтачу урамехула мох санна хьаьдда вогӀучу Бетина дуьхьалкхийтира Бештон маьхча Зикара.

– Бешто цӀахь вуй? – аьлла, Бетас хаттар дича, башха боларна чехка а воцчу Зикарс, шен Іаьржачу доккхачу куьйгаца мара а цӀанбина, – вац, хӀун дора ахь цунах?.. – элира.

– Стенга вахана иза? Цхьа чехка гӀуллакх дара-кх сан цуьнца!

– ХӀокху кӀиранах ша марзвеллачу кӀотара вахана ву-кх иза хӀинца а.

– Билггал ваханий иза, хаьий хьуна?

– Дера вахана-кх, соьгара верта а эцна, дӀа-м и…

– Ой, цӀе хала хьо белхан делаӀ, ма дош дацар-кха хӀара дан-м ткъа.

*Бадуев С.*

**Карладаккхарна хаттарш**

1. Муха ду **й** элпан маьӀнаш?

2. Муьлхачу мукъачу аьзнашна хьалха яздо **й**?

3. Муьлхачу мукъачу аьзнашна хьалхахь, хезаш хилахь, ца яздо **й**? Церан метта муьлха элпаш яздо?

4. Мотт кхиаран а, хийцабаларан а маьӀна муха ду?

5. Орфографи стенах олу?
6. ДештIаьхьенан а, дешхьалхенан а нийсаязъяр муха ду?
7. Дешан чаккхенга **н** яздаран хIун маьIна ду?

Меттан законийн Iилманах **грамматика** олу. Грамматика шина декъах лаьтта: морфологих, синтаксисах.

Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а Iамочу Iилманах **синтаксис** олу.

## § 2. Дешнийн цхьаьнакхетарш а, церан тайпанаш а

1. Предложенехь дешнийн вовшашца уьйр хуьлу. Уьйр шишша дош цхьаьнакхеташ нисло, масала: *Дешархоша кест-кеста хаза книгаш йоьшу*. Цу предложенехь вовшашца уьйр йолуш, шишша дош цхьаьна а кхеташ, дешнийн цхьаьнакхетарш хилла. Уьш кху кепара ду:

*1) дешархоша йоьшу,*
*2) книгаш йоьшу,*
*3) хаза книгаш,*
*4) кест-кеста йоьшу.*

Предложенехь пхиъ дош а ду, диъ дешнийн цхьаьнакхетар а ду. Диъ дош делахь, дешнийн цхьаьнакхетар кхоъ хуьлу, и. кх. дI. а. Масала, ялор вай цхьа предложени: *Къона хьехархо юьртарчу ишколе хьеха яхара.*

Предложенехь ялх дош а ду, пхиъ дешнийн цхьаьнакхетар а ду:

*1) къона хьехархо,*
*2) хьехархо яхара,*
*3) ишколе яхара,*
*4) хьеха яхара,*
*5) юьртарчу ишколе.*

Дешнаш уьйрашца вовшахкхетарх **дешнийн цхьаьнакхетар** олу

2. Дешнийн цхьаьнакхетарш тайп-тайпана хуьлу: 1) предложени чохь а, 2) шакъаьстина а, 3) паргIат а, 4) чIагIделла а.

Уьш масалшкахь кху кепара хир ду: *1. КIант ишколе деша вахара* (предложени чохь дешнийн цхьаьнакхетарш). *2. Макка ишколе яхара* (дешнийн паргIат цхьаьнакхетар). *3. ПетIаматан зезагаша хазйинера бецан аре* (дешнийн чIагIделла цхьаьнакхетар).

Подлежащин, сказуемин цхьаьнакхетаро предложенин бух хIоттабо, масала: *Говр ежа*.

3. Дешнийн цхьаьнакхетар предложених муха къаьста аьлча, дешнийн цхьаьнакхетаро, хIуманийн, церан билгалонийн, даран, хиларан цIе яккхарал сов, кхин хIумма а ца гойту, ткъа предложенино, уьш гайтина ца Iаш, царах лаьцна кхиболу хаамаш а бо, я цхьацца гIуллакхех лаьцна хаттар даладо, я муьлхха а цхьа хIума тIедиллар, тIедожор я дехар гойту, я айдар даладо. Цуьнца цхьаьна цо кхочушхилла ойла гойту.

**Шардар 11.** Дика тидам а беш, дIадеша дешнийн цхьаьнакхетарш. Дешнийн цхьаьнакхетарехь долчу коьртачу дашна тIехула **х** хьаьрк а дуьллуш, дIаязде уьш. Билгалде церан грамматически маьIнаш.

Къорза зезагаш, цIен коч, йишин коч, вешин папка, херхаца хадо, къоламца яздан, хаза яздан, чехка яздан, даш лало, кехат яздан, совгIатана яла, безамана яийта, забарина ала, яьшки чу йилла, кора тIе хIотто.

Кеп: *ЦIен коч* (хIума а, цуьнан билгало а); *тукарца хадо* (дар а, и шеца кхочушден гIирс а), *даш лало* (дар а, и шега доьрзу хIума а); *чехка яда* (дар а, цуьнан билгало а); *бегашина ала* (дар а, цуьнан Iалашо а): *книге хьажа* (дар а, цуьнан Iалашо а); *ден костюм* (хIума а, и хьенан ю гойту юьхь а).

**Шардар 12.** Дика тидам а беш, дIадеша. Ша-ша къастош, дIаязъе дийцаран а, хаттаран а, айдаран а, тIедожоран а предложенеш. Коьртачу дашна тIехула х боху хьаьрк дилла. Кхаа предложенин схема хIоттае, дешнийн цхьаьнакхетарш а къестош.

1. ДIаволавелира Элса. (А. Д.) 2. Куьйра ерзийна йоллучу Додас сацийра иза. (А. Д.) 3. Элса, хьайна жимма шар мукъана а малахьа. (А. Д.) 4. Хьо-х тахана хIума а яаза ву! (А. Д.) 5. Собардехьа цхьажимма. (А. Д.) 6. Сийна Терк! Мел сатийсира хьох къурд баре! (I. М.) 7. Теркаца

гӀум гӀаттош, хьекха болабелира цхьа ирча мох. (І. М.) 8. Муьшах кхидӀа каеттар кхераме дара. (І. М.) 9. Айдамар, хи чу эккха… (І. М.) 10. Иза (Циция) меллаша баца тӀе охьахиира.(А. Каз.) 11. Іуьне хьаьжира йоӀ. (А. Каз.) 12. Цуьнга ладогӀа мел хала ду-кх! (А. Каз.) 13. Циция йоьлхуш нара тӀе охьаюьйжира (А. Каз.) 14. Яьссачу меттехь говрашкара охьабиссира уьш. (А. Каз.) 15. Малх къайлабала дикка охьакерчинера.

Кеп: *Ахьмаде корта ластийра Адама.* (Дийцаран предложени).

**Карладаккхарна хаттарш**

1. Дешнийн цхьаьнакхетар муха нисло?
2. Дешнийн цхьаьнакхетаран тайпанаш муха хуьлу?
3. ПаргӀатчу а, чӀагӀделлачу а дешнийн цхьаьнакхетаршна юккъехь хӀун башхо ю?

## § 3. Предложенехь дешнийн уьйр

1. Предложенехь дешнийн вовшашца уьйр хуьлу. Дешнийн уьйр къасто атта ду хаттаршца, масала: *Селхана жима Селисат ишколе яхара*. Цу пхеа дашах лаьттачу предложенехь диъ дешнийн цхьаьнакхетар ду:
1) *Селисат яхара,*
2) *ишколе яхара,*
3) *селхана яхара,*
4) *жима Селисат.*

Предложенехь шайн цхьаьнакхетарехь дешнаш хуьлу коьрта а, дозуш а. Шегара хаттар хӀотточу дашах **коьрта дош** олу, ткъа коьртачу дашо хӀотточу хаттарна жоп лучу дашах **дозуш долу дош** олу. Предложенехь дозуш долчу дашо коьрта дош довзуьйтуш кхетадо. Коьртачу дашо шегара хаттар а хӀоттадой, дозуш долчу даше шеца уьйр тосуьйту, масала:
1) ***мила*** *яхара? –* ***Селисат*** *яхара. Селисата* ***хӀун дира****? – Селисат* ***яхара****;*
2) ***маца*** *яхара? –* ***селхана*** *яхара;*
3) ***стенга*** *яхара? –* ***ишколе*** *яхара;*
4) ***муха*** *Селисат? –* ***жима*** *Селисат.*

Предложенехь дешнийн уьйр уггаре а хьалха шина кепара ю:
1) цхьаьнакхетаран уьйр (сочинительная связь);
2) карара уьйр (подчинительная связь).

Цхьаьнакхетаран уьйрехь дешнаш цхьаьнакхета, цхьабосса бакъо йолуш.

*Бацалахь лепара цӀен а, сийна а, можа а зезагаш. ЦӀен а, сийна а, можа а* бохучу дешнийн цхьаьнакхетаран уьйр ю. Предложенин цхьанатайпанарчу меженийн вовшашца ерг **цхьаьнакхетаран уьйр** ю. Цхьаниссачу мехаллица цхьаьнакхеттачу дешнийн уьйрах **цхьаь-накхетаран уьйр** олу.

Коьртачу а, дозуш долчу а дешнийн уьйрах **карара уьйр** олу. Дозуш долу дош коьртачу дашна карадоьрзуш хуьлу, цундела аьлла цунах **карара уьйр**, масала: *Тракторо латта оху. Оху* ***стен****? –* ***тракторо****, оху* ***хӀун****? –* ***латта.*** Кхузахь коьрта дош ду **оху**, дозуш долу дешнаш ду **тракторо, латта.**

**Шардар 13**. ДӀаеша предложенеш. ДӀаязде, схемаш а хӀиттош, цхьаьнакхетаран а, карара а уьйр гойтуш. Карарчу уьйрехь коьрта а, дозуш долу а дешнаш билгалдаха: коьртачу даша тӀехула хьаьрк **х** дилла. Барта схьадийца, коьрта а, дозуш долу а дешнаш муьлхачу къамелан дакъойх хилла.

1. Марха а, Сайхьат а, Зайнап а ишколе яхара. 2. Яхас библиотекера еша книга еара. 3. Хатуева Бирланта йоза хаза яздо. 4. Веана корреспондент а, Іабдулла а юьрта дӀавахара. 5. КӀант дуткъачу озаца гӀийла воьлхура. 6. Хьайн кхерч ледара ма бита ахь. 7. Айзан ша ехачу юьрта хьехархочун болх бан схьаеара. 8. Асета букъа тӀехула охьахецнера шен Іаьржачу месийн хаза ши чӀаба.

цхьаьнакхетаран уьйр          карара уьйр

Кеп: ***Марха а, Сайхьат а, Зайнап а ишколе яхара****.*

карара уьйр

карара уьйр

карара уьйр

**Шардар 14.** ДӀаязъе предложенеш, схемаш а хӀиттош, цхьаьнакхетаран а, карара а уьйр гойтуш. Карарчу уьйрехь билгалде коьрта а, дозуш долу а дешнаш, коьртачу даша тӀехула хьаьрк **х** дилла. Барта схьадийца, цхьаьнакхетаран а, карарчу а уьйрехь, коьрта а, дозуш долу а дешнаш муьлхачу къамелан дакъойх хилла.

1. БӀаьстенан баца юкъахь лепара цӀен а, сийна а, можа а зезагаш. 2. Яха а, Асет а университете деша яхара. 3. Хаза, тийна, эсала йоӀ яра иза. 4. Иза Дудаева Асет яра. 5. Хаза дара цуьнан дегӀан куц. 6. Иза дика белхало яра. 7. ХасболатгӀарна юххехула охьадогӀу татол дистина дара. 8. Вайна кӀант лаха араелира Базийка. 9. Маржанна гӀенах дуьхьалтуьйсура шен гӀийла кӀант. 10. Со-м хӀинца цӀахь вай. 11. Схьакъиэдачу маьлхан цӀен зӀаьнарш корах чукхеттера. 12. Лулахой а, юьртара нах а схьагулбелира. 13. Асетана Рамзанан амалца осала эвхьазлонаш ца карийра.

*Берсанов Х-А.*

II. Карара уьйр кхаа кепара ю: 1) **бартбар** (согласование), 2) **урхалла** (управление) 3) **тӀетовжар** (примыкание).

1. **Коьрта дош доллучу формане (дожаре, терахье, классе дозуш долу дош хӀотточу уьйрах *бартбар* олу**, масала:

***Жима Адам Ӏуьйранна ишколе деша вахара.***

бартбар бартбар

Цу предложенехь ***жима*** билгалдашо ***Адам*** цӀердашца терахьехь а, дожарехь а барт бо, ***вахара*** бохучу хандашо ***Адам*** бохучу цӀердашца терахьехь, классехь барт бо.

2. **Коьртачу дашо дозуш долу дош дожаре хӀотточу уьйрах *урхалла* олу**, масала:

***Салмана соьга куьг кховдийра.***

урхалла

урхалла

урхалла

Цу предложенехь ***кховдийра*** бохучу хандашо урхалла до *Салмана, соьга, куьг* дешнашна, цо ***Салман*** дош дийриг дожаре, ***со*** дош меттигниг дожаре, ***куьг*** цӀерниг дожаре хӀоттийна.

3. **Дозуш долу дош маьӀница коьртачу дашна тӀетевжачу уьйрах *тӀетовжар* олу**, масала:

бартбар

***Расха говр чехка едира***

бартбар тӀетовжар

Цу предложенехь ***чехка*** куцдош ***едира*** хандашна тӀе а тевжа, иза муха едира кхета а до цо.

Кхузахь гойтур вай предложенехь дешнийн уьйран схема.

бартбар тӀетовжар урхалла

***Жимачу кӀанта сихха схьаийцира шен хаза журнал.***

урхалла бартбар

урхалла

Билгалдаккхар. Шеко ца хилийта, билгалдан мегар ду хӀара бакъдерг: урхаллехь а, тӀетовжарехь а коьрта дош хийцарх дозуш долу дош ца хийцало, ткъа бартбарехь хийцало. Цундела коьртачу дашца цхьаьна дозуш долу дош хийцалахь, хаа деза, иза, урхалла я тӀетовжар доцуш, **бартбар** хилар.

1. Бартбарехь коьртачу дашо дозуш долчу даше шен йолу форма тӀеоьцуьйту: *Жима кӀант ишколе веара.*

2. Урхаллехь коьртачу дашо дозуш долчу даше шен йоцу форма тӀеоьцуьйту: *КӀанта соьга куьг кховдийра.*

**Шардар 15.** ДӀаязде. ХӀора цхьаьнакхетарехь коьрта а, дозуш долу а дешнаш схьакараде. Къастаде, уьш муьлхачу къамелан дакъойх хилла. Коьртачу дашна тӀехула хьаьрк **х** дилла. Къовларшна юкъахь дешнийн цхьаьнакхетарийн уьйр гайта.

Сийна коч – сийначу кучаца; дешархойн отряд – дешархойн отрядо; тхан класс – тхан классехь; шолгӀа бригада – шолгӀачу бригадо; цӀен коч – цӀечу кучаца; деша ваха; хаза яздан; йоӀа олу; кхетош дийца; кӀант вогӀу; йоӀ йогӀу; жима кӀант – жимачу кӀанта; жима йоӀ – жимачу йоӀа; коран рама; цӀийнан кор; чамди чу йилла; кора тӀе хӀоттае; кӀеда латта – кӀедачу латтах; чехка мох – чехкачу мохо; вешин кӀант – вешин кӀанта; говр едда – говраш евдда; Яха а, Асет а; сийна а; йоккха а, жима а.

Кеп: *ЦӀен коч – цӀечу кучаца* (бартбар), *коч, кучаца* – цӀердашах хилла коьрта дешнаш, *цӀен, цӀечу* – билгалдашах хилла дозуш долу дешнаш, *цӀен а, сийна а* – билгалдешнех хилла дозуш долу дешнаш (цхьаьнакхетаран уьйр); *чехка яздо* (тӀетовжар), *яздо* – хандош (коьрта дош), *чехка* – куцдош (дозуш долу дош), *кӀанта боху* (урхалла), *боху* – хандош (коьрта дош), *кӀанта* – цӀердош (дозуш долу дош).

**Шардар 16.** ДӀадеша. Дешнийн цхьаьнакхетаршкахь коьрта а, дозуш долу а дешнаш билгал а даха, уьш муьлхачу къамелан дакъойх хилла барта схьа а дийца. ДӀаязъе, схемаш а хӀиттош, бартбаран, урхаллин, тӀетовжаран карара уьйр а, цхьаьнакхетаран уьйр а гойтуш. Кхаа предложенин схема кхачаме хир ю.

1. Геннара схьахеза лоха аз. 2. Стигалан малхбузехьарчу йистехь кхоьлина гора седарчий. (М. Ш.) 3. Сатоссучу заманчохь Дауд самаваьккхира Майрбека. 4. Оцу миноташкахь дуьйна ойланашка вуьйжира Мокхаз. (I. Г.) 5. Мокхаза Кхокхина тӀаьхьа мохь туьйхира. (I. Г.) 6. Кхокхин дог сиха тохаделира. (I. Г.) 7. Таллам ас хӀинца дӀаболор бу. (I. Х.) 8. Хьоьгара даьллачу дикан-на ас баркалла боху хьуна. (I. Х.) 9. ДогцӀеначуьнца иштта воцург ямарт ву. (I. Х.) 10. Меллаша цӀийнан кор дӀадиллира йоӀа (П.) 11. Йишас шега елла чӀуг сихха ножан хари чу йиллира кӀанта. 12. Жимачу Амината йоза хаза а, цӀена а яздо. 13. Говро кӀедачу латтах шозза берг туьйхира. (М. Г.)

бартбар (урхаллица)

цхьаьн. уьйр

Кеп: ***Жимачу Амината йоза хаза а, цӀена а яздо.***

бартбар тӀетовжар

урхалла

**Шардар 17.** Тидам а беш, дӀадеша. Дешнийн цхьаьнакхетаршкахь коьрта а, дозуш долу а дешнаш къастаде. Барта схьадийца, и дешнаш муьлхачу къамелан дакъойх хилла.

ДӀаязъе, схемаш а хӀиттош, **бартбаран, урхаллин, тӀетовжаран** уьйраш билгал а еш.

1. Ватта, цу берзан Іуьрга дуьгуьйту-кх Руслана шен къона нускал! (М. И.) 2. Атта ца яхийтира Руслана шен жима зуда БаевгІаьрга. (М. И.) 3. Цундела ца вуьтура иза даго цига ваха.

(М. И.) 4. Кест-кеста стоьла хьалха охьалахлора Руслан. (М. И.) 5. Мерза наб озийнчу жимачу бере сих-сиха хьожура иза. (М. И.) 6. Ма лерина а хьоьжу иза хIинца йоIе! (М. И.) 7. Шена еллачу кIадине хьаьжира Забу. (I. Х.) 8. Кхуьнан шичан зуда Курбика хьалагIаьттира. (I. Х.) 9. Забу аннаш тIе теснaчу палса тIе меллаша охьахиира. (I. Х.) 10. Курбикина хьалха охьакхоьссира цо ша еана кIади. (I. Х.) 11. Буьйса йоьхна еанера. (I. М.) 12. Мох мелла а гIел-белира (I. М.) 13. ДогIа цIеххьана сецира. (I. М.) 14. Сихха буьне хьаьдира воккха Ларка (I. М.)

**Шардар 18.** ДIа а доьшуш, барта схьадийца, предложенешкахь долчу дешнийн цхьаьнакхетаршкахь коьрта а, дозуш долу а дешнаш муьлхарш ду а, уьш муьлхачу къамелан дакъойх хилла а. Схемаш а хIиттош, дIаязъе кхо предложени. Дешнийн **бартбаран** а, **урхаллин** а, **тIетовжаран** а уьйраш гайта схемехь.

1. Арахь буьрса хьоькхучу мохо ЗайнагIеран цIийнан агIо чутуьйхира... (С. Б.) 2. ТIаккха хIара чехка цу цIийнах гIортийна йоллучу дечках тасавелира. (С. Б.) 3. Малх баьццарчу бархатан регIа тIехьа чубузуш лаьттара. (С. Б.) 4. Цо шен лепарца кху юьртан цхьа агIо цIийинера. (С. Б.) 5. Цу цIеношна хьалхарчу акхтаргаш тIехь а, дитташ тIехь а суьйранна декачу олхазарийн гIовгIанаш яра хезаш. (С. Б.) Цуьнан когара кIайн ши пазат, цуьнан еха коч санна, кIайн яцара (С. Б.) 7. Бусана шена тIеккхача воллучу Бештога хьаьжира. (С. Б.) 8. Цуьнан цIечу беснеш тIе кегийра кIаьгнаш хIиттинера. (С. Б.) 9. Iумар бертал вуьйжира. (С. Б.) 10. Яьлла топ Iумарна букъа юккъе кхийтира. (С. Б.) 11. Сийна бIаьргаш болчу жимачу йоIа дехар дира Наташега.

**Карладаккхарна хаттарш**

1. Предложенехь дешнийн уьйр стенца къасто атта хуьлу?
2. Дешнийн цхьаьнакхетаран уьйр мухачух олу?
3. Дешнийн карара уьйр стенах олу? Коьрта а, дозуш долу а дешнаш стенах олу?
4. Карара уьйр маса кепара ю?
5. Бартбар стенах олу?
6. Урхалла стенах олу?
7. ТIетовжар стенах олу?
8. Бартбарехь, урхаллехь, тIетовжарехь коьрта дош хийцарца дозуш долу дош хийцалой? Бахьана хIун ду? Бартбаран, урхаллин, тIетовжаран коьрта билгалонаш муха ю? Шеконца хала меттиг нисъелча, урхаллех бартбар мича билгалонца къаьста?
9. Бартбарехь коьрта а, дозуш долу а дешнаш муьлхарш хила тарло?
10. Урхаллехь коьрта а, дозуш долу а дешнаш муьлхарш хуьлу?
11. ТIетовжарехь коьрта а, дозуш долу а дешнаш муьлхарш хила тарло?
12. ТIетовжарехь дешнийн уьйр маьIница хIунда хуьлу? Цуьнан маьIна муха ду?

## ПРЕДЛОЖЕНИН КОЬРТА МЕЖЕНАШ

### § 4–5. Предложенин коьрта меженаш

1. Нохчийн маттахь предложенин коьрта меже кхоъ ю: **подлежащи, сказуеми, нийса кхачам**.

**Предложенехь шех лаьцна дуьйцучу коьртачу меженах *подлежащи* олу**.

Масала: *Бешахь **олхазарш** дека. Арахь **говр** ежа.*

Подлежащи хуьлу грамматически а, логически (маьIнин) а, хIунда аьлча, вайн маттахь подлежащи шен грамматически формица а, маьIница а хила тарло.

**Грамматически подлежащи** олу цIерниг дожарехь формица) долчу подлежащих, масала: ***Яха** ишколе яхара*.

Дийриг, лург, меттигниг дожаршкахь маьIница нислучу подлежащих **логически (маьIнин) подлежащеш** олу, масала: ***Салмана** дешар дика Iамадо. **Салманна** дешар дика хаьа. **Салмане** дешар дика Iамало.*

Подлежащина хаттараш хIиттадо: **мила? хIун?** я **хьан? стен?** я **хьанна? стенна?** я **хьаьнга? стенга**?

Нохчийн маттахь хандош-сказуеми цIерниг, дийриг, лург, меттигниг диъ дожар лохуш хиларна а, цу хандашо-сказуемино шеца барт беш я урхалла деш хиларе хьаьжжина а, цу деа дожарехь лела вайн маттахь подлежащи.

2. **Подлежащих лаьцна дуьйцучу, подлежащин дар я хилар гойтучу коьртачу меженах *сказуеми* олу**. Сказуемино жоп ло **хIун до? хIун хуьлу? хIума хIун ю? мила ву? муха ю? маса ю? хьенан ю?** хаттаршна: *Бераш буьрканах **ловзу**. Гурахь арахь **шелло**. Деши **металл ду**. Лермонтов **поэт ву**. И книга **хаза ю**. Иза **сан ю**. Иза **цхьаъ ю***.

3. **ЦIерниг дожарехь а лаьтташ, подлежащин дар я хилар шена тIедоьрзучу дашах *нийса кхачам* олу**. Масала: *Говро **буц** юу. Дешархоша **книгаш** йоьшу. Яздархочо **произведенеш** язйо. Оха **латта** оху*.

Нийсачу (цIерниг) дожарехь лаьтташ а, сказуемино шеца терахьехь я классехь барт беш а хиларна, **нийса кхачам** нохчийн маттахь **предложенин коьрта меже** лерина.

### Подлежащин хилар

Подлежащи уггар а хьалха цIердашах хуьлу, масала: ***Хьасан** сихонца кечвелира. **Трамвай** схьакхечира. **Буьйса** Iаьржа яра*.

Подлежащи кхечу къамелан дакъойх хила а тарло, цIердешан маьIнехь уьш хилахь, масала:

1. ЦIерметдашах а хуьлу подлежащи. ***Со** балха вахара*.

2. Лаамечу билгалдашах а хуьлу подлежащи. ***Воккханиг** берашна хьехар деш вара*.

3. Лаамечу масаллин а, рогIаллин а терахьдешнех хуьлу подлежащеш: ***Цхьаъ** схьавеара, ткъа **шолгIаниг** дIавахара*.

4. Лаамечу причастих а хуьлу подлежащи: ***ТIехвериг** вистхилира. **Вистхилларг** дIаволавелира*.

5. Масдарх а хуьлу подлежащи: ***Дешар** – серло, **цадешар** – бода. (Кица)*

6. Хандешан билгалзачу кепах (инфинитивах) а подлежащи хила тарло: *ХIусамехь **даа-мала** шорта дара*.

7. Нагахь цIердешан маьIнехь хилахь, айдардашах а подлежащи хила тарло: *И **«ура»** дика деара. (И дош дика деара). **«Ура»** геннахь а хезаш дара*.

8. Цхьана мехаллица, цхьа маьIна а долуш, цхьаьнакхеттачу дешнех хIоттаман подлежащи хуьлу, масала: ***ГIиллакх лардар** дика ду. **Хьехархо хилар** атта гIуллакх дац. **Лев Николаевич Толстой** дуьненахь а воккха яздархо ву. **Кхузза кхоъ** исс ду. **Ши стаг** тIевеара тхуна. **Эхь-бехк лардар** оьздангалла ю. **Л. Толстойс** бусалба дин тIеэцна хилла. 1909-чу шеран 15-чу мартехь ша яздинчу кехат тIехь цо чIогIа хастийна магометанство. **М. Мамакаев** нохчийн воккха а, говза а яздархо ву*.

**Шардар 19.** ДIадеша, караде подлежащеш, сказуемеш. Схьадийца, уьш муьлхачу къамелан дакъойх хилла. ДIаязде. Подлежащина кIел цхьа сиз, сказуемина кIел ши сиз хьакха.

1. Хьаша юха а вистхилира. (С. Б.) 2. Со кхин хьуна декар дац, ас сайн гIайгIа хьуна кхин ялхор яц. (С. Б.) 3. Говран урх малйира ас. (М. М.) 4. Цхьа итт гIулч бен суна гена йоцуш, цхьана хIуманна ша бехкала яхча санна, корта охьа а бахийтина, лаьттара Бораниг [1]. (М. М.) 5. Воккханиг хьехар деш вара. 6. Хаза хьийкъинчу муьстарган сийна гIа Iаьвшира Зеламхас. (М. М.) 7. Еана чуелира хIусамнана. (М. М.) 8. Улло охьахиира иза. 9. Цомгашниг сихха товелира. 10. ВорхI цхьаьнга хьежац. *(Кица)* 11. Цхьаъ дIавахара, ткъа шолгIаниг тхуна тIевеара. 12. ТIехволучо меллаша тхан кор туьйхира.

**Шардар 20.** Подлежащешна кIел сиз а хьоккхуш, дIаязъе предложенеш. Къовларшна юккъехь билгалде грамматически а, логически (маьIнин) а подлежащеш а, уьш муьлхачу къамелан дакъойх хилла а.

1. Майрбек дIавоьллина пхи-ялх де даьллера. (М. Я.) 2. Чохь цхьацца дезарш деш лелаш кхеран нус Серижа а яра. (М. Я.) 3. Хьехархо хилар атта гIуллакх дац. 4. ГIиллакх хилар дика гIуллакх ду. 5. ХIусаман Iодика а йина, тхо новкъадевлира. (М. Я.) 6. Наггахь чуьра арайолий, гIуллакхаш деш йоллуш хаалора цунна Куьлсати. (А. Д.) 7. Къайле ян гIоьртира иза. (А. Д.) 8. Арубикин ши бIаьрг лепара… (А. Д.) 9. Болар чехкадаьккхира Элсас. (А. Д.) 10. Юха а коьрте хьаьвзира селхана хилларш. (А. Д.) 11. Юха а араелира Анна Львовна. (М. С.) 12. Iуьйрре

дуьйна къинхьегамхой берриш а белхан аренашкахь бохкура. (М. С.) 13. Шен кабинета чохь вара Мамакаев. (Р. Х.) 14. Ахь новкъаяьккхи елара иза!..

**Шардар 21.** Схьаязъе текст. Подлежащина кIел **цхьа сиз**, сказуемина кIел **ши сиз**, нийсачу кхачамна кIел **ситтина сиз** хьакха. Барта схьадийца, грамматически а, логически (маьIнин) а подлежащеш муьлхарш ду а, уьш муьлхачу къамелан дакъойх хилла а.

1. Билеташ а эцна, кинозала чу вахара ши доттагI. Йоккха гIовгIа лаьттара чохь, вовшашка маьхьарий деттара бераша. Хийлазза яйна кино «Даймохк» яра тховса гойтуш. ХIетте а, догдогIуш хьаьвсира берриш а.

Вайн дайша, шаьш-шайн ца кхоош, лелийнарш карладохучу, иллешца буьйцучу дикачу къонахойх дара догмайрачу турпалан Ханпашин васт а.

2. Хийлазза хьежна хир ву цуьнга Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь фашистех леташ хьуьнарш дахарна Советски Союзан Турпалхочун цIе тиллина волу Нурадилов Ханпаша а. ХIораннан а дагахь бу оцу халкъан турпалхойх тарвала лаам.

ЦIа вогIуш, Салахьа хаьттира:

– Хьуна муха хийтира кино?

– Дика хийтира.

*Гайсултанов I.*

**Шардар 22.** Кхул хьалхарчу шардарехь санна болх кхочушбе кхузахь а. Цул сов, дешнийн **бартбаран, урхаллин, тIетовжаран** уьйраш а къастош, шина предложенин схема хIоттае.

1. Гуьйренан денош хаза лаьттара. Йочунаш юьйлаялале бохуш, хаддаза беш бара арара белхаш. Комбайнаш ремонташ ян дIа а хIиттийна, трактора тIехь болх беш вара ЯрагIий, Абумуслиммий. Дийнахь а, буса а деш дара Iаьна кIел охунаш. Сахиллалц болх а бина, цIа веана дIавижнера ЯрагIи.

Амма дукха ца Iиллира иза наб еш. Туькана яхана йогIучу Iайнаа неI йиллича, самавелира ЯрагIи.

## Карладаккхарна хаттарш

1. Нохчийн маттахь предложенин коьрта меже маса ю?
2. Подлежащи стенах олу?
3. Подлежащи маса кепара хуьлу?
4. Грамматически подлежащи муьлхачух олу?
5. Логически (маьIнин) подлежащи стенах олу?
6. Сказуеми стенах олу?
7. Нийса кхачам стенах олу?
8. Подлежащи муьлхачу къамелан дакъойх хуьлу?
9. ХIоттаман подлежащи муха хуьлу?

## § 6. Хандешан цхьалхе сказуеми

Дукхахьолахь сказуеми хандашах хуьлу.

Деккъачу хандашах хилла сказуеми хандешан цхьалхе сказуеми ду. Сказуеми шех хуьлучу хандешан кепах (форманах) **хандешан саттам** олу. Хандешан цхьалхе сказуеми хуьлу **билгалчу** а, **лааран** а, **тIедожаран** а, **бехкаман** а саттамийн хандешнех: *Ас машарх лаьцна керла стихаш* ***язйийр яра*** (бехк. сат.).

Сказуемеш хуьлу **хандешан цхьалхе** а, **цIеран хIоттаман** а, **хандешан хIоттаман** а.

**Шардар 23.** ДIаеша лахахь ялийна предложенеш. ДIаязъе. Хандешан цхьалхечу сказуемина кIел сиз хьакха, къовларшна юкъахь гайта шех сказуеми хиллачу хандешан саттам.

1. Иза-м вуно атта къастор ду. (М. Я.) 2. Майрбек сихха аравелира. (М. Я.) 3. Арахь чIогIа стигал къекъара. (М. Я.) 4. Дукха хан ялале Секимат кхечира Марижина тIе. (М. Я.) 5. Колхозникаш самукъане бийлабелира (Р. Х.) 6. НогIаша а, чергазаша а шайн турпала ши стаг

латийтина. (Нохчийн фольклор.) 7. Аьлбика шен ненахоша шаьш долчу дIайигира. (С. Б.) 8. Хьасан Iумарца воьдура иза кIотара дIаккхето. (С. Б.) 9. Сих ма ло, доттагI! Кестта хьайн да хьуна гаре сатуьйсур ду вай. (С. А.) 10. Иштта дIаала ахь. (С. А.) 11. Лекхачу орцан басахь жимо кIотар гора. (С. Б.) 12. Кхуьнан жима дог тохаделира (С. Б.)

**Шардар 24.** ДIаязъе предложенеш. Хандешан цхьалхечу сказуемина кIел сиз хьакха, къовларшна юкъахь иза муьлхачу саттаман хандашах хилла а гойтуш.

1. Схьаккхеташ лаьттачу маьлхан зIаьнарша самаяьккхира иза (Маша). (П.) 2. Марья Кирилловна, йист а ца хуьлуш, йоьлхура. (П.) 3. Кхунна ца евзачу, хьийзийна гиччош а долуш йолчу къоначу зудчо неI дIайиллира. 4. Цхьаъ хоттуш санна, Пашега хьаьжира иза. 5. Паша ца вевзира цунна. 6. Чуьрнаш тоххарехь охьабийшинера. 7. Схьадийцал, хIун гIуллакх долуш веана хьо. 8. Кехата тIе масех дош яздира цо. 9. Гуттар а санна денош дIаоьхура. (А. Каз.) 10. Хьал ма леха, стаг лахал ахь… (А. Каз.) 12. Стенна хьеелла техьа йоI? ХIун хилла техьа? Кхана хуур ду дерриге а… (А. Каз.) 13. Вера хIора дийнахь а го суна. (Л.)

## § 7. ЦIеран хIоттаман сказуеми

1. ЦIеран хIоттаман сказуеми цIеран декъах а, гIоьнан хандешан хоттамах а лаьтташ хуьлу. **ЦIеран декъах а, гIоьнан хандешан хоттамах а лаьттачу сказуемих цIеран *хIоттаман сказуеми* олу**, масала: *Пушкин **поэт ву.** Кинофильм **хаза яра**. И книгаш **сан ю**. Шозза шиъ **диъ ду**. Суворов **полководец ву***.

ЦIеран хIоттаман сказуемина хIара хаттарш хIиттадо: **иза мила ву? хIун ю? муха ю? стенан ю? маса ду? мосалгIа ю? хIун деш ю?** Масала: *Л.Н. Толстой **яздархо ву**. Деши **металл ду**. Арахь **шийла ю**. И тетрадаш **тхан ду**. Шозза кхоъ **ялх ду**. Иза **шолгIа ву**. Селиматтий, Iайнаъий, Асеттий **хьоьхуш ю***.

2. ЦIеран хIоттаман сказуемин цIеран дакъа **цIердашах, билгалдашах, терахьдашах, цIерметдашах, причастих, деепричастих, куцдашах** хуьлу, ткъа хоттам **ву, хуьлу** гIоьнан хандешнех хуьлу, масала: *Со **дешархо ву**. Шозза диъ **бархI ду**. Иза **сан ю**. Гиома **йижаза яра**. Азман **дешна ю**. Яха **марехь ю**. Иза **доьшуш ю**. Суьйре **шийла хуьлу**. Луизин цIен коч **хаза ю***.

3. ЦIеран хIоттаман сказуемехь хоттам хилла **ву, хуьлу** боху гIоьнан хандешнаш лелла а ца Iа, хоттам хила тарло **хета, ган, лара, дан, каро** бохучу хандешнех а, масала: *хьекъале **хета**, хьекъале **ю**, хьекъале **карийра**, кхеташ **лору**, бакъ **во**, нийса **лору***.

ЦIеран хIоттаман сказуеми дешнийн цхьаьнакхетарх хила а тарло, масала: *И шура **тIо санна ю** (муха ю?). И жижиг **дума санна ду** (муха ду?)*.

4. ЦIеран хIоттаман сказуемехь цуьнан лексически коьрта маьIна билгалдеш цIеран дакъа ду, масала: *Лермонов **поэт ву**. Гурахь суьйре **шийла хуьлу**.* Ткъа грамматически маьIна гойту гIоьнан хандашах хиллачу хоттамо.

**Шардар 25.** ДIаязъе предложенеш, къовларшна юкъахь хандешан цхьалхе а, цIеран хIоттаман а сказуемеш билгал а дохуш.

1. Арахь шелъелла. 2. Арахь шийла ю. 3. Л.Н. Толстой дуьненахь а воккха яздархо ву. 4. А.С. Пушкин воккха поэт ву. 5. ГIали йистерчу ширачу паркехь тийна ду. 6. Зуламхочо ен куралла бегашина хийтира суна. (П.) 7. Шина хьешана хьалхавелира Гада. (Р. Х.) 8. Дика ду. Хьовсур ду тхо. (Р. Х.) 9. Доьзал жима бара. (Р. Х.) 10. Чехка дена тIевеара иза. (Р. Х.) 11. Бадуев С. нохчийн воккха яздархо ву.

**Шардар 26.** ДIаязде, хандешан цхьалхе а, цIеран хIоттаман а сказуемеш къовларшна юкъахь билгал а дохуш.

1. Со цу гIуллакха тIехь цIена ву. 2. И книгаш дешархойн ю, ткъа хIорш сан ю. 3. Кхо бIе стаг дIаоьхура адам доцчу десачу урамашкахула. 4. ГIала йижна яра. 5. Трубка охьайиллира цо. 6. Иза хьуьлла Iачу йоьIан ю? И яьшка хьенан ю? 8. Иза-х хIинца а жима ву. 9. Дахаран новкъахь йолу и йоI доккха ирс ду. 10. Зайнап суна евзаш ю. 11. Асет цунна ца евза. 12. Иза цунна дика хаьа.

## § 8. Подлежащиний, цIеран хIоттаман

**сказуеминий юккъехь тире**

1. Нохчийн маттахь цӀеран хӀоттаман сказуеми коьртачу декъана шеца **хоттам болуш**, оьрсийн маттахь **хоттам боцуш** хуьлу, масала: *Пушкин* ***поэт ву***. (Дуста: *Пушкин* – ***поэт***).

2. Нохчийн маттахь сказуеми хоттам боцуш ала тарло **кицанехь** а, **стихашкахь** а, **цӀеран дакъа терахьдашах** хиллехь а, **сноскехь дош довзуьйтуш** а, масала: *Мало –* ***хало****. (Кица) Хазалла –* ***сарралц****, дикалла –* ***валлалц****. (Кица) Дешар –* ***серло****, цадешар –* ***бода****. (Кица) Шозза шиъ –* ***диъ****. Сал –* ***барз****. Фольклор –* ***халкъан барта кхолларалла***.

*Цхьана агӀор –* ***хи****, вукху агӀор –* ***лам****. Къахьегар – сийлалла, болх цабар –* ***сонталла****, кӀадо яр, мало а –* ***доьналлин мостагӀа****.* (З. Д.)

3. Хоттам боцуш алахь, подлежащиний, цӀеран хӀоттаман сказуеминий юккъе **тире** юьллу. Нагахь хоттам хилахь, **тире** ца юьллу, масала: *Шозза кхоъ –* ***ялх****.* (Амма: *Шозза кхоъ* ***ялх ду***).

4. Ӏилманан декъехь дуьйцучохь цӀеран хӀоттаман сказуеми хоттам болуш оьрсийн маттахь а олу, масала: *Язык* ***есть*** *тело мысли*. (Нохчийн маттахь: *Мотт ойланан дегӀ ду*).

5. Подлежащиний, цӀеран хӀоттаман сказуеминий юккъехь **иза** боху цӀерметдош хилахь, цунна хьалха, хоттам хиларе хьаьжна доцуш, **тире** юьллу, масала: *Хьанал къахьегар а, дика дешар а –* ***иза*** *вайн коьрта декхар ду*.

**Шардар 27.** ДӀаязде, подлежащина кӀел цхьа сиз а, сказуемина кӀел ши сиз а хьокхуш. Подлежащиний, сказуеминий юккъе йогӀучу тире йилла.

1. Яхин йиша отличница ю. 2. Султан дика спортсмен ву. 3. Волга Европехь уггаре а доккха хи ду. 4. М. Сулаев яздархо а, лор а ву. 5. Л.Н. Толстой дуьненахь а воккха яздархо ву. 6. Шозза шиъ диъ ду. 7. Шозза шиъ диъ. 8. Кхузза кхоъ исс ду. Кхузза кхоъ исс. 10. Фонетика къамелан аьзнийн Ӏилма ду. 11. Морфологи дешнийн форманийн а, къамелан дакъойн а Ӏилма ду. 12. Аьхка мало Ӏай хало. *(Кица)* 13. Хазалла сарралц, дикалла валлалц. *(Кица)* 14. ГӀад-буто сийна Терк доккха а, нуьцкъала а, чехка а хи ду. 15. ХӀума хаар нахе ладогӀар. *(Кица)* 16. Юург дегӀан кхача, наб син кхача. *(Кица)* 17. Лелар кӀентан ирс. *(Кица)* 18. Дешар серло, цадешар бода. *(Кица)*

**Шардар 28.** ДӀаязде, подлежащина кӀел цхьа сиз а, сказуемина кӀел ши сиз а хьокхуш. Подлежащиний, сказуеминий юккъе йогӀучу тире йилла.

1. Сонтачу стеган хьекъал вистцахилар ду. *(Кица)* 2. Сихалла сонталла, собар кхетам. *(Кица)* 3. Дика дин боьршачу стеган тӀам. *(Кица)* 4. Дуьненан хьал могашалла ю. *(Кица)* 5. ВоӀ воцу да бохь бойна хен. *(Кица)* 6. Мало хало. *(Кица)* 7. Халкъан ницкъ бухбоцу шовда. *(Кица)* 8. Цхьана агӀор керт ю, вукху агӀор беш. 9. Ча докъар дац. *(Кица)* 10. Стеган мах цо ша хаддийнарг бу. *(Кица)* 11. Цахуург хаттар хьекъал ду. *(Кица)* 12. Вонна дарба хан ялар ду. *(Кица)* 13. Дош хьоза дац, дӀадодий – лацалур дац хьоьга. *(Оьрсийн кица)* 14. Пхьоьханахь белам кхерчахь бала. *(Кица)* 15. Дика хила хала ду, вон хила атта ду. *(Кица)* 16. Вина мохк мерза бу. *(Кица)*

## § 9. Хандешан хӀоттаман сказуеми

1. **Хандешан билгалзачу кепах *инфинитив* олу. Инфинитиваххий, муьлххачу а саттаман гӀоьнан хандашаххий хиллачу сказуемих *хандешан хӀоттаман сказуеми* олу**. Масала: *Суна книжка* ***еша лаьа****. Яхина книжка* ***еша хаьа****. Асет книжка* ***еша юьйлира****. Со Хазман* ***ган хьожур ву****. Суна цхьа а туьйра* ***хаа-м ца хаьа***. (А. Г.)

Хандешан хӀоттаман сказуемина хӀара хаттарш хӀитто тарло: **хӀун дан лаьа? хӀун дан хаьа? хӀун дан юьйлира? хӀун дан кечвелира? хӀун дан волало? хӀун дан хӀутту? хӀун дан вулу? хӀун хила дулу? хӀун дан кхуьу? хӀун дан гӀерта? хӀун дан хьожу? хӀун хила мега? хӀун хила тарло?** Масала: *деша лаьа, деша хаьа, деша юлу, деша кечло, деша йолало, деша хӀутту, деша гӀерта, деша хьожу, шелъяла мега, шелъяла тарло*.

2. Хандешан хӀоттаман сказуемин коьрта дакъа инфинитив ю, гӀоьналлин дакъа гӀоьнан хандош ду, хӀунда аьлча инфинитиво сказуемин лексически коьрта маьӀна гойту, ткъа гӀоьнан хандашо и маьӀна гайта гӀо а до, сказуемин грамматически маьӀна а гойту, масала: *Дешархой экскурсе* ***баха кечбелира****. Яхас книга* ***еша йолийра****. Суна хьоьца деша* ***ваха луур дара***.

3. Хандешан хӀоттаман сказуемехь инфинитиваца цхьаьна лиэла тарло хӀара гӀоьнан хандешнаш: ***лаа, доло, дола, гӀерта, тара, кечвала, хаа, хӀотта, мага, хьажа, волавала,***

***тардала, тохавала, тига, сихвала, ялла, озо, хьаха, эша, деза, кхиа, кхиаяла***. Масала: *деша лаьа, деша доладо, деша кхиало, деша хаьа, деша хIутту, деша кечло, деша тохало, деша мега, деша хьожу, деша волало, деша тарло, деша сихло, деша йоллу, велха озийра, хила хьаьхна, деша кхуьу, деша деза, деша оьшу, деша вулу, деша гIурту (я гIерта), деша кечло*.

**Шардар 29**. ДIаязде, хандешан цхьалхе а, хIоттаман а сказуемеш къовларшна юкъахь билгал а деш.

1. Когийн, куьйгийн пIелгаш цхьабосса дац. *(Кица)* 2. Дешар – серло, цадешар – бода. *(Кица)* 3. Хазалла – сарралц, дикалла – валлалц. *(Кица)* 4. Шозза шиъ диъ ду. 5. Кхузза кхоъ исс ду. 6. Дешархой хьехархочуьнца экскурсе бахара. 7. Дешархой хьехархочуьнца экскурсе баха кечбелира. 8. ТIом лагIлуш лаьттара. Сатаса доладелира. 9. Султан меллаша Совдате хьаьжира.

**Шардар 30.** Кхул хьалхарчу шардарехь йина задани кхочушъе кхузахь а. Хандешан цхьалхе а, цIеран хIоттаман а, хандешан хIоттаман а, ийна хIоттаман а, хандешан чолхе а сказуемеш билгалдаха.

1. Сагатдала доладелира цуьнан. 2. Тома сакъера яха араяла кечлуш йоллура. 8. Паша чувахара. 4. Иза сацо ца кхиира Тома. 5. Дера билггал хаа-м хаац суна. (Р. Х.) 6. И ца хин долу гIуллакх дита-м ца бохкуний уьш. (Р. Х.) 7. Бай-латта дара охуш. (Р. Х.) 8 Асет ишколе яха кечъелира. 9. Туьран-тоьпан чов йирзина, меттан чов ерза тигац. *(Кица)* 10. Луизина Тоита йовза а ца евзира. 11. Шен йишина сагатдала доладелира цуьнан. 12. Арахь йовха хила йолаелира. 13. Хи гуттар а цхьана хорша лелац. *(Кица)* 14. Зина дешна яьлла. 15. Маккина деша лаьа. 16. Яха хьалххе Iуьйранна ишколе яхара. 17. Дагмарас йоза хаза а, цIена а, нийса а яздо. 18. Iарби Мамакаев нохчийн поэзин классик ву. 19. Мохьмад Гадаев говза поэт ву. 20. Пайзулаева Хеда педколледж чекхъяьккхина, хьуьнаре къона хьехархо ю. 21. Дешиева ХIатIамат гIиллакхе а, дика кхеташ а студентка ю. 22. Хусиева Асет дешар дика а, тIех дика а Iамо лууш а, Iамош а ю. 23. Къоначу хьуьнаречу хьехархочо Мамакаева Ларисас шен пхи шо кхаьчначу жимачу кIанте Мохьмаде нохчийн поэтийн стихаш шера дагахь еша Iамаяйтина. 24. Цу жимачу кIанта къастош шера а, хаза а дагахь йоьшу Мамакаев Эдика берашна язйина жима поэма а, Джамалханов Зайндис язйина «Горгали бекар бу (11-чу классан дешархошка)», «Безаман къайленаш» цIераш йолу стихаш а. 25. Халкъан поэтан Шайхи Арсанукаевн «Ненан мотт» а, «Мохкбегор», «Нийсонан илли», «Нагахь хьан гIо оьшуш…», «Лаьа суна», «Сан доIе», «Лаьттан монолог» цIераш йолу стихаш кIорггерчу философски хьекъалца язйина, адамийн дегнаш тIе кхочуш башха стихотворенеш ю. 26. Абузар Айдамиров вевзаш волу халкъан яздархо ву. 27. Говзачу поэта Юсупов Iазима яздина иллиалархоша хазачу мукъамехь олуш долу дуккха а башха иллеш. 28. Ритман башхаллашца церан мукъамаш а къестош, боккхачу кечамца иллеш яздан волало иза. 29. Иштта ритман башхаллашца мукъамаш а къестош, башха иллеш яздора нохчийн поэзин классика Iарби Мамакаевс. 30. Ахмадова Мадина, доьналлица дешар дика а, тIех дика а Iамош, хьуьнаре студентка-заочница ю.

### Карладаккхарна хаттарш

1. Хандешан цхьалхе сказуеми стенах олу?
2. Хандешан саттам стенах олу?
3. Хандешан муьлхачу саттамех хуьлу хандешан цхьалхе сказуеми?
4. Сказуемийн тайпанаш муха ду?
5. ЦIеран хIоттаман сказуеми мухачух олу?
6. ЦIеран хIоттаман сказуемин цIеран дакъа стенах хуьлу?
7. Подлежащиний, цIеран хIоттаман сказуеминий юккъе тире маца юьллу?
8. Хандешан хIоттаман сказуеми мухачух олу?
9. ЦIеран хIоттаман а, хандешан хIоттаман а сказуемешкахь коьрта дакъа а, гIоьналлин дакъа а муьлха хуьлу?
10. ХIоттаман сказуемино подлежащица а, нийсачу кхачамца а барт муха бо?

## ПРЕДЛОЖЕНИН КОЬРТАЗА МЕЖЕНАШ

Предложенин коьртаза меженаш ю: **лач кхачам, къастам, латтам**.

Предложенехь коьртаза меженаш хаттаршца билгалйоху.

Масала: ***Шерачу арахь сов чехка керчайо цIерпошто чкъургаш.*** (Х. Э.)

Кху предложенехь хIара коьртаза меженаш ю: (мичахь керчайо?) ***арахь* – латтам**; (муьлхачу арахь?) ***шерачу* – къастам;** (муха керчайо?) ***сов чехка* – латтам**.

***Ас сийдо сайн ненан***.

Кху предложенехь коьртаза меженаш хIорш ю: (сийдо хьенан?) ***ненан* – лач кхачам**; (муьлхачу ненан?) ***сайн* – къастам**.

## § 10. Лач кхачам

**Шардар 31**. ДIадеша дешнийн цхьаьнакхетарш. Билгалдаха коьрта а, дозуш долу а дешнаш. Муьлха меженаш ю коьрта дешнаш? Муьлха меженаш ю дозуш долу дешнаш? Муьлхачу хаттаршна жоп ло цара? Билгалъяха уьйраш.

*ДоттагIчух дийца, сол дика, вешица вахара, нене хаьттира, Банатина хийтира.*

**Дожарийн хаттаршна жоп луш, хIума билгалъеш йолчу предложенин меженах *кхачам* олу**.

Кхачам шина кепара хуьлу: **нийса кхачам, лач кхачам**.

*Вочу дино бере вохийна. (Кица)* ***Бере* – нийса кхачам** бу.

**Лач дожарехь болчу кхачамах *лач кхачам* олу**.

*Сайн са а дIалур дара ас сайн* ***нанна.***

Кху предложенехь ***нанна* – лач кхачам** бу.

Лач кхачамаш хуьлу кху къамелан дакъойх: **цIердашах, билгалдашах, терахьдашах, цIерметдашах, масдарх, причастих**.

Масала: *Довха, тешаме, хьагаме, гергара хьуьйсура кхуьнан бIаьргаш* ***кIанте***. (М. М.) *Исс декъало* ***кхаанна****. Воккхачу стага тхуна шен* ***дахарх*** *лаьцна дийцира. Тохалерчу ширачу* ***хенах****, бодане хиллачух бухадиснарш дIатаса деза вай.* (Н. М.) *Жимачо* ***воккхачун*** *сийдан деза. Ахь соьга бакъдерг дийца деза. Дас-нанас* ***бохучуьнга*** *ладогIа деза*.

Билгалдаккхар. Нийса кхачам хуьлу хандош ***кхечуьнга*** долучу предложенехь.

Масала: ***Бузучу малхо серлаяькххинера юрт***. (***Юрт*** – нийса кхачам бу.)

Хандош **кхечуьнга ца долучу** предложенехь подлежащи цIерниг дожарехь хуьлу. Масала: ***Къилбехьа лахлуш, генна дIабахло къегина арц***. (С. К.) (**Арц** – подлежащи ду.)

**Шардар 32.** ДIаязде, нийсачу а, лач а кхачамашна кIел сиз а хьоккхуш. Дийца, муьлхачу къамелан дакъойх кхоллабелла кхачам.

1. Цуьнан хотIана, сибатана эхь дара сел осала хуьлийла. (М. М.) 2. Ойла чIогIа йира ас цу къамелан, массо а агIор хьийзош, кегош. 3. Хаза къегина схьакхеттачу батто хIинцца дукха хан йоцуш сийно-Iаьржа лаьттинчу стиглара седарчий хаъал къайладехира. (М. Мус.) 4. Тахана дуьххьара ягийнера къона Зезаг адаман харцоно, тахана дуьххьара кхийтира иза, кху дуьненахь массо а хIума цхьабосса хаза цахиларх. (М. М.) 5. Цуьнан хIора дош иччархочо хьажийна кхуссучу тоьпах тера дара. (Н. М.)

**Шардар 33**. ДIаеша предложенеш. Барта билгалбаха кхачамаш. Дийца, муьлхачу дешнех боьзна бу уьш.

1. Кхидолчу къаьмнашна шайнаш а санна, нохчашна шайн мотт а сов хьоме бу. (Ш. А.) 2. Тешамал деза хIума дац. 3. Вочу дашах мотт ларбе, къоланах куьг ларде. 4. Стеган дикалла собарх хиъна, говран дикалла – боларх хиъна. *(Кица)* 5. Хилийта хьайн гIоьнца стагана диканиг, диканца вогIуш верг бен толаме кхаьчна вац. *(Кица)* 6. Денлуш долчу Iаламо дог-ойла гIаттайора берийн. (Ш. М.)

**Шардар 34**. ДIаязде шардар. Билгалбаха кхачамаш. Дийца, муьлхачу предложенехь хуьлу нийса кхачам.

1. Цу сирлачу шовдан чохь леппа дашо и седа суна хIинцца дIабайна. 2. Цу седанал догцIена ас ларбина вайн безам ахь, чим бина, шелбина. (Б. С.) 3. И яра Даймехкан бIаьстенан Iуьйре.

(З. М.) 4. Стиглара стелаIад бес-бесарчу суйнашца аренан баьццарчу куза тIе охьа а дилхина, цо йина исбаьхьаллин къорза хьокхнаш яккхийеш ловзуш хетара дIа-схьа бIаьрг тоьхча. (Н. М.) 5. Иштта толуш а, хазлуш а вайн Даймохк болчу хенахь, генарчу мехкашкахь адамаша хIинца а инзаре Iазапаш хьоьгу. (Н. М.) 6. Цу Iазапех довла некъ буйла хаьа царна, шайн кханене санна, хьуьйсу уьш вайн тахнене. (Н. М.)

**Шардар 35**. ДIаязъе предложненеш. Билгалбаха нийса кхачамаш а, лач кхачамаш а. Къовларшна юккъехь долу дешнаш оьшшучу дожаре хIиттаде.

1. (Боьра) хьалабоьду некъ. 2. (Къолам) яздинарг дагарца хадалур дац. 3. Сайн уггаре хомечу (доттагI) кехат яздан дагахь охьахиънера со, амма юкъахъяьккхира цIеххьана хьаькхначу мохо. 6. Хенан йохалла оха хоуьйтур ду шуна, нохчийн зударий муьлххачу а, мел кадечу а (гIуллакх) хьуьнаре буйла. (Н. А.) 7. Ненан (дийцар) ладоьгIуш Iачу сан тидам а ца хилира Iаламан хийцаман. (А. А.) 8. Дадашан бIаьргаш (хи) буьзира. (А. А.) 9. ШолгIачу дийнахь (занятеш) вахана сой, Анзоррий дагахь а доцуш Жарманна тIеIоттавелира. (А. А.) 10. Адам шен (ойла) юкъахваьккхира кегийрхоша репетици чеккхйолуш оцу буса тIаьххьара дечу говрберийн хелхаро. (А. А.)

**Шардар 36**. ДIаязъе предложенеш. Караде подлежащеш а (логически а, грамматически а), сказуемеш а, нийса а, лач кхачамаш а. Билгалде, стенах хилла и меженаш.

I. 1. Масех дакъа дина, цIарца стигла ятIош, туьйхира ткъес. (Ш. О.) 2. Хьаналчу куьйгаша а, оьздачу дог-ойлано а, бертахьчу шина адамо а атта хIоттор ду шайн ирсе дахар. (А. А.) 3. ХIора дашна шен меттиг ю. 4. Адамийн башха гIуллакхаш билгалдахарца, церан дегнаш дакккхийдедеш йолу собрани ехха дIаяхара. (Н. М.) 5. Серах ца бина хIоз хьокханах балур бац. *(Кица)* 6. Диканах дог дилла мегар дац. 7. Бердашца дехаш долчу чIегIардиган бен лаьттах, бердан басех, даьккхинчу Iуьргахь хуьлу. (Хь. Х.) 8. Массо а резахилла Лоьмо бохучунна. (Б. Ч.) 9. Атта хIума дацара къоначу агрономана тIехIоьттинарг. (С-Хь. Н.)

II. 1. Хьераваьллачо вехначунна некъ битина. 2. Вон жIаьла ша-шен цIоганах лета. 3. Чорпано вагийнарг хина а «хIуп» бохуш хилла. 4. Тешнабехк бинчух боьду. 5. Гинарг хезначул чIогIа ду. 6. Дика кIант массеран а юкъара ву. 7. Ирачу туьрана оьшу дика да. 8. Дуьме ца кхаьчначу цициго марха ду шен аьлла. (Туьха диинчо хи а молу. 10. ЧIерана нека ма хьеха. 11. Воних къорачунна а хеза. 12. Коьрто когашка хьекъал ца доьху. 13. Къоьллех кхарда а ма кхарда, къинхьегамах кхера а ма кхера. 14. КIайчу куьйгашна наха къахьегнарг деза. 15. Харцонах бакъо хилла яц. 16. Генарчу вешел гергара лулахо тоьлу. 17. ГIиллакх дезаш волчунна и генахь дац. 18. Хьокхах хIоз хилла бац. *(Кицанаш)*

## § 11. Къастам

1. *Стиглахь буьйсано серлонгахь IиндагIаш санна гойту лаьмнаш*.

2. *Стиглахь марха йоцучу екхначу буьйсано, гIийла догучу беттасин серлонгахь, дуьненан дакккхий IиндагIаш санна гойту гобаьккхина лаьтташ долу нохчийн къоьжа лаьмнаш.* (Ш. О.)

ДIаеша ший а предложени. Муьлха предложени тамехь, товш хета шуна? ХIун бахьана ду и ши предложени вовшех къаьсташ хиларан?

**ХIуманан билгало гойтучу предложенин коьртазчу меженах *къастам* олу**. Цо хIокху хаттаршна жоп ло: **муха? муьлха? мичара? хьенан? стенан?** (**муьлха** бохучу хаттаран маьIнехь): ***Вайн*** *Даймохк безалахь, нанна бер санна,* ***оьзда*** *гIиллакх ларделахь, вайн дайша санна*. (Ш. А.)

Къастам берта а, бертаза а хуьлу: *Балха тIехь* (муха?) ***бакхий*** *кхиамаш бохура* (муьлхачу?) ***къинхьегаман*** *бригадо*. ***Баккхий*** *кхиамаш* – **берта** къастам; ***къинхьегаман*** *бригадо* – **бертаза** къастамаш.

Предложенехь дукхахьолахь къастам цIердашна хьалха хуьлу.

**Къастамний, цIердашний юккъехь бартбаран уьйр елахь, *берта къастам* лору. Къастамний, цIердашний юккъехь урхаллин, тIетовжаран уьйр елахь – *бертаза къастам* лору:**

*Малхо комаьрша Iенайо лаьтта шен йовха зIаьнарш*. (Ш. О.)

*Стеган амалех а, хьолах а уггаре тоьлашха дерг нехан безам цуьнгахь хилар ду*. (Х. О.)

Къастам дукхахьолахь хIокху къамелан дакъойх кхоллало:

1) **билгалдашах**: ***лекха*** *лам,* ***мерза*** *Iаж,* ***комаьрша*** *стаг,* ***Iаьржа*** *бIаьргаш,* ***болатан*** *тур*;

2) **гайтаран а, къастаман а, доладерзоран а цIерметдешнех:** ***хIара*** *дитт,* ***дIора*** *стаг,* ***дерриге*** *а дуьне,* ***сан*** *дахар*;

3) **рогIаллин терахьдашах:** ***шолгIа*** *буьйса,* ***пхоьалгIа*** *сахьт*;

4) **хандешан билгалзачу кепах:** *сан* ***деша*** *лаам бу*;

5) **причастих:** ***яздина*** *кехат,* ***леста*** *гIа,* ***воьлу*** *кIант*;

6) причастин карчам: ***Шен меттахь ца аьлла*** *дош хезна дац. (Кица)*

**Шардар 37.** ДIаязъе предложенеш. Билгалбаха берта а, бертаза а къастамаш.

1. Вовшашца йохье бийларо баккхийчу кхиамашка буьгу гIишлошъярхой. (Н. М.)

2. Хьайн мехкан сий ларо хьайн дог ахь кхоадахь, хьомечу хьайн ненан юьхь-сибат ахь дицдахь, ша Даймохк къинтIера бера бац боху цо. (М. М.)

3. ЦIеначу хьуьнан хIавао дегIана там бора. (М. С.) 4. ТIетаьIIина чIагIбелла богIу Iаьнан суьйренан дорце бода. (Ш. О.) 5. Вайн махкахь цхьабосса терго йо массеран а. Къеначарний, заьIапхошний лерина схьайиллина интернаташ, вовшахтоьхна тайп-тайпана юкъараллаш. (Ш. О.) 6. Дорцан гIовгIанехь тапъаьлла тийна хуьлу лекхачу ломан кIожехь йиллина йолу нохчийн шира юрт Iайбеца. (Ш. О.) 7. Дикачу гIуллакхаша, оьздачу амалша кхачаво стаг адамийн лараме. (Б. С.) 8. Дукха дезара цунна уьйтIахь долу доккха бIар а, аккаци а. (I. Г.) 9. Малх суьйренгахьа лестинера, амма цу дийнахь сарралц ягийна гIум а, хIорд а, дерриге а дуьне а довха лаьттара. (С-Хь. Н.)

**Шардар 38.** ДIаязъе предложенеш. Билгалбаха къастамаш. Дийца, хIун бахьана ду уьш берта я бертаза лара. Хьалхара кхо предложени синтаксически талла.

1. Дохк айа а делла, дуьне серладаьккхинера бIаьстенгахьа лестинчу малхо. (Х. О.) 2. Иштта бIаьстено гIаттийнчу самукъанечу тобанашца вацара Iаба. (Ш. О.) 3. Олхазарш бошмашкахь ловзуш, дуткъачу гаьннаш тIехь дека, юткъачу шакаршца эшарш цара, дилха дог хьоьстуш, лоькху. (I. М.) 4. Ловзабаьллачу хIурдан махал маса ю вонан йоргIа, диканан болар генна тIаьхьадуьту цо. (С. К.) 5. Ткъе цхьаъ я шиъ шо хила мегаш, лекхочу дегIахь векъана жимстаг вара Гикало. (Х. О.) 6. Хуьтан-бархатан санна, кIеда дара Гикалон аз, амма ца товш хIума хезча, цIаста санна, декара иза. (Х. О.) 7. Ямартчу мостагIчунна дуьхьал гIоттуш дара дерриге а халкъ. 8. Екхначу стиглахь луьста доьлху седарчий. (Н. М.) 9. ЦIеначу шовдан хи санна, цIена хеташ, аьхна дара цуьнан дешнаш. (М. М.)

**Шардар 39**. ДIаязъе текст, оьшучу запятойш а хIиттош. Билгалбаха берта а, бертаза а къастамаш.

1. Къилбаседа Кавказ Нохчийчоь. Суна кхул хаза меттиг хир яц аьлла хета кху доккхачу лаьтта тIехь. И исбаьхьа хаза Iалам дарбане цIена хIаваъ луьста хьаннаш буьрса М.Ю. Лермонтовс хийла тамаша а беш хестийна Терк. Ткъа лаьмнаш! ХIун дусталур ду цаьрца! Нийса аьлла ду: «Лаьмнел тоьлаш лаьмнаш бен дац». Адамийн дахар лардеш санна тийна лаьтта уьш. Ламанан шовданаша самукъане гIовгIа йо. Екаш хеза тайп-тайпанчу олхазарийн синкъераме эшарш. Лаьмнийн басешкахь кIур туьйсу курачу лечарчаша.

II. Амма вайн уггар мехалниг адам ду. Дай баьхна мохк. БIешераш хьалха дуьйна а оьздангаллица гIиллакхца хьаша-да дика тIеэцарца къаьсташ бу вайнах.

Вежарий, йижарий санна бертахь къахьоьгуш а сакъоьруш а ду вайн махкахь дехаш долу массо а къаьмнаш.

**Шардар 40.** Дуьззина дIаязде кицанаш. Билгалбаха къастамаш.

I. 1. Вочу тIаьхьено … буьйцу. 2. Генарчу йиш-вашел гергара … тоьлу. 3. Дика … шен Iамчохь Iа. 4. Дикачу … лам бухбаьккхина. 5. КIентан … ненан … чохь ду. 6. Лекхачу попана … ца эшна, дикачу кIантана … ца эшна. 7. Дикачу хьозанан … бен чохь дека. *(Кицанаш)*

Пайдаэца дешнаш: мох, лулахо, дог, пхьид, са, дош, дай, дашо, кIорни.

ХIора кицанан маьIна де.

Дешнийн цхьаьнакхетаршца предложенеш хIиттае. Билгалбаха къастамаш.

II. Стоьмийн бешахь, цIена хIаваъ, зевне эшарш, ламанан хи, хьуьнан акхарой, къона синтарш, бес-бесара зезагаш, довха денош.

**Шардар 41**. ДIаязъе предложенеш. ТIадамийн метта лахара дешнаш даладе, оьшшучу дожаре а, терахье а хIиттош.

I. 1. … къийсалуш, толамаш баха.
2. Со лам чу воьдура кху ширчу новкъа.
… тидам беш, … хьоьжуш. (М. М.)
3. ЦIеначу хIавао … там бора.
4. Хазачу ТIаусо шен … ларйо, оьздачу къонахчо шен … лардо. (М. С.)
5. Хьо лахь а, висахь а вайн … хьанал чекхвалалахь.

Пайдаэца дешнаш: дош, Даймохк, хало, тIулг, дегI, месаш, некъ.

Билгалбаха лач кхачамаш, хIиттаде хаттарш. Муьлхачу дожарехь латтта, муьлхачу къамелан декъех кхоллабелла.

II. 1. Лам ломах ца кхета, адам адамах кхета. 2. Дохнаца хьекъал эцалур дац. 3. ЦIарца бегаш а ма бе, хих а ма теша. 4. Турпалхочун нана ца йоьлху. 5. Сиха дахна хи хIордах ца кхетта. 6. Хезнарг гинчуьнга ма нисде. *(Кицанаш)*

ХIора кицанан маьIна даста.

III. ГIа-заза хецнехь а, беш хаза яц,
Зарзарийн эшарша хьоьстуш яцахь.
Зоьртала велахь а, стаг чIогIа вац,
Хьаналчу ойланца дог кхехкаш дацахь. (Ю. С.)

Билгалбаха къастамаш.
Билгалдаьхначу дешнийн кхолладаларх лаций дийца.

**Шардар 42.** ДIадеша. ДIаязъе къастам причастин карчамах кхоллабелла предложенеш.

Яхь йолчу дагехь хьагI хир яц. Яла хьаьхна борз гу лакха яьлла. Туьран-тоьпан чов йирзина, меттан чов ерза тигац. Вочу дешан берзан санна йорт ю. Цхьана воно диканах вон дина. Ша тIеваьлла гу лекха хета. Кхетаме доцу дешнаш кица дац. Яьсса хIума чIогIа ека. Буьйса яьккхинчу хударо мотт Iамийна. Га доцу сара хадо атта бу. Дас хестийнчу эро цхьогал ца лаьцна. Дас хастийна дин хьалха ца баьлла. Хьекъал долчу коьртехь куралла хир яц. Хьалхе гIеттинчу Iуьнан жий шала бехкина. Вочу вордано некъ бохийна, вочу куьйгалхочо юрт йохийна. Дикачу динна шарахь тоьу цкъа тоьхна шед. Нахана даьккхина ор чу ша оьккху. Вина мохк мерза бу. Керлачу кIудал чохь хи шийла хетта. *(Кицанаш)*

**Шардар 43.** ДIаязъе текст. Билгалбаха къастамаш. Дийца,хIун бахьана ду и къастамаш берта я бертаза лара.

ДоттагIалла! Массо а заманашкахь а сий-ларам бина адамаша оцу сийлахь-доккхачу дешан. Дуьненан массо а маттахь дека тешамечу доттагIаллех, цуьнан дерриге а къардечу нуьцкъаллех лаьцна иллеш. ДоттагIалла хестадо шайн стихашкахь, поэмашкахь дуьненан массо а къаьмнийн поэташа.

ДоттагIалла! Къаьсттина доккхачу маьIне дирзина и сирла дош вайн башхачу, амма вуно чолхечу заманахь.

## § 12. Юххедиллар

Юххедиллар къастаман ша-тайпа форма ю. Иза цIердашах кхолладелла. Юххедилларо гойту адамийн говзалла, тайпа, корматалла, гергарло, къам. Кхетамза (адамех лаьцна долу дешнаш доцуш) долчу дешнийн долахь йолу цIе гайта тарло [1].

Масала: йоI-Iилманча, кIант-бено, лор Малика, хи Соьлжа. *Сайн Даймохк – турпал-нана безамца хестош, иллеш дохур ду аса*.

Юххедиллар ша билгалдечу дашна хьалха а, тӀехьа а льтташ хила тарло.

Масала: Шела-гӀала (дуста: гӀала Шела).

Газет «Даймохк», Муса-хьехархо.

**Юххедиллар** *газетийн, журналийн, предприятийн, исбаьхьа произведенийн* и. дӀ. кх. цӀерш елахь, уьш **даккхийчу элпашца яздо, кавычкаш юккъе а оьцу**.

Масала: *журнал «Орга», газет «Васт», роман «Лаьмнашкахь ткъес»*. Юххедиллар долаххьий, юкъарий хӀуманийн цӀерах льтташ делахь (адам доцчу кхечу хӀуманийн цӀерш) долахь долу дош юххедиллар лору. Масала: *Толстой-Юрт, журнал «СтелаӀад»*. Юкъара цӀе юххедиллар лору, нагахь санна цуьнца адамийн цӀе (фамили) елахь.

Масала: *кӀант Рустам, нус Элина, марда Муса, марнана Ӏайнаъ*. Юххедилларехь долахь цӀе хьалхара елахь, царна юккъе дефис юьллу: *Казань-гӀала, Терк-хи* (дуста: *хи Терк, гӀала Казань*), *Назрань-гӀала*. Юххедилларехь ший а дош юкъара делахь, царна юккъе дефис юьллу: *йоӀ-хьехархо, нийсархой-мехкарий, кӀант-белхало, седарчий-планеташ, зударий-къинхьегамхой. БӀаьргаш-седарчий цкъа дӀадовш, юха серладовлуш ловза дуьйлало*. (Ш. О.)

**Шардар 44**. Дешнийн цхьаьнакхетарщца дийцар хӀоттаде.

Ӏаьнан мур, берийн ловзарш, лайн мижаргаш, шера ша, ГӀура-Дада, шийла мох, гӀорийна хиш, кӀайн ло, чехка салазаш.

**Шардар 45.** I. Билгалдаьхначу цӀердешнашца даладе юххедилларш, къовларшна юккъехь долу маьӀна долуш. Оьшуш йолу хьаьркаш хӀиттае.

Тхан ишколехь **дешархочо** (къам) дика йийшира дагахь **поэтан** (фамили) **стихотворени** (цӀе.) Бераша-дешархоша даима а доьшу **газет** (цӀе), **журнал** (цӀе).

II. Ялае шайн дагара предложенеш хӀокху юххедилларшца: *нах-турпалхой, хи Соьлжа, зуда-ламанхо, да Элмарза*.

III. Дийца, хӀунда ца лору вай юххедилларш хӀара цхьаьналела цӀердешнаш: *кад-Ӏайг, тай-маха, текх-цаца, да-нана, де-буьйса* (дуста: *кад а, Ӏайг а, тай а, маха а…*).

**Шардар 46**. Билгалдаха юххедилларш, кӀел сиз а хьоккхуш. Барта йийца церан нийсаяздаран бакъонаш.

I. ТӀеeaра суьйре. ЦӀеххьана дохк-марха яьлла, деанчу догӀано цӀандинера хӀаваъ. ГӀийла хьоькхучу мохо меллаша дегадора диттийн гӀа-патарш. Шен дашо зӀаьнарш яржийна, чубуза кечбеллачу малхо цӀийдинера дуьне. Жимма хьалхо бес-бесара лецначу стелаӀодан хӀоз а буткъбеллера. (Я. Ц.)

II. 1. Нанас, урамерчу зударшка гойтуш, дӀаяьхьира цицигкӀорнеш. (И. Э.) 2. Бисина цхьа уьстагӀа, божалин вукху соне хӀоъ-докъар а дуьллуш, дӀабихкира. (Я. Ц.) 3. Хьо стенга уьду, Терк, садаӀар доцуш, ахь стенна гӀовгӀа йо, дохк-мархаш чехош? (У. Х.) 4. Цомгуш хилла, кӀелйисинера Илесан денана къена Хурма. (С-Хь. Н.) 5. Йовхонна бага а гӀаттийна, тӀемаш а охкийна, лелара нӀаьна-кӀорни. (Ш. А.) 6. Инженеран-гӀишлошъярхочун гӀуллакхаш дукха ма хуьлу. (Я. Ц.) 7. Сагал-бецан кӀон хьожа лаьттара гонаха. (Я. Ц.) 8. Раиса Ахматовас гайтира керлачу заманца самаяьлла йолу йоӀ-ламанхо, цуьнан керла васт. 9. ДагадогӀу Решидана ша Москва колхозникийн-хӀайттархойн съезде вахар. (Н. М.) 10. Мелиматана чӀогӀа дукхаезара шен воккхахволчу кӀентан БайсагӀуран зуда Малика. (Ш. О.) 11. Сийначу стиглана кӀелахь лаьмнийн къежделла кортош набарна теӀош Ӏуьллу Нана-Мохк, ма беза хьо суна! (Ш. О.) 12. Пезан кӀорни мара а къуьйлуш, цӀехьа волавелира Дадаш. 13. Амма нана-гӀаз, шен кӀорни а йитина, тӀаьхьара яла дагахь яцара. (Хь. С.)

## ЛАТТАМАШ

**Латтам коьртаза меже ю. Латтамаша гойту дар, хилар муьлхачу хьолехь кхочушхуьлу:** маца? мичахь? хӀун Ӏалашо йолуш? хӀунда? муха?

Шайн маьӀнашка хьаьжжина латтамаш хуьлу: **даран суьртан** (*меллаша воьду, чехка дуьйцу*), **хенан** (*дийнахь, цӀаста*), **меттиган** (*гонах, лакха, гена*), **Ӏалашонан** (*забарина,*

*бехказлонна, алархьама*), **бахьанин** (*мукъалла, цундела*), **бехкаман** (*водахь, дийцахь, ларахь*), **бараман** (*алсам, кІез-кІезиг, дукха, гІеххьа*), **дуьхьалара** (оллушехь, дийцарх, аларх).

Предложенехь латтамаш хуьлу **цІердашах дештІаьхьенаш йолуш** а, **йоцуш** а, **масдарх, куцдашах, деепричастих, хандешан билгалзачу кепах, цІерметдашах**.

**Шардар 45**. ДІаязъе предложенеш. Талла синтаксически.

1. Тхан жимачу юьртана уллорчу хьуьнхахь кІайн хаза акхтарг ду шабаршца декаш. (М. Мус.) 2. Хан-зама дІаяьлча дуккха а хІуманаш дицлур ду, амма цкъа а йицлур яц Нурадиловн, цуьнан накъостийн цІераш. (Ш. О.)

## § 13. Даран суьртан латтам

**Даран суьртан латтамаша гойту муха кхочушхуьлу дар, хилар**. Цара жоп ло муха? мича кепара? бохучу хаттаршна: *Байн хьоькхучу мохо **гІийла** лестадора гІаш*.

Коьртачу декъана даран суьртан латтам предложенехь куцдашах, деепричастин карчамах, цІердашах, хандешан латтаман формех хуьлу: ***Шен ницкъ ма-кхоччу** доьзал кхаба гІертара иза. **Нана чуеъча**, хьалагІоттура йоІ*.

***ТулгІешца мохь бетташ**, доьдура Орга. **Шабаршца** техка къена беш. **Зурманах** дека шийла шовданаш. Эндаже вистхилира со цуьнга.* (А. А.)

Билгалдаккхар: Даран суьртан латтам шен формица къастамах тера хуьлу, цундела хаа деза **даран суьртан латтам хандашца боьзна хуьлий, ткъа къастам – цІердашца**.

Масала: 1. *Вон жІаьла ша-шен цІоганах лета*. *(Кица)* (*Вон* – къастам; билгалдош). 2. *Хьо вон вистхилира цуьнга*. (*Вон* – даран суьртан латтам, куцдош.)

Предложенехь даран суьртан латтам хуьлу дустаран карчамах а, фразеологически цхьаьнакхетарех а: *Ламанан хиш санна денош уьду чехка*. (Хь. С.) *Корта а оллийна, вогІура кІант*.

**Шардар 48**. ДІаязде. Билгалбаха даран суьртан латтамаш. Дийца, уьш муха кхоллабелла. ЙоьалгІа предложени синтаксически талла.

1. Іуьйре. Даккхий чимаш долуш, тийна, паргІат догІу луо. (Х. Э.) 2. Цецах санна, гІиттош верта, сох чекхбуьйлу шийла мох. (А. С.) 3. Гуьйре а кхочур ю, догІанаш Іенош, хан яьлча боьлур бу бІаьстенан малх. (А. Б.) 4. ЦІена хуьлу хІаваъ, вовшашца къуьйсуш ека олхазарийн шакарш, адамаш а хуьлу Іуьйренца самукъане, хІайтъаьлла. (У. Д.)

**Шардар 49**. ДІаязъе текст. Билгалбаха даран суьртан латтамаш. Дийца, муха кхоллабелла уьш.

1. БІаьстенан малхехь, чІегІардигаш санна, ловзура безаман йовхонехь дахаран денош. (М. Мус) 2. Іама, кху лаьттахь лар юьтуш, ваха. 3. Кхайкхаза веанарг доттаза вахана. 4. Лев Толстойс ма-аллара: «Хьайл хьалха хиллачара динарг дика Іама а дай, кхин а хьалхахьа дІа-гІо». 5. Мартан хи санна, дІаоьхура зама. (А. И.) 6. Ламанан хиш санна, денош уьду чехка. (Хь. С.) 7. Буьрса терсаш, бердех леташ, охьахьаьдда доьду Орга. (А. А.) 8. Цхьана куьйга шед басталур бац. 9. Маьлхан зІаьнаршлахь луьйчуш бес-бесара лепаш дара дуьненан йистехь хеташ долу лаьмнаш. (У. Д.) 10. Тхи диллина йолу Іуьйре дІа а яьлла, къегина де тІедеара. (У. Д.) 11. Шен могашаллица массарна хазахетар дахьаш, винчу юьрта кхечира ИсмаьІал. (А. О.) 12. Ткъа миноташ дІаоьхура, шайх сахьташ, денош, кІиранаш, беттанаш хуьлуш. (Хь. Я.) 13. ДІо аренгахь, цхьа ша лаьтташ, буо-бер санна, акхтарг ду. (С. А.) 14. Берех лела воьлла воккхастаг, са а хаьдда, велла. 15. ШолгІачу дийнахь Бусанина шен ненехула хиира, ша Мусега маре яла Хизарс дош деллий. (С. Б.)

**Шардар 50**. ХІокху дешнашца барта предложенеш ялае.

Гулахь, чаболахь, пурх, аркъал, ша-шаха, бертал, бертахь, йолах, пел.

(Пайдаэца: А.Г. Мациев. «Нохчийн-оьрсийн словарь». М., 1961)

## § 14. Бараман латтам

**Бараман латтамаша гойту сказуемин дар, хилар муьлхачу барамехь, даржехь кхочушхуьлу**. Цара жоп ло: мел? муьлхачу барамехь? бохучу хаттаршна. Масала: *Стиглахь*

***наггахь*** *гуш седарчий дара.* (М. М.) ***Хийла*** *сатийсина бIаьстенан суьйре*. (Н. М.) ***Велла*** *дIаваллалц шен Даймехкан сий лардан деза.* ***Сахиллалц*** *догIа деара*.

Бараман латтам дукхахьолахь **куцдешнех** кхоллабелла хуьлу: *дукха, кIезиг, шорта, алсам* и. кх. дI. а.

Бараман латтам хила тарло **деепричастих** а, **дустаран карчамах** а: ***Цхьанхьа а вахалур воцуш***, *цомгуш вара иза.* ***Лергана хаззал хастийча***, *бIаьргашна хаъал телха*.

**Шардар 51.** ДIаязъе текст. Билгалбаха бараман латтамаш. Дийца церан кхоллабаларх лаций.

ДIадевллачу шераша дуккха а хийцамаш беана адамийн дахаре, иштта хийцаелла гIала а. (У. Д.) Шен жимачу коьрта чу ца тардаллал хIуманаш карладевлира Анзорна оцу миноташкахь. (М. Мус.) Сийсара сахиллалц ца хедаш хьийкхира шийла мох. (С. К.) Дерриг хIуманал мерза хета хьо кхиийна сийлахь мохк. Ялташ дукха хиллера стохка тхуна. Велла дIаваллалц шен Даймехкан сий лардан деза (З. М.) Ахь дина дика шалхонца доьккур ду. Шина дийнахь ца соцуш догIа деара. (С. К.) Юха а хьаьдда еана тIеккхечира хIоразза а адамаша шега сатосуш йолу бIаьстенан юьхь. (I. Д.)

**Шардар 52**. Схьаязбе бараман латтамаш, къастаде цаьрца доьзна долу дешнаш.

1. Кхан дохала майда яра адамаша дIалаьцнарг. 2. Хаъал серлабовлура цуьнан бIаьргаш, хеталора дегIе керла ницкъ беъча санна. 3. Пхи-ялх километр дIавахара со. (С.Б.) 4. Меллаша малх хьулло, суьйре тIеюлу, лаьтта со, генарчу хьох ойла йоьзна. (А. С.) 5. Ирсечу кху дийнахь дегI ма-дду гIаттий, хьайн хьуьнар дIагайта, нохчочун нана. (А. А.)

## § 15. Меттиган латтам

**Меттиган латтамаша гойту дар, хилар мичахь кхочушхуьлу**. Цара жоп ло: мича? мичахь? мичара? мичахьара? мичахула? мичахьахула? мичара дуьйна? стенга? стенгахь? стенгахьа? стенгара? стенгахьара? стенгахула? стенгахьахула? бохучу хаттаршна.

**Меттиган латтам хуьлу дештIаьхьенаш йолуш а, йоцуш а долчу цIердешнех, куцдешнех, цIерметдешнех, терахьдешнех, хандешан латтамийн форманех**. Масала: 1. *Малх лаьмнийн* ***баххьашна тIехьа*** *лахлуш бара*. (Н. М.) 2. *Шок етташ* ***боьраца*** *охьахьаьдира мох*. (С. К.) 3. ***Ламанах бен*** *ца долу леча*. 4. ***Кхузара*** *гуш дара лаьмнаш*. 5. *«****Хьалхарчунна тIаьхьа*** *хIотта», – элира хьехархочо берашка*. 6. ***Геннара*** *схьахеза дагна тIемаш луш йолу мехкарийн эшарш*. (Н. М.) 7. *Ло* ***массанхьара*** *дешнера*. (М. М.) 8. ***Уьшал лаьттинчохь*** *Iам ца эшна*. (Кица.)

**Шардар 53**. ДIаязде. Билгалбаха меттиган латтамаш. Дийца, муха кхоллабелла уьш.

1. Малх лаьмнийн баххьашна тIехьа лахлуш бара. (Н. М.) 2. Лаьттах бухдуьйлу шовданаш. 3. ДIо варшахь къоркхокха бека, малх бу регIа тIе лахлуш, мархашлахь кIайн куьйра техка, суьйренца чудерза кечлуш. (I. М.) 4. Олхазарш бошмашкахь ловзуш, дуткъачу гаьннаш тIехь дека. (I. М.) 5. Олхазарийн иллийн аьзнаш сайн стихашкахь гулдина. (А. С.) 6. Хьалхарчунна тIаьхьахIотта ца боху хьоьга! «ХIоккхуза соцу со-м», – аьлла, Хизар, сехьа а ваьлла, сецира. (С. Б.) 7. Алийша, мила ву, луьстачу кху хьуьн чохь, дитта кIел адамашна охьахаа гIант динарг? (М. С.)

**Шардар 54**. ДIаеша предложенеш. Барта дийца церан маьIна. Муьлхачу дашца боьзна бу меттиган латтам?

I. 1. Болх бечу кхаьчча – болх бе, юучу кхаьчча – яа. 2. Барт болчохь – беркат, барт боцчохь – бохам. 3. Адаман хазачу дашо Iуьргара лаьхьа баьккхина. 4. ПхьегIашна чохь ерг бен Iенар яц. 5. Газа иккхинчу буьхьиг а оьккху. 6. Гали чохь цхьамза хьуллур бац. 7. Нехан динара хотталахь вуссу. 8. Уьшал лаьттинчохь Iам ца эшна. 9. Коьртера дуьйна бахкало чIара. 10. Исс ломал дехьа боьттина аьшпаш шен баьрччехь карабо. 11. ЧIеро, белча а, хи чохь бен Iийр бац ша аьлла. 12. Кертахь леташ долу жIаьла кхерстар дац. *(Кицанаш)*

II. 1. ХӀаваэхь бӀаьстенан цӀена хаза хьожа етталора. 2. Кавказан лаьмнашкахь эшаре баьлла, вайн дегнаш гӀиттадеш нохчийн мотт бу. (Ш. А.) 3. Куьйга кхиссича санна, стиглахь даьржинчу седарчаша серладаьккхина лайн кӀайчу шаршуно хьулдина Ӏалам. (А. А.)

## § 16. Хенан латтам

**Хенан латтамаша билгалдоккху маца кхочушхуьлу дар, хилар**. Цара жоп ло: маца? маца дуьйна? маццалц? бохучу хаттаршна.

**Хенан латтам хандашах-сказуемих боьзна хуьлу. Иза кхоллало куцдашах, деепричастих, деепричастин карчамах, хандешан латтамийн форманех**. Масала: 1. ***Ӏай-бӀаьста*** *а,* ***гурахь-аьхка*** *а кӀайн кирхьа кхозу цу Ӏаламат лекхачу ломана дуьхьал*. (С. К.) 2. *Охуш аьлларг* ***оруш*** *карийна*. 3. ***Воккханиг тӀевеъча****, жиманиг хьалагӀотту*. 4. ***ЦӀена йолуш дуьйна*** *бедар Ӏалашъе,* ***жима волуш дуьйна*** *сий а ларде*.

**Шардар 55**. ДӀаязде. Бигалбаха хенан латтамаш. Дийца, уьш муха кхоллабелла. Дозуш долчу дашна тӀера хаттарш хӀиттаде царна.

1. Кест-кеста иштта ойланаш нисъелча, Сачин дагавогӀура Амадина. (Х. О.) 2. Де делкъалтӀаьхьа даьлча, арахь йовха яра. (Х. О.) 3. Сарахь, лимон санна можа малх дӀабузуш, шийла мох хьаькхира. (С. Б.) 4. Дукха хан ялале, ламанийн басенца керчаш хьала а йохуш, гена яха йолийра мохо и сел ирча, Ӏаржъелла чугӀерташ хилла мархаш. (Ш. О.). 5. Сахилале сийначу стигалхула меллаша нека деш йоьлхура мархаш. 6. Ӏуьйранна нана балха яхча, цхьа сингаттаме хуьлура цӀахь. (І. Х.) 7. Сахилале хьалагӀоттура йоӀ. 8. Сарахь а, Ӏуьйранна а олхазарш дека. (С. К.) 9. Воьдуш йинарг чот яц, вогӀуш йинарг бен. 10. ПхоьалгӀачу дийнахь гӀоле хилира дархочунна. 11. Стохка дуьйна чӀагӀо йинера цо, итт класс чекх а яьккхина, лакхара дешар деша, лоьран говзалла Ӏамо. 12. Нанас хӀума а яийна, дӀадижийра бер. 13. Асар диначул тӀаьхьа садаӀа охьахевшира кегийрхой. (С. Б.)

**Шардар 56**. ДӀаеша предложенеш. Дийца церан маьӀна. Билгалбаха хенан латтамаш. Муьлхачу хаттаршна жоп ло цара, муха кхоллабелла уьш?

1. Чано шен кӀорни, яа дог хилча, ченала хьакхийна. 2. Хи тӀе а кхачале мачаш дӀа ма яха. 3. Дуьнен чохь уггар хаза хӀума ян аьлча, къийго шен кӀорни еана. 4. Гуттар а цу хуьлу моллина мовлад. 5. Садайча къиг а йоьрзу цӀа. 6. Етт байначул тӀаьхьа гӀораш ма тоха. 7. Дезде деанчу стага дийнахь а чиркх латийна. 8. Жимчохь Ӏамийна хӀума тӀулга тӀе яздина йоза ду. 9. Аьхка Ӏиллинарг Ӏай идда. 10. Сий жимчохь дуьйна ларде, бедар а цӀена йолуш дуьйна Ӏалашъе. 11. Аьхка хье цакхихкинчун Ӏай яй кхехкар бац. *(Кицанаш)*

## § 17. Бахьанин латтам

**Бахьанин латтамо гойту дар, хилар муьлхачу бахьаница кхочушхуьлу**. Цо жоп ло: хӀунда? хӀун бахьана долуш? мича бахьаница? бохучу хаттаршна.

Бахьанин латтам хуьлу:

а) **куцдашах**: *Элмарза кӀеда амал, оьзда гӀиллакх долуш, Ӏаламат товш стаг вара,* ***цундела*** *везара и массарна а*.

б) **суффикс (-лла) йолчу цӀердешнех**: *Хазалла а, дикалла а юьйцура иза наха*. (Амма: *Хазалла – сарралц, дикалла – валлалц)*.

в) **лург дожарехь долчу масдарх, масдаран карчамах**: *ГӀа-баца тӀехь хилла тхи дакъаделлера, малх* ***хиларна***.

г) **деепричастех, деепричастин карчамах**: ***Кхоьруш****, дуьхьал дош ца элира кӀанта*.

д) **бахьана долуш, бахьанехь бохучу дешнашца**: *Оццул кхерам болуш бу-кх хӀара «ЦӀеран арц»,* ***боьха нах кху тӀехь бахар бахьана долуш***. (С. Б.)

**Шардар 57**. ДӀаязде. Билгалбаха латтамаш, церан тайпанаш. Дийца, муха кхоллабелла бахьанин латтамаш.

1. Бисолта, цхьа дегӀ дазделча санна а хетта, балха ца воьдуш, цӀахь сецира. (А. Д.) 2. ШолгӀачу дийнахь, шелонна эгаеш ХӀижан шена гича, ТӀелиба юха а сийсарлера къамел дира. 3.

Сагатдарна къежвеллера иза. 4. Нана бахьанехь юьртара дIа ца вахара кIант. 5. Веанарг мила ву хаарна, шен сацаран бахьана чекхдаьлча, дIаяха хьалагIаьттира лулахо. (I. Г.) 6. Лерг лозуш, ов детташ хиларна, гIопахь витинера и. (I. Г.) 7. Ша хьевелла варна бехкала вахана хьаьвзира кIант. (Я. Ц.) Хьамата чохь яцара, цундела Себила майраелира. (С. К.) 9. Девашас баьккхина бехк дагара ца болуш, сабIарзделла вехха дIасалийлира иза, хIумма а дан карах ца долуш (I. Г.)

**Шардар 58**. ДIаязде. Билгалбаха бахьанин латтамаш. Муха кхоллабелла, муьлхачу хаттаршна жоп ло цара?

1. Ас бехк ца буьллу со йолчу цаварна, со оьгIаз ца яхна, хьан кехат цадарна. Хазахетар, халахетар дийца стаг цахиларе терра, дерриг кийрахь дисира. (I. Д.) 2. Шен оьгIазло цIеххьашха йиц а елла, лаьттачохь дIатийра иза. Оццул екхаелла, елаелла йолу Марем, Iаьржа буьйса санна, кхоьлина дIахIоьттира, и дагадар бахьана долуш. (Б. Ч.) 3. Лаьмнашца яхъелла лаьттина йолу йочанаш чекх а евлла, цIеххьана схьахьаьжира бIаьстенан бовха малх. (Ш. О.) 5. Хизар а хIара керла захало бахьанехь шена гуллуш долчу хьолах воккхавеш вара, шена и захало бакъахьа хетар моллех лачкъа а дина. (С. Б.)

**Шардар 59**. ДIаеша текст. Барта билгалбаха бахьанин латтамаш. Дийца, дукхахьолахь муха кхоллабелла хуьлу бахьанин латтамаш.

1. Цуьнан бIаьргаш чу хи хьаьдира, дагалецамаша дог дуткъдинера. 2. Шелонна лаьмнаш лелхачу буса вина ву хьуна хьан воккха ваша. (Н. Ф.) 4. Цу гIенан халалла мела хьацар хилла, набарх велира и Адин Сурхо (Н. Ф.) 5. Ша везийта а, ларийта а хаьара Майрбекана. Осалалла, хьарамло йоцуш, догцIена хиларна цIе йоккхура цуьнан белхалоша. (Ш. М.) 6. Стиглахь кхозу горга бутт беларна арахь сирла яра. 7. Iуьйранна хIара чIерий леца вогIуш гIа-баца тIехь хилла тхи дакъаделлера, малх хиларна. (Хь. С.)

## § 18. Iалашонан латтам

**ХIун Iалашо йолуш кхочушхуьлу дар, хилар гойту Iалашонан латтамо**. ХIун Iалашо йолуш? хьенан дуьхьа? стенан дуьхьа? бохучу хаттаршна жоп ло цо.

Iалашонан латтам хандашах-сказуемих боьзна хуьлу. Иза хуьлу лург дожаран формехь долчу цIердашах (и цIердешнаш куцдешан маьIнехь лела), хандешан билгалзачу кепах, масдарх, хандешан латтамийн форманех. Масала: 1. *БоIах дарбанна молханаш кечдо*. 2. *Стохка, бIаьстенан юьххьехь, юьрта ваханера со, бевза-безарш ган, садаIа*. (М. Я.) 3. *СадаIархьама цхьана Iина йисте вахара со*. (Я. Ц.)

**Шардар 60**. ДIаязде. Билгалбаккха Iалашонан латтамаш. Дийца церан кхоллабаларх лаций.

1. Дукха хан ялале малх чубуьзначу суьйренца хийцаелла буьйса хIоьттира, халкъана совгIатана сирла бутт а кхийдош. (С. Б.) 2. Зовра хатта дагахь луларчу зудчуьнга йистхилира иза. (С. К.) 3. Некъ бацбархьама, дерриге гIалин кешнашна юккъехула а бевлла, бахара уьш. (С-Б. А.) 4. Лоьма сакъера ваха аравала кечлуш воллура. (Н. М.) 5. Лаьханан дIаьвшах дуккха а цамгарех дарба ден молханаш кечдо. (Хь. Х.) 6. Iаламат дикачу совгIатех цхьаъ лара мегар ду элхьамч, иза дарбане хиларна. (Хь. Х.) 7. Со юьртах велира, Iаламехь садаIа. (Ш. Р.) 8. Мохо а, хе а латта дохорах лардархьама, хIора шарахь пхи бIе гектар майдана синтарш дугIур ду йолуш йолчу хьаннашна юккъехь.

*(Газет тIера)*

**Шардар 61**. Шайца дозуш долчу дешнашца схьаязбе Iалашонан латтамаш.

1. Шен хьешан самукъадаккхархьама, хIуъа дийца а, хIуъа лело а кийча вара хIусамда. (Я. Ц.) 2. Ницкъ-гIоранах юьзначу цаьршимма колхозан болх де-буьйса ца лоруш бора. (Я. Ц.) 3. СадаIархьама цхьана Iина йисте вахара со. (Я. Ц.) 4. КIант а кхеттера, стеган ирс уллохь тешаме, вуьззина накъост хиларх дозуш ду бохучух. (С. Н.) 5. Шен кIудал хих юза дагахь шовданна йистехьо дIайолаелира ПетIамат. (С. Б.) 6. СовгIатана бахьа кхул хаза куз оьцур бац-

кх ахь. (I. Х.) 7. Разета хIуьттаренна дуьйцура цуьнга и иллешкахь бен ца дуьйцу хIуманаш. 8. Дуьйцура, шена иза везавелла ца лалуш, иза йохье ваккха, къарван, цуьнга доьхуш санна. (М. Б.) 9. Юьртан истори йовзархьама, адамаш довзархьама, юьртан гонахарчу Iаламан хазна гайтархьама, ишколехь музей вовшахтоха еза вай. (Х-А. Б.)

## § 19. Бехкаман а, дуьхьалара а латтамаш

**I**. **Бехкаман латтамо гойту мухачу бехкамца кхочушхуьлу дар, хилар**. Цо муха? муьлхачу бехкамца? бохучу хаттаршна жоп ло.

Масала: *Вочу стагаца доттагIалла ма лаца, цуьнца доттагIалла леладахь, гIайгIа йоцуш вуьсур вац*.

**Бехкаман латам дукхахьолахь бехкаман саттаман хандашах, масдарх хуьлу я масдаран карчамах**.

1. *Дешнехьара, дика кхетар вара хьо*.
2. *Жима велахь а, кIант хьекъал долуш вара.*
3. *Нийсо хилахь, барт хир бу*.
4. *Дас, нанас бохург дахь, хьо дохковер вац*.

**II. Дуьхьаларчу латтамо гойту хила таро йоццушехь, кхочушхуьлуш дерг, хила таро йоллушехь ца хуьлуш дерг**.

Масала. *Шен мара агIор хиларх, дIахадор бац. Биъ ког боллушехь, говр йолу гал. Ахкарх латта кхачор дац, дийцарх хабар хедар дац*. *(Кицанаш)*

**Шардар 62**. ДIаязде. Билгалбаха дуьхьалара латтамаш, кIел сиз а хьоккхуш. Дийца барта, муха кхоллабелла уьш.

1. Кхуссург стаг вацахь а, кхетарг топ ю. 2. Лах-лахарчу тIегIан тIехь ког сецна вацахь, лами тIе валалур вац. 3. Хьайна Iен хуур дацахь, лами тIе валалур вац. 3. Хьайна Iен хуур дацахь, ванне а ма вола. 4. Мел шед еттарх, кхин чабол сихйойла доцуш, деза садоЫура говро. (А. О.) 5. Дукха лер дети делахь а, цалер а ду деши-м. *(Кица)* 6. Иччархоша гIелдина экха санна оьгIазе велахь а, дика накъост вара иза. (З. А.) 7. Iа таро йоццушехь, гулбеллачу накъосташа дехарна, ца ваьлла кху чохь сецира иза. 8. Эрна багаеттарх хьалха ца волу. 10. Iовдалниг, шена ша Iовдал вуйла хиъча, Iовдал хир вацара. 11. Исхаррий, дарий дуьйхина леларх, лардина сий дацахь, верзана ву хьо. (М. М.) 12. Дорцаца ло-догIий мел буьрса делхарх, кийча ю халонаш йоккхаеш эшо! Со адам ма ду, ткъа мел дукха яхарх, халонаш эшош бен, суна ирс эшац. (Р. А.)

**Шардар 63**. ДIаязде. Билгалбаха бехкаман латтамаш. Барта дийца, уьш муха кхоллабелла.

1. Хьайн ненан мотт хаахь, ас дозалла до хьох, даггара и безахь, ас хастам бо хьуна. Цунах ма херлолахь, доттагI, варийлахь, ненан мотт хьайн бацахь, байлахь вуй хаалахь! (Б. С.) 2. Нагахь со Даймохк дIатесна, ненан мотт бицбина лелахь, хIай дог, ахь цIеххьана сецна, тIулгал а сан дог шелделахь. (Ш. Р.) 3. Мерза хуьлу муьста берам нанас хьалха биллинехь, илли ала хьо ма кхера, дог ахь цунна дIаделлехь. (М. Д.) 4. ЦадогIург лелийча, кхача цадезарг кхочу. *(Кица)* 5. Буьйсанна цIа веача, нах бийшина хан яцахь, ша мел кIадвеллехь а, шен мел дог ца дагIахь а, охьавижале цкъа деваша волчу хIутту Салман. (А. А.) 6. Нагахь хьо ца вагIахь хьайн халкъацанна, хаалахь, декъазниг, хьо цхьалха ву. (I. М.) 7. Римехь вехаш хиллачу цхьана лоьро, ша дарба лелош волчу дархочунна тIе а веана, аьлла хиллера: «Вай кхоъ ду: хьой, сой, цамгаррий… Нагахь цхьабарт хилахь, вайшинга цамгар эшалур ю». (З. М.) 8. Вайнехан хьал-де ахь хийра гIуллакх ларахь, хьо къонах воцийла хаалда хьуна. (I. М.)

**Шардар 64**. ДIаязде. Билгалбаха латтамаш. Дийца, кху текста тIехь муьлха латтамаш алсам нисло, муьлха – кIезиг нисло.

ТIаьхьашха тIеуьдучу тулгIенашца бертахь нека дахь, кхера ца лахь, сих ца лахь, дIакхочур ву. Цхьабакъду, хьо кхералахь, хьо вохахь, чекхдаьлла: къа ца хеташ дIакхоллур ву хIордо.

ТIаьхь-тIаьхьа марсабуьйлура хIорд: берриг а сама а баьлла, меженаш дIасатухуш болуш санна. Челакх, тIаьхь-тIаьхьа каде, тIахъаьлла хьийзара. Дийнна раьгIнаш гIуьттура, цо букъ мосазза саттабо. Уьш тIехаьрцаш, лам тIебужуш санна, са легашка хьаладогIура. Царна

юккъера чхоьнаш тІаьхь-тІаьхьа кІорга яра. Кхунна реза бацахь а, я цхьа цатам хиллехь а – лом санна, дарбеллера Іаьржа хІорд.

*(Мамакаев М.)*

**Шардар 65**. ДІаязде, къовларшна юкъара дешнаш оьшучу форме хІиттош. Билгалбаха латтамаш.

1. Корта (бала), дегІ а ле. 2. Хьайн дош Іалашдеш хьо (вац), чІагІо а Іалашйийр яц ахь. 3. Коьрто болх ца (бан), когаша къахьоьгу. *(Кицанаш)* 4. Хьомечу махкана сайн ницкъаш дІабала со кийча ца (хила), дІаэца лаьттара. (Р. А.) 5. Дош ма ло лардеш (вац), некъ ма бе къонаха (вац). (І. Ш.) 6. Нагахь хьо ца (ван) хьайн халкъацанна, хаалахь, декъазниг, хьо цхьалха ву! (Ш. А.) 7. Шен ненан мотт халкъо, сий ойбуш, (Іалашба), цу халкъан паргІато цхьаммо а хьошур яц. (М. М.) 8. Ма-моьтту ца (хила), ма-торру. 9. Сту (бала) – жижиг, ворда (йоха) – дечиг. *(Кица)*

Кеп: *Хьомечу махкана сайн ницкъаш дІабала со кийча ца хилахь, дІаэца лаьттара* (Р. А.)

**Шардар 66**. Лахахь ялийначу схемина предложенеш ялае.

1. , .
2. , .
3. , , .
4. , , .
5. , , .
6. , .

**Шардар 67**. ДІаеша стихотворени. Билгалъяха коьртаза меженаш. Дийца, муьлхачу къамелан дакъойх хилла уьш.

Къеначу диттан га
Каглуш ду атта.
Тишделлачу цІийнан а
Чубужу тхов.
Амма сий дахарехь
Къанлуш дац цкъа а,
Тишлуш дац, делахь а,
Лар ца дахь, дов…
Къен хиларх хІума дац,
Ма хила гІийла.
Хьацарца яьккхинарг
Сов мерза ю.
Амма вац сий дацахь,
Цкъа а хьо дийна,
Цхьаммо а кхойкхур вац
Шуьне шайн чу.

*(Ш. Рашидов)*

Муха кхета шу кху предложених?
*Хьацарца яьккхинарг сов мерза ю.*
Билгалдаьхначу дешнийн дешан хІоттам билгалбаккха.

**Шардар 68.** ДІаязде кицанаш а, хІетал-металш а. Латтамашна а, къастамашна а сиз хьакха.

1. Дика хьоза бенахь дека. 2. Кхераделла экха гена долу. 3. Мецачу барзо дахка а буу. 4. Дош хьоза дац, багах даьлча, лацалур дац. 5. Къена аьрзу бенахь лацалур яц. 6. Аьхка – мало, Іай – хало. 7. Садайча, къиг а йоьрзу цІа. 8. Дийнахь – эла, буьйсанна – лай. 9. Хьуьн чохь а, арахь а кетар ю лелаш.

Барта кицанийн маьІна билгалдаккха.

ХIоттае схема тIаьххьарчу предложенин.
Масала: *Генара гора тхан юьртара лекха пепнаш.*

**Шардар 69**. Дага а лаций, дIаязъе хIора латтаман кхоккха предложени.

1. Даран суьртан:
2. Бараман:
3. Меттиган:
4. Хенан:
5. Бахьанин:
6. Iалашонан:
7. Бехкаман а, дуьхьаларан а.

**Шардар 70**. Лахара латтамаш юкъа а лоцуш, предложенеш хIиттае. Латтамашна хаттарш хIиттаде, церан тайпанаш билгалдаха. **Сиха. Лаьмнашкахь. ЦIака. Стомара. Деша. Нохчийчохь. Хазалла**.

**Шардар 71**. Билгалъяха коьрта а, коьртаза а меженаш. Оьшшучу запятойш а хIиттае.

Iа Iаламан шийла мур бу. Адамашна акхарошна хала хуьлу Iай. Делахь а унах-цIена синкъераме хан а ю иза.

Iаьнан уггар шийлачу хенахь хилира дагахь а доцург. Iуьйре маьлхе яра. Амма суьйренгахьа лестича Iаламехь цIеххьана цхьа тамашийна хийцам хилира.

ДелкъалтIаьхьа догIа доладелира. Нур сега а стигал къекъа а йолаелира. ТIаккха аьхка санна догIанца хьаьжкIан буьртигаш санна баккхийра ша бетта болийра.

Буьйса юккъе яххалц иштта лаьттира. Буса догIа лайца хийца а делла гIайба санна ло диллира.

*(Хь. Хасаев)*

Дийцарна цIе тилла.

## Карладаккхарна хаттараш

1. ЦIераш яха коьртачу меженийн.
2. ЦIераш яха коьртазчу меженийн.
3. Къастам стенах олу? Даладе масалш.
4. Муьлхачу къастамах олу берта къастам, бертаза къастам? Масалш даладе.
5. Муьлхачу къамелан дакъойх хуьлу къастам?
6. Стенах олу кхачам, лач кхачам, нийса кхачам (герггара объект)? ХIун башхалла ю царна юккъехь?
7. Юххедиллар стенах олу? ХIун тайпа хуьлу юххедилларш? Юххедилларшкахь дефис маца юьллу?
8. ХIун гойту латтамаша? Билгалдаха латтамийн тайпанаш.
9. Муьлхачу къамелан дакъойх хуьлу латтамаш?

## ЦХЬАЛХЕЧУ ПРЕДЛОЖЕНИЙН КЕПАШ

### § 20. ЦхьанахIоттаман а, шинахIоттаман а предложенеш

**Шена чохь подлежащий, сказуемий – шиъ коьрта меже йолчу предложених *шинахIоттаман* предложени олу**. Масала: *Iуьйранна дашо малх схьакхийтира. Кхана а малх хьожур бу.* (Р. Х.) *Тамара отличница ю.*

**Шена чохь подлежащих, сказуемих коьрта меже цхьаъ бен йоцчу предложених *цхьанахIоттаман* предложени олу**. Масала: *Арахь шелъелла. ЦIа чохь тийна дара. Iаьнан суьйре. Аьхка хьалхxе сахуьлу.*

**Шена чохь коьрта меже кхоъ йолчу преложених *кхаахIоттаман* предложени олу.** Масала: *КIанта книга йоьшу*.

**Шардар 72**. ДӀаязде. Подлежащина кӀел цхьа сиз, сказуемина кӀел ши сиз, нийсачу кхачамна кӀел ситтина сих хьакха. ТӀехула билгалде грамматически а, логически (маьӀнин) а подлежащеш.

1. Бенос ладуьйгӀира (С. А.) 2. Цунна цхьанхьара схьахезира Ӏадхьоькхучу пондаран дукха хаза, дукха исбаьхьа аз. (С. А.) 3. Дагаяьхкинчу ойланаша хилларг диццдира Бенона. (С. А.) 4. Бено книжка еша волавелира. (С. А.) 5. Суьйре тийна яра. (М. М.) 6. Лекхачу стиглахь шийла схьакхетта къегина бутт юккъе баханера. (М. М.) 7. Майрбек сихха аравелира. (М. Я.) 8. Чуьранаш чӀогӀа боьхна хьаьвзира. (С. Б.) 9. Готтачу урамехула мох санна хьаьдда вогӀучу Бетина дуьхьалкхийтира Бештон маьхча Зикара. (С. Б.) 10. Къаьрззина вовшашка а хьаьвсина, соьга схьахьаьвсира кегийрхой. (I. Х.) 11. ЙоӀ йоккхаерца шен нене хьаьжира. (I. Х.) 12. РоггӀана тӀеоьхучу дешархошка Расула цхьацца синтар лора. (М. С.) 13. Кхо синтар дӀаделира Расула цуьнга (Нурседига). (М. С.) 14. Арахь шелъеллера. 15. ЦӀа чохь йовха яра.

Барта схьадийца, **цхьанахӀоттаман** а, **шинахӀоттаман** а, **кхаахӀоттаман** а предложенеш муьлхарш ю.

**Шардар 73**. ДӀадеша. Схьайийца кхечуьнга йовлу а, ца йовлу а, яьржина а, яржаза а, цхьанахӀоттаман а, шинахӀоттаман а, кхаахӀоттаман а предложенеш. ДӀаязъе уьш. Подлежащина кӀел цхьа сиз, сказуемина кӀел ши сиз, нийсачу кхачамна кӀел ситтина сиз хьакха. ТӀехула билгалде грамматически а, логически (маьӀнин) а подлежащеш.

1. ЧӀогӀа шелъеллера чохь. (М. М.) 2. Кху кхеташонехь вистхила дагахь-м вара Акаев. (М. И.) 3. Вассега дӀахьаьжира йоӀ. (М. И.) 4. Пхьоьха сихха стамъелира. (М. С.) 5. Берийн гӀоьнца библиотеки чуьра гӀанташ а, стоьлаш а дӀанисдира Маликас. (I. Г.) 6. Царах цхьаъ нанна вевзира. (М. Г.) 7. Чехка хьалаиккхира иза. 8. Хедас кест-кеста керла книгаш йоьшу. 9. Хьуна хӀунда тарвелла кхунах Зеламха? (М. М.) 10. Цу шена ца бевзачу наха дечу къамелашка чӀогӀа ладуьйгӀира Харачойн Зеламхас. (М. М.)

**Шардар 74**. ДӀаязде, яьржина а, яржаза а, кхечуьнга йовлу а, ца йовлу а предложенеш билгал а йохуш. Билгалъяха коьрта меженаш. Кхаа-еа предложенин схема хӀоттае, дешнийн цхьаьнакхетарш а къестош, бартбаран, урхаллин, тӀетовжаран уьйраш а билгалъеш.

1. Элса вист а ца хилира. (А. Д.) 2. Гучуболуш боллучу маьлхан зӀаьнарша серладаьхна лаьмнийн даккъаш, массо а тайпана бос хийцалуш, лепара. (А. Д.) 3. ГӀадвахана велавелира Жаба. (Р. Х.) 4. Сайна хезна цхьа кица далор ду ас хьуна. (Р. Х.) 5. Юханехьа едира Падам. (Р. Х.) 6. Бутки чуьра аравелира хехо. (Р. Х.) 7. Шегара топ, ирх а ерзийна, шозза ялийтира ШатӀас. (Р. Х.) 8. Дуьйцур ду вай иза. (Р. Х.) 9. Воспитатель вухахьаьжира. (С. А.) 10. Кхоьлино йолчу сийначу стигалхула гучуевлира мархаш. (С. А.) 11. Беной, Таний, дист ца хуьлуш, цӀехьа дирзира. (С. А.) 12. Сени чу ваьллачу Бетина елла Ӏуьллу РакаӀат гира. (С. Б.) 13. Бета ведда БештогӀаьрга вахара. (С. Б.) 14. Лох-Беташ шен нене хьастаме вистхилира. (М. Я.)

Кеп: ***Бета*** *ведда БештогӀаьрга* ***вахара***. (Яьржина, кхечуьнга ца йолу, шинахӀоттаман предложени.)

бартбар (урхаллица)

***Лох-Беташ*** *шен нене хьастаме* ***вистхилира.***

урхалла тӀетовжар

урхалла

урхалла

***Дуьйцур ду вай иза.*** (Цхьалхе, яржаза, кхечуьнга йолу, дийцаран, шинахӀоттаман предложени.)

## § 21. Юьхьан а, билгала-юьхьан а предложенеш

**Шена чохь подлежащи а, сказуеми а долчу предложених *юьхьан предложени* олу**, масала: *Дешархоша сочинени язйира. Трамвай йогIу*.

Юьхьан предложени хила тарло **яьржина** а (*Iуьйранна дашо малх схьакхийтира*), **яржаза** а (*Малх схьакхийтира*), **кхечуьнга ца йолуш** а (*Иза ишколе яхара*), **кхечуьнга йолуш** а (*ЙоIа таблицаш язйира*).

**Шена чохь подлежащи а доцуш, сказуемино формица я маьIница иза билгалдечу предложених *билгала-юьхьан предложени* олу**, м а с а л а: *Тховса тхоьга* ***волахьа***. (Юста: *Тховса тхоьга* ***вола хьо***.) *Бакъдерг* ***алахьа*** *соьга*. (Юста: *Бакъдерг* ***ала ахь соьга***.) *Бакъдерг* ***дийцахьа тхуна***. (Дуста: *Бакъдерг* ***дийца ахь*** *тхуна*). Цу предложенешкахь ***волахьа, алахьа, дийцахьа*** бохучу сказуемеша билгалдо подлежащеш **(хьо, ахь)**: ***волахьа, алахьа*** хилла ***вола хьо*** боху а, ***ала ахь*** боху а дешнаш цхьаьнакхетарца. Цу кеппара, и подлежащеш цу сказуемех дIаийна: ***волахьа: вола*** + ***хьо***, ***алахьа: ала*** + ***ахь***.

**Шардар 75**. ДIаязъе лахара предложенеш, юьхьан а, билгала-юьхьан а предложенеш къовларшна юкъахь билгал а йохуш.

1. СаIдуллин юьхьа тIехула цIен бос кхерстара. (А. А.) 2. Кертара аравелира Адам. (I. Г.) 3. ТIулга тIехь хиъна Iачу стагана тIевахара иза. (I. Г.) 4. Иза Майрбек хиллера. (I. Г.) 5. ГIала дIакхача дезаш вара со. Вигахьа со гIала. (I. Г.) 6. Машен дIайолаелира. (I. Г.) 7. ДоттагIчун сатедан хIоьттира Адам. (I. Г.) 8. Дукха адам деара оцу буса больнице. (I. Г.) 9. Цаоьшург ма хьехадел, Сайпулла. (I. Г.) 10. Адам аравала хьевеллера. (I. Г.) 11. Тийначух ма теша, чехкачух ма кхера. *(Кица)* 12. Нехан хьаьвди тIехь дин а ма барстабе, бехачу новкъахь куралла а ма лелае. *(Кица)* 13. Вочу дашах мотт ларбе, къоланах куьг ларде. *(Кица)*

**Шардар 76**. ДIаязъе предложенеш. Къовларшна юкъахь билгалъе юьхьан а, билгала-юьхьан а предложенеш.

1. Борз хьуьнах бен сецна яц. 2. Хих веддарг хьера кIел иккхина. 3. Лийр воцуш санна деша. 4. Ма лаха бахам, лаха Iилма. 5. Сих а ма ло, виц а ма ло. 6. Хьалха хьажаза ког а ма баккха, тIехьа хьажаза дош а ма ала. 7. Алаша хастае, дина хаа. 8. Аьлча дохковер волу дош ма ала. 9. Дича дохковер волу хIума ма де. 10. СовгIатана беллачу динна бага ма хьежа. 11. Iаж Iожана гена ца бужу. 12. Iожа тIе Iаж бен ца лета. 13. ЦIарца бегаш а ма бе, хих а ма теша. 14. Цхьана буйна ши хорбаз ца тарло. 15. ЦIей, хий цхьаьна тарлац. 16. ЧIерана нека ма хьеха. 17. Урокана цкъа а тIаьхьа ма виса. 18. ЦIахь сочинени язъелаш. 19. Кхана тхоьга волахьа.

## § 22. Билгалза-юьхьан предложенеш

**Шена чохь подлежащи доцуш а, юьхь билгал ца еш а йолчу предложених *билгалза-юьхьан предложени* олу**. Масала: *Аьхка мангал хьокху*. Цу предложенехь гIуллакх кхочушдийриг маьIница хаа йиш ю: мангал мангалхоша хьокху.

Билгалза-юьхьан предложенехь дар кхочушдийриг вац коьрта, коьртаниг цуьнгахь дуьйцуш долу дар ду. И юьхь билгалза юьсу. Цундела ишттачу предложенехь подлежащи хила а ца хуьлу. Масала: *Газет тIехь керла хIун дуьйцу?* (М. Ш.) Дуьйцуш волчунна гергахь гIуллакх ду коьрта, и гIуллакх дийриг коьрта ца лору, иза тидаме оьцуш цахиларна.

**Шардар 77**. ДIаеша предложенеш, барта церан кепаш а къастош. ДIаязъе уьш, билгала-юьхьан а, билгалза-юьхьан а предложенеш къовларшна юкъахь билгал а йохуш.

1. Тховса тхоьга волахьа. 2. Тхоьга хьалхxе дуьйлийша. 3. ЦIена йолуш дуьйна бедар а Iалашъе, жима волуш дуьйна хьайн сий а ларде. *(Кица)* 4. Цхьана куьйга шед басталур бац. 5. Ишколехь а, цIахь а дешар дика Iамаделахь. 6. Хала баккхалора ког. 7. Сих а ма ло, виц а ма ло. *(Кица)* 8. Ма лаха бахам, лаха Iилма. *(Кица)* 9. СовгIатана беллачу динна бага ма хьежа. *(Кица)* 10. НеI туьйхира. 11. УьйтIахь стогарш латийра. (М. Ш.)

**Шардар 78**. ДIаеша предложенеш, церан кепаш а къестош. ДIаязъе уьш, къовларшна юкъахь юьхьан а, билгалаюьхьан а, билгалза-юьхьан а предложенеш билгал а йохуш.

1. Кест-кеста йора юкъараллин собранеш. (Р. Х.) 2. Іаьржачу буса говрахь чехка ца вахало. (М. Я.) 3. Цу йозанца хьайна йиталахь и шед! (М. М.) 4. Сенчу стигала ялахьара и шед цу тІе яздинчу сел Іовдалчу йозанца! (М. М.) 5. Кертахь кхоччуш тийна дара. (М. Я.) 6. Цунна а куьйгаш айдира (Р. Х.) 7. НеІ дІа ма еллалахь! (М. Г.) 8. НеІаре дІатоьттура иза. (М. Г.) 9. Куьйгах хІума туьйхира цунна. (М. Г.) 10. Оцу сохьта чохь хелхаран бал дІаболийра. (М. Я.) 11. Марижа тховссехь цІа яло еза. (М. Я.) 12. Самаре дІакхечира. 13. Ведан-гІопан кевнал чоьхьавала къаьсттина хала дара хан йоцчу хенахь. (М. М.) 14. Чувеанчул тІаьхьа аравала а дацара хІумма а атта. (М. М.) 15. ГІопа чохь а дацара садайначул тІаьхьа дика маьрша-м. (М. М.) 16. Зеламха жа тІе вахара. (М. М.) 17. И гІанташ берда йистехула хІиттийнера. (М. М.) 18. Вигахьа со охьа. (І. Г.) 19. Ма бодане, буьрса ю-кх тховса цу арара буьйса! (М. Я.) 20. ХІусамненера дехна тиша гали а эцна, Хьасамбий, Дукий дІавахара. (М. Я.)

## § 23. Юкъара-юьхьан предложенеш

**Шена чохь подлежащи а доцуш, юкъарчу маьІница иза дало тарлучу предложених *юкъара-юьхьан предложени* олу**. Масала: *Охуш аьлларг оруш карийна*. (Хьанна а.) *(Кица)* *Барзана бага пІелг ца буллу*. (Цхьаммо а.) *(Кица)* *Нехан динара хотталахь вуссу*. (Милла а.) *(Кица)*

**Коьртачу декъана юкъара-юьхьан предложени кицанах хуьлу**. (Хьажа лакххахь далийнчу масалшка.)

**Шардар 79**. ДІаязъе лахахь ялийна предложенеш, **юьхьан** а, **билгала-юьхьан** а, **билгалза-юьхьан** а, **юкъара-юьхьан** а предложенеш къовларшна юкъахь билгал а йохуш.

1. Оцу минотехь яйн шок туьйхира. 2. Ахьмадан цІарца соьга кхайкха баьхкира. 3. Сов цІа чохь суна мотт биллира. 4. Гали чохь цхьамза хьуллур бац. *(Кица)* 5. Къоламца яздинарг дагарца хадалур дац. *(Кица)* 6. Цунах бакъдерг дийцахьа суна. 7. Нехан динара хотталахь вуссу. 8. Кеманаш дуттуш лаьттара. 9. Лекхачу орцан басахь жимо кІотар гора. (С. Б.) 10. Буьйса сов Іаьржа яра. 11. Ялташ чудерзадо аьхка. 12. Мича дуьгу хьелий? (Р. Х.) 13. Яккхахьа цуьнан цІе. (Р. Х.) 14. Охуш аьлларг оруш карийна. *(Кица)* 15. Барзана бага пІелг ца буллу. *(Кица)*

Билгалза-юьхьан а, юкъара-юьхьан а предложенеш чІогІа вовшех тера ю, царна юккъера башхо йовза а, доза тоха а хала а хеташ. Уьш вовшех къасто, хала а боцуш, цхьа некъ бу. Билгалзачу-юьхьан предложенехь юьхь билгал ца йо, хІунда аьлча цуьнгахь юьхь коьрта йоцуш, дар (сказуеми) коьрта хиларна, дар кхочушдан дезарг говзалле я доьналле хьаьжжина декхарийлахь верг хиларца, масала: *Газеташ тІехь керла хІун яздо?* (Яздо шайн говзаллица я хьуьнарца яздан декхарийлахь болчара – журналисташа, я газетан белхахоша, я корреспонденташа). Юкъарчу-юьхьан предложенехь а подлежащи ца хуьлу, амма иза юкъарчу маьІнехь ала тарло, дар кхочушдийриг милла а велахь а, башха а доцуш, масала: *Нехан динара хотталахь вуссу. (Кица)* – Милла а. *Къоламца яздинарг дагарца хадалур дац. (Кица)* – Цхьаьнгге а.

**Шардар 80**. ДІаязъе лахара предложенеш, къовларшна юкъахь юьхьан а, билгала-юьхьан а, билгалза-юьхьан а, юкъара-юьхьан а предложенеш билгал а йохуш.

1. Эдал сиха чуиккхира. (І. Г.) 2. Массо а хІуманах лаьцна а ала мегар ду хаза дош, амма уггаре а дика дош – дикачу адамех лаьцна. 3. Аьхка йол хьокху. 4. Айхьа ца лов дерг нахе ма ала. *(Кица)* 5. Хьалхе Іуьйранна бежнашна хьалха керла йол йиллира. 6. Дукха дира хеттарш. (Р. Х.) 7. РагІу кІел сецира ТІуха. (Р. Х.) 8. Байтахьа иштта болх луучуьнга (Р. Х.) 9. Деха дийцира. (Р. Х.) 10. Сацам бира юкъара собрани ян. (Р. Х.) 11. Чуьрнаш бийлабелира. (Р. Х.) 12. Шура йоккхуш долу хьелий дІа маца дуьгур ду? (Р. Х.) 13. Цхьана куьйга шед басталур бац. 14. Дикачу адамех лаьцна дукха яздо газеташна а, журналашна а тІехь.

Билгалдаккхар. Юьззина йоцу билгалза-юьхьан предложени вовшашка дечу къамелехь (диалогехь) а хила тарло, масала:

*– Гадел а жима вац иза?*

*– Дуккха а жима ву.* (Р. Х.)

## § 24. Юьхьза предложенеш

**Подлежащи а доцуш, хила оьшуш а йоцчу предложених *юьхьза предложени* олу**. Масала: *ХIинца шелъяла йоьлла. Арахь хаза ю*.

**Юьхьза предложени яржаза а, яьржина а хила тарло**, масала: *Шелъелла. Йохъелла. Iаржъелла*. (Яржаза юьхьза предложенеш). *Арахь шелъелла. Арахь йохъелла. ХIинца Iаржъелла.* (Яьржина юьхьза предложенеш.)

**Коьртачу декъана юьхьза предложени дерзоран я гIоьнан хандош шена юкъадогIуш а, цIеран я хандешан хIоттаман сказуеми юкъадогIуш а хуьлу**, масала: *Iаржъяла юьйлира. Арахь Iаьржа ю. Екхна*.

**Шардар 81**. ДIаязъе предложенеш, къовларшна юккъехь **юьхьан** а, **билгала-юьхьан** а, **билгалза-юьхьан** а, **юкъара-юьхьан** а, **юьхьза** а предложенеш билгал а йохуш.

1. Юьртахьчул тхан кхузахь тоьлуш ду! (С. А.) 2. Лерина шен дега хьаьжира Бено. (С. А.) 3. Гонах тийна ду. 4. Арахь Iаьржа ю. 5. Арахь Iаржъелла. 6. ЦIеношна чохь тийна дара. 7. Бешахь тийна дара. 8. Арахь екхна яра. 9. Ма самукъане ду-кх дуьненахь ваха! 10. Дика лаьттира Эшарп арахь. (С. Б.) 11. Лекхачу орцан басахь жимо кIотар гора. (С. Б.) 12. Аьхка йол хьокху. 13. Бехк ма биллалахь суна. 14. Арахь цIеххьана тIеян йолаелира. 15. Цу сохьта екхна дIа-хIоьттира.

**Шардар 82**. Юьхьан предложенех юьхьза предложенеш а еш, дIаязде.

1. Арахь цIеххьана догIа доладелира. 2. Суьйре екхна яра. 3. Буьйса Iаьржа яра. 4. Iа шийла дара. 5. Iуьйре шелъелира. 6. Гурахь буьйса Iаржъяла йолаеллера. 7. БIаьстенан аренаш хазъеллера.

Кеп: *Iа шийла дара. – Iай шийла яра. Iай арахь шийла яра*.

## § 25. ЦIеран предложенеш

**Подлежащи бен кхин коьрта меже йоцчу предложених *цIеран предложени* олу**. Масала: *Гуьйренан юьхь. Тийна буьйса*.

ЦIеран предложенехь, хIуманан цIе яккхар бен, кхидIа цунах лаьцна хIумма а ца дуьйцу.

ЦIеран предложенеш хила тарло яржаза а, яьржина а, масала: *Гуьйре. Буьйса*. (Яржаза цIеран предложенеш.) *Йочуне гуьйре. Iаьржа буьйса*. (Яьржина цIеран предложенеш.)

ЦIеран предложени шакъаьсттинчу эшарехь олу, хIунда аьлча, хIуманан цIе яккхарал сов, кхидIа хIумма а ца дуьйцуш сацош, чеккхйолуьйту иза.

**Шардар 83**. ЦIеран предложенешна кIел сиз а хьоккхуш, дIаязде.

Боккха некъ. Декаш олхазарш. Аьрру агIорхьа гуш тиша хьер. Хин гIовгIа. Хьера хьалха лекха талл, цунна юххехула тIулгийн лекха керт, татол. Боккхачу новкъахула цIена духаделла, дукха самукъане йоIIий, кIанттий долу чекх. Аьрру агIорхьа гучуволу фински тIамера вогIу Мута. Аьрру агIор чамда а карахь гучуволу эскаре воьду Ханпаша. И шиъ дуьхьалкхета. Мута Iасанашца ву.

*I. Хамидов. «Лийрбоцурш»*

**Шардар 84**. ЦIеран предложенешна кIел сиз а хьоккхуш, дIаязде.

1941-гIа шо. Украина. Декабрь бутт, хьоькхуш мох. Захаровка-эвлана гена йоццуш хьуьнан йист. Шиъ-кхоъ дитт, тIамо баххьаш мерцина, лазийна ду. Сцени тIехь цхьаберш бийшина бу, важаберш бийшаза бу. Геннахь гуш йогучу гIалано серлайоху стигал. Халла хезаш яккхийчу тоьпийн йийлар.

*I. Хамидов. «Лийрбоцурш»*

**Шардар 85**. ДIаязде, цIеран предложенешна кIел сиз а хьоккхуш.

МаьркIаж-хан. Каметин хIусам. ШолгIачу цIа чу йолуш неI. Шина кора юккъехь, тIе гата а оьллина доккха куьзга. Ханпашин сурт лаьтташ стол, дехьай, сехьай ши гIант а долуш. Пенах кхозуш сахьт а, къорза истанг а, радион кад а. НеIсагIехь лаьтташ кIудал. Арахь цIийзаш шийла мох. Радио чухула лоьккхуш музыка. ЧуйогIу Камета. Стоьл тIе а йогIий, цо лампа латайо. Иза Ханпашера деана кехат деша хуу. Кехат магнитофонни записца хеза.

*I. Хамидов. «Лийрбоцурш»*

## § 26. Юьззина а, юьззина йоцу а предложенеш

**Кхетарна оьшуш йолу меженаш шена чохь йолчу предложених *юьззина предложени* олу**. Масала: *Автобус йогIу. Бераш ишколе деша доьлху*.

Вайна ма-гарра, юьззина предложенеш яьржина а, яржаза а, кхечуьнга йовлуш а, ца йовлуш а хила тарло.

**Коьрта я коьртаза меженаш эшош [1], амма уьш маьIница атта схьакарош йолчу предложених *юьззина йоцу предложени* олу**.

Юьззина йоцу предложенеш коьртачу декъана вовшашка дечу къамелехь (диалогехь) хуьлу, уьш хуьлу хаттаршна дуьхьал ялочу предложенехь. Юьззина йоцчу предложенехь ялоза йитина меженеш хьалхарчу предложенехь схьакарайо. Масала:

*Яхас Заргане хаьттира:*

*– Хьо соьца ишколе йогIий?*

*– ЙогIу.* (Юста: *Со хьоьца ишколе йогIу.*)

Хьалхара хаттаран предложени **юьззина предложени** ю, цунна дуьхьал ялийна дийцаран предложени *(ЙогIу.)* **юьззина йоцу предложени** ю, хIунда аьлча, цу юкъахь эшийна ***со*** подлежащи а, ***ишколе*** меттиган латам а, ***хьоьца*** дош а.

Юьззина йоцу предложени, шакъастийна аьлча, юьззина кхеташ а ца хуьлу. Цхьабакъду, автобус я трамвай ларъеш Iачу меттехь цхьаммо ***йогIу*** аьлча, иза, кхеташ а йолуш, юьззина йоцу предложени хуьлу. **Дешнаш ца эшош аьллачу предложених *юьззина предложени*, дешнаш эшош аьллачух *юьззина йоцу предложени* олу**.

**Шардар 86**. ДIаязъе текст, къовларшна юкъахь юьззина а, юьззина йоцу а предложенеш билгал а йохуш.

ХIусамдас цецваьлла ладоьгIура хьешо дуьйцучуьнга. Гуш дара иза цхьа хIума дагадаийта гIерташ хилар.

– ЦIе хIун яра цуьнан? – хаьттира цо цIеххьана.

– Цуьнан цIей?.. Цуьнан цIе Iела яра, моьтту суна. Оцу сан хьешах, Iелех, хилларг хаьий шуна?

– Дера хаьа.

– Суна вевзинчу хенахь зуда а, ши кIант а дара цуьнан. Царах цхьаъ хилла хир ду-кх.

– Цхьаберш дийна бу.

– Мичхьа бу уьш? Кху юьртахь буй?

– Дера бу. Цуьнан жимахволу кIант со ву…

– Шун ненан цIе хIун яра? – хаьттира Iелас эххар а.

– Айза.

– Ткъа Айзех хIун хилла, дукха къанъеллий хIара?

– Дера къанъелла. Иза кхечухьа марехь ю.

– Кху эвларчу стагехь юй иза?

*А. Айдамиров. «Маршонан цIарах»*

**Шардар 87**. Къовларшна юкъахь **юьззина** а, **юьззина йоцу** а предложенеш билгал а йохуш, дIаязъе текст.

Палати чу велира Адам. БIаьргаш биллина йоI гина, хазахийтира цунна.

– Муха ю хьо? Вон лозий?

Жоп а ца луш, хаьттира йоIа:

– Со кхуза муха къаьчна? ХIун ду суна хилларг?

– Хьо жимма лазийна.
– Хьан? Стен?
– Машено. Кхераме хIумма а дац. Дика толур ю. Жимма меттахь Iилла дезар ду.
– Когана хIун хилла сан?
Ша вогург лечкъош, элира Адама:
– Ког а толур бу. Дукха ма ле, дика дац хьуна.

*I. Гайсултанов. «Мила ву хьо?»*

# 9-гIа класс

## ЧОЛХЕЧУ ПРЕДЛОЖЕНИН СИНТАКСИС

### *8-чу КЛАССЕХЬ IАМИЙНАРГ КАРЛАДАККХАРНА ШАРДАРШ*

**Шардар 165**. ДIадеша. Билгалъяха коьрта меженаш. Дийца, муьлхачу къамелан дакъойх хилла уьш.

1. Делахь а со бахьана долуш нахана лелхачу сингаттамаша бIарзвина со. (М. М.) 2. Сих а ца луш, маьхьсеш а, мачаш а тIеюха волавелира воккхастаг. 3. Урамехь адамаш гучудийла девлира. 4. ЦIаро вагорна а кхоьруш, хиэ вахьарна а кхоьруш, машено, кхечу хIумано лазорна а кхоьруш, мацваларна, хьагваларна а кхоьруш, кхиаво дас-нанас доьзалхо. (М. Я.) 5. Безткъе бейта кIур бара цу юьртах хьалаболуш. (С. К.) 6. Кура волчунна бале йолу куралла. (С. К.) 7. ПIераскан де дара къастийнарг. (С. К.)

**Шардар 166**. МаьIнин подлежащешна кIел сиз а хьокхуш, схьаязъе. Къовларшна юккъехь билгалдаккха, муьлхачу дожарийн форманаш ю церан.

Чхеройн лаба хьалха а оьзна, тIехарца кечбелча санна, лаьтта и буьрса лам. Шеран еа хенах къастам ца беш, дохк-мархица хьулдо цо шен оьгIазе амат. Iай-бIаьста а, гурахь-аьхка а кIайн кирхьа кхозу цу ломана дуьхьал. Белхаран къурдашца боьра а бекош, лакхара охьатуьйсу цу ломо шовда. Кхоаме хета цунна шех схьакъаьста тIадам. Хама боккха а бо цо ша-шен. Iинан хоршах мотт хьоькху шал шийлачу шовдано. ГIийла чIуг етташ, тача доккху цо шена. Некъан бохаллица ша гIелдаларе терра, хьесталуш доьду и шовда Орган чу.

*(С. Курумова)*

**Шардар 167**. Сказуемешна кIел сиз а хьокхуш, схьаязъе. Къовларшна юккъехь билгалдаккха сказуемин тайпа.

1. Халкъо хьан гIуллакхашна баркалла боху. (I. М.) 2. Суьйре шен Iаьржа чорда маша боза кечлуш йоллура. (С. Б.) 3. Гоьяьлла елха ца яьхьара нана. (С. К.) 4. Къоламаш буйна леца буьйлалуш бу нохчий (Х. Э.) 5. Хелипат дегIана эгIазо стаг яра, хьеран тIулг санна, аьгна юьхь а йолуш. (С. Б.) 6. Дан а дара гуш дерг дукха ирча хIума. (I. Г.) 7. ЧIепалгаш Хизарин дааршлахь уггаре а хаьржина кхача бара. (С. Б.)

**Шардар 168**. ДIадеша. Билгалбаха кхачамаш а, къастамаш а. Дийца, муьлхачу къамелан дакъойх кхоллабелла уьш.

1. Дений-нанний муьтIахь боцу доьзал – гергара мостагI. *(Кица)* 2. Царна а каро мега иза кхето некъ. (М. С.) 3. «Дада-бIарна» тIера кен утармашна тIекхаччалц теснучу телат тIехь хьалхxе хьалаоьхкина мехкдаьтта даго панараш, лампанаш кхозура. (М. С.) 4. Хьох-м тешара со, хьо тешачух ца теша-кх. *(Кица)* 5. Даго дIадоьхура Iаламо делларг. (А. С.) 6. Ша дуьйцучунна тидам тIеозо хаьара кIантана. (М. С.) 7. Космосе хьо воьдуш сурт хIуьтту суна. (А. С.) 8. Цу ойланаша тIеттIа карзахвохучу цуьнан дегIе зуз деара. (Н. М.)

**Шардар 169.** Латтамашна кIел сиз а хьокхуш, схьаязъе. Къовларшна юккъехь билгалдаккха латтамийн тайпа.

1. Цхьа а ца велира иза вухаверзо. 2. Вичахьана а кхузахь ваьхнера и. 3. Шуьга гІо деха даккийтина тхо. 4. Даккхий хилча а, шен бераш бераллера ца довлу. 5. Нурседа ишкапа юххехь, пхьегІаш цІанъечуха, бошхепийн тата а деш, лерина ладоьгІуш лаьттара. 6. Нурседа чуьра араиккхира Товсолта лаха. 7. Даудера а кехат ца догІура дукхахенахь дуьйна. 8. Оьрсийн мотт ледара хаахь а, нохчийн мотт говза буьйцура цо, мет-меттахь шира дешнаш а, хаза кицанаш а далош. (М. С.)

**Шардар 170**. ДІадеша. Билгалъяха цхьанатайпанара меженаш. Оьш-оьшучу сацаран хьаьркаш а дохкуш, схьаязде.

1. Цундела цкъа куьйга тІе корта а буьллий ойла йой стоьл тІе охьавоьдура иза юха а айалой мозаша бехбеш Іаржбинчу кху тхевне хьалахьаьжжинчохь дІатоьра. (М. М.) 2. БІаьрга тІе бІаьрг а боьгІна лаьттара ши стаг беран бос а база волу жимхий гІеметта хІоьттина къонахий. (С. К.) 3. Вацара Зовра шайн кертахь а майданахь а цхьаннахьахь а вацара-кх. (С. К.) 4. Ечу ойланашца берашца са а лаьтташ Іимран шайн лохачу неІаре веара. (С. Б.) 5. Хьалхаваьлла Товсолта а волуш Эскинойхь герз гулдира шалготоьпаш тарраш шаьлтанаш финканаш. (М. С.)

**Шардар 171**. Шакъаьстинчу меженашна кІел сиз а хьоккхуш, оьш-оьшучохь запятойш а хІиттош, схьаязде. Синтаксически талла хьалхара кхо предложени.

1. Хийла буьйсанашкахь гІенаш го суна ирча догІа детташ бодане мархаш ткъес деттаран цІеран шодмаш а цоьстуш дистинчу хиша ирча гІовгІанаш еш. (Н. М.) 2. Наггахь, ца хуучуха, бен а доцчу кепехь цуьнгахьа дІахьоьжура Селита. (М. С.) 3. Селитас тахана «шиъ» даьккхина цкъа а даьккхина доцу. (М. С.) 4. Вукху агІор цхьана жимочу стоьла тІехь лаьттара йоккха патефон а пластинкийн дийнна барз а юххе хІоттийна шиъ жимха а волуш. (М. С.) 5. Ирзешна тІехь лакхахула хаало кІайн-къорза хьоькхнаш. (С. К.)

## § 43. Чолхечу предложенех лаьцна юкъара кхетам

**Шина я масех цхьалхечу предложенех лаьттачух *чолхе предложени* олу**.

Масала: *Кир тохаза дукха хан йолу пенаш къарздинера хатташий, кир охьаэгначу меттигашкарчу хьоькхнаший; чохь, лакха сонешкахь а, тховх а тІе чан лаьцна гезгмашош кхозура, цІенкъа тесна тишо черт яра*. (І. Г.) *Схьадийцал хІинца, хІун ду хьан цу обаргашца дозуш?* (М. М.)

**Чолхечу предложенешкара цхьалхе предложенеш вовшахъхутту я *хуттургаша*, я *хуттургийн дешнаша*, я *эшаро* (интонацино).** Масала:

Хуттургаша

*Массарна а хууш дара хьуьнарш гойтург хилар, **амма** и дешнаш хезча, хазахетта, гІовгІанаш евлира*. (І. Г.)

*Тховса, Марижа еана **аьлла**, синкъерам бан кечлуш дара бераш*. (М. Я.)

Хуттургийн дешнаша

*Церан болх **муха** дІабоьду хьожуш, цкъа Берса ша а хиллера ломахь*. (А. А.)

Эшаро

*Белхан арахь тахана мукъа де дац: бІаьстено юьртан бахамера сиха гІуллакххаш лоьху.* (Н. М.)

Чолхе предложенеш екъало кхаа тобане: 1) ***чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш***; 2) ***чолхе карара предложенеш***; 3) ***хуттургаш йоцу чолхе предложенеш***.

**Шардар 172**. Чолхечу предложенешкахь цхьалхенаш вовшахтосуш болу гІирсаш билгалбаха.

1. Оха хоуьйтур ду шуна, паргIато къевсина, муха дала деза. (А. Ш.) 2. Тоххарехь аьхкенан каникулаш юьйлаелла, амма Кесирт отпускехь а мукъа яц. (Н. М.) 3. Цуьнан бIаьргаш шуьйра къаьрзинера, цуьнан лахара балда эгадора. (С. Б.) 4. Дадаша, дуьхьал жоп луш, мохь туьйхира, амма цо аьлларг Идрисана ца хезара. (А. А.) 5. И меттаеана аьлла, кхаъ кхаьчна лоьраш, сестраш цу сохьта схьахьаьлхира. (М. И.) 6. Апти вист ца хуьлуш Iеран бахьана Мохьмадана ца хаьара, амма иза чIогIа синтем байна хилар гуш, хаалуш дара. (М. Я.)

Схьаязъе хьалха интонацица кхоллалуш йолу чолхе предложенеш, тIаккха – кхечу гIирсашца кхоллалуш ерш.

## ЧОЛХЕ-ЦХЬАЬНАКХЕТТА ПРЕДЛОЖЕНЕШ

### § 44. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложених лаьцна юкъара кхетам

**Чолхе-цхьаьнакхетта предложени цхьатерра бакъо йолчу шина я масех цхьалхечух лаьтташ хуьлу. И цхьалхе предложенеш вовшех юзу цхьаьнакхетаран хуттургаша**. Масала: *Цу ханнийн гIишлошна массо а маьIIе буьйлуш, цIийзарца ловзуш мох а бара, кху буьрсачу буьйсанна дIатийначу жIаьлийн хезаш гIовгIанаш а яцара*. (С. Б.) *Цо ма-аллара, фашисташ тIелетира, амма церан атака юкъахйисира*. (Х. Э.) *Вай ду керла дахар хIотто дезарш, ткъа цундела хьежа ца деза бакккхийчара, чу а баьхкина, «чудуьйла, даха шайна» аларе*.

**Шардар 173**. Схьаязде. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкара цхьалхе предложенеш а, коьрта меженаш а вовшахъхутту цхьаьнакхетаран хуттургаш а билгалъяха.

1. БIаьсте а дIаелира, деана Iа а тIехIоьттира. (С. Б.) 2. МидаевгIеран цIеранаш тоххарехь бийшинера, амма хIара шиъ арахь меллаша къамелаш деш Iара. 3. Иза дIатоьттура хьекъало, амма деган къайленашкахь питана туьйсуш, и эладита марсадохуш дара цхьа къиза аз… (Хь. С.) 4. Трактор лело бакъо елира Татина, амма дукха болх бойла ца хилира хIетахь. (I. Д.) 5. Цу шиннах цхьаъ вара маршича Берча, ткъа важа – цу юьртара вахархо Iеха. (Х. Э.)

### § 45. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь дозаран а, дуьхьалара а, къасторан а хуттургаш

**Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкара цхьалхе предложенеш вовшахъхутту цхьаьнакхетаран хуттургаша. Оцу хуттургийн маьIнига хьожжий хуьлу чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн маьIна а. Цхьаьнакхетаран хуттургаш кхаа кепара хуьлу**. Масала:

1) **а–а** бохучу **дозаран хуттургаца** йолчу чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенеша гойту хIора предложени чохь хуьлуш дерг цхьаъ кхечунна тIаьхьа я цхьана заманчохь кхочушхилар. Масала: *Суьйранна, ворхI даьлча, тхо зал чу дIа а гулделира, физикин хьехархочо тхуна космонавтиках лаьцна лекци а йийшира*.

Дозаран хуттург **а–а** хуьлу хIора предложенин сказуемина хьалха.

2) **Амма, ткъа, делахь а, бакъду (цхьабакъду), хIетте а** бохучу **дуьхьаларчу хуттургашца** йолчу чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенеша гойту цхьана предложенехь дуьйцуш дерг вукхунна дуьхьал маьIна долуш хилар. Масала: *Кху шарахь цо тIелаьцнера лесокомбинатехь болх бан, **амма** гуш дара цигахь а цо ша вовзийтина хилар*. (М. М.) *И кечам цо бина хиллера, **ткъа** иза цхьанна а дагахь а дацара. И шен норма кхочушйича, дIаваха бакъо яра цуьнан, **делахь а** накъосташна гIо дан сецира иза. Дешархой шайн декъа тIехь къахьегна дукха хьалхе бевлира, **бакъду** бинчу балхана ала хIума дацара*.

Далийнчу масалша тоьшалла ма-дарра, дуьхьалара хуттургаш хуьлу шолгIачу предложенина юьххьехь.

3) **Я** бохучу **къасторан хуттургаца** йолчу **чолхе-цхьаьнакхеттачу** предложенеша гойту шайгарчу предложенешкахь дуьйцуш дерг хийцалуш хилар я кхочушхила тарлуш долчарах цхьаъ къастош хилар. Масала: *ХIан-хIа, Мазлакера векалш а боцуш вай и дийцарх, кху махкахь машар а хир бац, я уьш а боцуш вай и дийцарх, цунах гIуллакх а хир дац* (М. М.)

Къасторан хуттург я шолгIачу предложенина юьххьехь хуьлу, амма хIора цхьалхечунна хьалхахь нисъяла а тарло иза. Масала: ***Я*** *хьо вола тхуна тIе,* ***я*** *хьайн накъост вайита*. (М. М.) Кхузахь къасторан хуттург **я** хIора предложенина хьалхахь ластта.

Вай билгал ма-даккхара, чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкара цхьалхенаш вовшахкъастайо запятойшца.

**Шардар 174.** Схъаязде, цкъа хьалха **дозаран хуттургаш** йолу чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш, тIаккха – **дуьхьалара** хуттургаш ерш, цул тIаьхьа – **къасторан хуттургаш** ерш.

1. Товсолта, Iабдулрешеде а хьаьжна, къайллах велакъежира, амма важа, хIумма а ца хезачуха, шен мукъам беш Iара. (Н. М.) 2. Нах, берраш а бохург санна, охана дина бевлла бохкуш бу, ткъа дадас хIинца а дола а ца дина. (М. М.) 3. Цкъа а воьхна хилла вац со, амма, и фонтан иккхича, со баккъалла а кхеравелла вара. (Н. М.) 4. Пондарчас, аз айдеш, Шамстин хелхаран йиш а лекхира, тIехьахь лаьттачу кегийчу наха туху тIараш а чIагделира. (М. М.) 5. Кхана Iуьйранна со шу долчухьа вер ву я телефон тухур ю, ткъа, Казуевс ма-аллара, ахь дерриг а лартIехь латтаде. (Н. М.) 6. Хьуна хилла бохам бицбала а ца туьгу, амма хьо цу балех хьалха-м ер ю, дукха хан ялале. (С. Б.) 7. Сохьтехь бен йина хир яцара цо наб, делахь а дегIа чу са деара. (М. М.)

**Шардар 175**. Цхьаьнакхетаран хуттургашца цхьалхе предложенеш вовшах а тосуш, хIиттае чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш.

Кеп: *Къеггина хьоьжура малх. Арахь йовха яцара. – Къеггина хьоьжура малх, амма арахь йовха яцара*.

1. Йочане денош лаьттара. Пачхьалкхан бахаман белхалоша хIинцале кхочушйинера хьаьжкIаш чуерзоран план.

2. Иза, меттавеана, бай тIе охьахиира. Цу сохьта цига лоьрийн машина кхечира.

3. ЙоI могуш юйла хиира цунна. ХIинца а сапаргIат яцара иза.

4. Чуваха ца хIуттура Iимран. Садовш лаьттара.

5. Собрани цу тIехь чеккъелира. Гулбелларш дIасабекъабелира.

6. Книжка-м мужалт боьжиг а яьлла яра. Дукха хан ялале цо иза тойира.

**Шардар 176**. Оьш-оьшучу заппятойш а йохкуш, схьаязъе. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь билгалдаха цхьаьнакхетаран хуттургийн тайпанаш.

1. Дикачу стагана корта ца кхоо а мегар ду амма цхьаволчунна-м мIарийн юьхьиг а ца йогIу. (Н. М.) 2. Тахана а иштта дара делахь а кху сарахь хIусамда синкъерам болчу чохь соцуш вацара. (М. М.) 3. Арахула ас и лоьлуьйтур яц ткъа чохь дукха дика мегар ю. (М. И.) 4. Вела а къежна цуьнан дехар кхочушдира Султана амма лерина паровозана чухьоьжучу берашна машинист ца гира. Вукху агIор а яьккхира цара шайн машина амма тIаккха а хIумма а ца гира. (I. Г.) 5. Хаац суна-м Хьава ас хIун дича хьуна синтем хир бу. Амма цхьана а хIуманах хьо кхера оьшуш дац я кхерарх хила пайда а бац. (М. М.) 6. Сирла-хьаьрса Нурседа цIена шен нана яра бакъду амал дениг кхаьчнера цуьнга. (М. С.)

**Шардар 177**. Цкъа хьалха схьаязъе цхьанатайпанара меженаш йолу предложенеш, цул тIаьхьа – чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш. Оьш-оьшучу запятойш яхка.

I. Идрис корта а оллийна цIа вахара кханнехь Iимранца тан чIагIо а йина.

Амма кхана а я лама а цуьнан аьтто ца нисбелира Iимране вистхила. Iимранний Лом-Iелий берашца а ца хуьлура… Кех тIехволуш гора Идрисана чоьхьа динчу цIенойн учахь даггара воьлуш оьрсашца цхьацца деш, ловзуш Iимранний Лом-Iелий. Веха лаьттира иза зIаран керта юккъехула цаьрга дIахьоьжуш хьоьгуш тIеваха а ца хIуттуш. Дечигах йина тайп-тайпана ловзо дукха хIумнаш гора цунна цаьргахь: секхаIодмаш а тарраш а тапчанаш а. (I. Г.)

**Шардар 178**. Яздаза дитина элпаш а, запятойш а йохкуш, схьаязде.

I. 1. ШолгIачу дийнахь юххерчу кIотаршкара орца кхечира бакъду тI…хьа дара. (С. Б.) 2. Оцо а дог Iовж…ра Селитин делахь а я и Iехо а яхь дIаяла а дагахь-м яцара и. (М. С.) 3. Абу ша а

вацара девнашна тӀера амма Идрисаца доттагӀалла леладарна гӀо ца даьккх…ча ца волура. (І. Г.) 4. Цкъацкъа эртханан кулла кӀелхьара дӀаоьккх…ра моьлкъа я некъ а хадош Ӏажаркхлахь бовра. (М. С.)

II. 1. Массанхьахь а лаьмнаш ду делахь а генна дӀа гуш шерра ар…-м яц! (М. С.) 2. Хьалха лаьтта буха юьлл…ра тхан колхозо силос амма дараш дукха хуьлура. (І. Г.) 3. Оцу новкъа машенаш дукха а лелара дукха хан ялал… тхо дӀа а дахара. 4. ТӀаьхьа-м ду делахь а хьоьжур ю со. (М. С.)

**Шардар 179**. Билгалъяьхначу теманех цхьанна йоцца сочинени язъе чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш юкъа а лоцуш, кӀел сизаш хьекха хуттургашна. 1) **«Гуьйранна хьуьнхахь»**; 2) **«Къийсадаларш»**; 3) **«ДогӀане де»**.

**Шардар 180**. Чолхе предложенеш цхьалхечаьрга а йоькъуш, дӀаязде.

Кеп: *Со цаьрга хьежа кӀадвеллера, ткъа уьш хӀинца а гучубовлаза бара. – Со цаьрга хьежа кӀадвеллера. Уьш хӀинца а гучубовлаза бара*.

1. Лам чохь а кху сохьта башха даладелла хьал дац, делахь а, хьо санна хьаша сайн хӀусамехь хилча, реза-м хир вара хьуна со. (М. М.) 2. Ишколехь дечиг дара, амма мехкадаьтта дацара. (М. С.) 3. Ша цу дикачу зудчо кху чохь йитарна а, балха дӀаэцарна а сапаргӀатдаьллера Вассин, амма бӀаьргнегӀар тухучу минотана а йоӀий, майрий дагара ца долура. (М. И.) 4. Русланан да мацах ДегӀастанара схьакхелхина Ӏаьнди вара, ткъа нана кхузара нохчо яра. (М. С.) 5. Ма цхьабосса хьалаяхана кхара йоьгӀна беш, бакъду хьалхарчу могӀарехь Дада-бӀарна юххера кхо дитт-м, цуьнан ӀиндагӀе нисдаларна вукхарал дикка лоха дисинера. (М. С.) 6. Бераш ца дезна вацара Товсолта, делахь а цхьаьнгга а хецца цу хьокъехь вистхила юьхь-м яц, цкъа шен чуьрачу Ӏадатан орамах а ца тасалуш (М. С.)

## ЧОЛХЕ-КАРАРА ПРЕДЛОЖЕНЕШ

### § 46. Чолхе-карарчу предложених лаьцна юкъара кхетам

Чолхе-карарчу предложенера цхьа предложени вукхунах йозушший, кхетошший хуьлу. Масала: *Суна хезнера, **гӀалитӀахь нохчийн мехкарийн интернаташ ю бохуш***. (М. С.) *Цу тӀе а доьгӀна, суна хета, **оцу чохь жовхӀар кхоъ хилла аьлла***. (Н. Ф.) *Хьехархочунна ца хаьара, **уьш хӀунда боьлу***. (Н. М.) ***Нагахь санна ахь иза до-кх**, со оьгӀазгӀур ву хьуна*.

Чолхе-карарчу предложени чохь хуьлу коьрта предложени а, цхьаъ я масех тӀетуху предложени а.

**ТӀетуху предложени шех йозуш а, цо кхетош а йолчух *коьрта предложени* олу**.

ТӀетухучу предложенино коьрта предложени ерриг я цу чуьра цхьа дош кхетадо. Иза коьртачух дӀахутту карарчу хуттурго я хуттурган дашо.

Масална вай ялийнчу хьалхарчу предложенехь коьрта ю ***«Суна хезнера»***, тӀетуху предложени ю ***«гӀалитӀахь нохчийн мехкарийн интернаташ ю бохуш»*** бохург.

***Суна хезнера,*** (коьрта предложени)
**хӀун?**
***гӀалитӀахь нохчийн мехкарийн интернаташ ю бохуш*** (тӀетуху предложени).

Тидаме эца деза тӀетухучу предложенин коьрта ши билгало хилар: 1) иза коьртачух дӀахуттуш болу синтаксически гӀирс (карара хуттург я хуттурган дош); 2) цу чуьра сказуеми муьлххачу а цхьана саттамехь хилар. И ший а билгало шеца хилчий бен, тӀетуху предложени хуьлийла дац. Дуста, масала: ***Хьо ца вагӀахь**, суна халахетар ду* (бехкаман латтамца йолу цхьалхе предложени). ***Нагахь санна хьо ца вагӀахь**, суна халахетар ду*. (Шеца карара хуттург елахь а, иза а ю бехкаман латтамца йолу цхьалхе предложени). **Хьо ца вогӀу-кх** – *суна халахетар ду*. (Кхузахь хуттург йоцу чолхе предложени ю). Амма: ***Нагахь санна хьо ца вогӀу-кх,** суна халахетар ду*. (Кхузахь карара хуттург а ю, цул сов, сказуемин форма, цхьалхечу предложенехь ма-хиллара, билгалчу саттамехь а ю. Цундела иза тӀетуху предложени ю.)

ТIетухучу предложенешца хIара карара хуттургаш хуьлу: **хIунда аьлча, нагахь санна (нагахь), бохуш, аьлла**. Уьш предложенин меженаш ца хуьлу. Цара деш долу гIуллакх – тIетуху предложени коьртачух дIахоттар, цунна караерзор ду.

Хуттургийн дешнийн кхин цIе а ю – **юкъаметтигаллин дешнаш**. Царна юкъадоьлху хIара юкъаметтигаллин цIерметдешнашший, куцдешнашший: **мила, хIун, муьлха, маца, хIунда**, и кх. дI. Уьш тIетуху предложенеш коьртачарах дIахуттуш а хуьлу, цул сов, тIетухучу предложенин меженаш а хуьлу. Масала: *ТIаккха дийцира цо, и гIалат **муха** нисдан деза*. ТIетухучу предложени чуьра юкъаметтигаллин куцдош **муха** даран суьртан латтам бу. *Хьо **стенга** ваханера, дийцахьа тхуна*. ТIетухучу предложени чуьра хуттурган дош **стенга** меттиган латтам бу. *Хьанна хаьа, цуьнан дагахь **хIун** дара*. ТIетухучу предложени чуьра юкъаметтигаллин цIерметдош **хIун** подлежащи ду.

**Карара хуттург тIетухучу предложених запятойца дIа ца къастайо**.

## § 47. Чолхе-карарчу предложенехь тIетухучун меттиг а, сацаран хьаьркаш а

**ТIетуху предложени латта тарло коьртачунна тIехьа а, цунна хаьлха а, цунна юккъехь а**.

**Нагахь санна тIетуху предложени коьртачунна тIехьа я хьалха лаьтташ елахь, иза цунах къастайо запятой йилларца, нагахь санна коьртачунна юккъехь лаьтташ елахь, иза къастайо шина агIор запятойш яхкарца**. Масала: *Шен ерриге а кIоргаллица гучуделира суна, **со мел тIаьхьависина***. (Н. М.) ХIокху чолхе-карарчу предложенехь тIетухург коьртачунна тIехьа лаьтташ ю: ***Мел хан елира,*** *билггал дага ца догIу суна*. Кхузахь тIетухург коьртачунна хьалха лаьтташ ю: *Тхуна, **хьоьга и болх балур бу аьлла**, хета*. Кху предложенехь тIетухург коьртачунна юккъехь ю. Хьовса схемашка:

**Шардар 181**. Билгалъяха чолхе-карара предложенеш.

1. И къамел дIа муха доьрзур ду, хууш дацара. (Н. М.) 2. ТIаккха Хожас хьуна дуьйцур ду, ша говр мичара, муха ялийна. (Н. Ф.) 3. Хетара, шовданехь хир а дац гIора харцабан, эшабан цу бердан ницкъ. (А. С.) 4. Пхьоьхана ваьллачу кIантана хезна, цхьана махкахь хазалла гIараяьлла паччахьан йоI ю бохуш. (Н. Ф.) 5. Суна-м ца моьттура, и иштта кхеташ стаг ю. (М. С.) 6. ХIинца хуур ду-кх, хьуна хьайн доттагI Бешто мел веза. (С. Б.)

**Шардар 182**. ТIетухучу предложенешна кIел сиз а хьоккхуш, схьаязъе чолхе-карара предложенеш.

1. Къеначу инарлас хIун боху, хьажахьа. (Н. Ф.) 2. Ур-атталла Хьасанна а ца хиъна, Ахьмад стенга вахана. (Н. Ф.) 3. Со автобус тIера охьавосса кечвелира, хIунда аьлча сан социйла герга яра. 4. ХIинца Селех муха космонавт хуьлу а хуур ду-кх вайна. (I. Х.) 5. ХIинций-хIинций кхетар ву-кх бохуш, Iийра тхо. (I. Х.)

**Шардар 183.** Йолийна чолхе-карара предложенеш тIетухучу предложенешца чекхъяха.

1. Ас плащ тIеюьйхира, хIунда аьлча…
2. Нагахь санна…, хьоьца долу гергарло хаьдда ду хьуна.
3. Цигахь хезира суна, … бохуш.
4. Цо суна дош делира, … аьлла.

**Шардар 184**. Хьалха схьаязъе чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш, тIаккха – чолхе-карарнаш.

1. Оцу дитташа стигал хьул ца йора. Царах чекххьаьжча, атта къаьстара яйн мархаш а, маьI-маьIIера седарчий а. 2. Иза а аьлла, чехкка машен йолчухьа дIаволавелира нефтяник. (С. А.) 3. Цунна а хезна, иштта шен кIант лоьхуш, саьнгарш а йохуш, Тимар вогIу аьлла. (Н. Ф.) 4. Дуьненахь массанхьахула а дIахезна, Тимар шен кIант лоьхуш ву аьлла. (Н. Ф.) 5. Воккхачу стеган чIениг тохаелира, амма цо сихонца бага хьабйира. (Н. М.)

**Шардар 185**. Билгалъяккха тIетухучу предложенин меттиг. Йийца запятойш яхкаран бакъо.

1. Дикка хан-зама яьлча, суна хезира, сайн накхармозийн эла цхьана генна меттехь лелаш бу аьлла. (Н. Ф.) 2. Баьхкина цӀа кхаьчча, нене хаьттина кӀенташа, шаьш цӀа ваийтина хьаша мичахь ву аьлла. (Н. Ф.) 3. Делахь а, шарбан шен метта дӀа а хӀоттийна, мотоциклахь и куй лохур аьлла, дагадеара суна. (Н. М.)

## § 48. ТӀетухучу предложенийн кепаш

Нохчийн маттахь тӀетуху предложенеш екъало кхаа тобане: **кхачаман** (я кхеторан) тӀетухучу предложенешкий, **къастаман** тӀетухучу предложенешкий, **латтамийн** тӀетухучу предложенешкий (хенан, бахьанин, Ӏалашонан, даран суьртан, бараман, бехкаман).

## § 49. Кхачаман тӀетуху предложенеш

**Коьртачу предложени чохь долу дош я дешнийн цхьаьнакхетар (дукхахьолахь хандош я хандешан форма) кхетош йолчарах *кхачаман тӀетуху* предложенеш олу**. Царна луш долу хаттар цӀерниг дожаран хаттар а ду, уьш кхачаман маьӀнехь а хуьлу. Уьш коьртачу предложенех дӀахутту:

1. Хуттурган дешнаша (юкъаметтигаллин цӀерметдешнаший, куцдешнаший). Масала: *Шегара ледарло ша **хӀунда** ялийтира, Ахьмадана шена а ца хаьара.* (Н. Ф.) *Иштта цигахь ша лелаш, **мел** хан елира, ца хаьа цунна*. (Н. М.)

2. **Бохуш, аьлла** бохучу карарчу хуттургаша, масала: *Хезна суна, Кавказ хазачу Ӏаламан мохк бу **бохуш**.* (М. М.) *Со кхеравелла аьлла, ца хезаш, со велла **аьлла**, хезар ду хьуна, нана.* (І. Х.)

Хьовса предложенин схеме:

Кхачаман тӀетухучу предложенера ***бохуш, аьлла*** хуттургаш цуьнан чаккхенгара меттиг дӀалоцуш хуьлу.

Нийсачу кхачамца юстур вай кхачаман тӀетуху предложени:

*Суна хиира **и*** (нийса кхачам).

*Суна хиира, **иза маца веана*** (кхачаман тӀетуху предложени). Шиммо а **хӀун?** бохучу цӀерниг дожаран хаттарна жоп ло.

**Шардар 186**. Схъаязъе цкъа хьалха хуттурган дешнашца коьртачу предложенех йозуш йолу тӀетуху предложенеш, цул тӀаьхьа – хуттургашца йозуш ерш.

1. ГӀуллакх **муха** доьду хьажа, цига кестта накъост а кхочур ву. (М. С.) 2. ХӀун хилла висна техьа **бохуш**, цхьа чӀогӀа сагатдина ас хьуна. (Х-А. Б.) 3. Доьша доьттича мукъана а, соцур дацара техьа хӀара **аьлла**, хьалха доьша хӀоттийра цунна Ӏайшата. (Х-А. Б.) 4. Ӏусамина шена а ца хаьара, шена **хӀун** хилла. (С. Б.) 5. Хьанна хаьа, турпалчу ламанан кийрара схьадолу хӀара кхузахула охьадогӀу **мел** хан-зама ю. (Хь. С.)

**Шардар 187.** Билгалъяьхначу кхачаман тӀетухучу предложенешна хаттарш а хӀиттош, схьаязъе. Дийца, коьртачу предложенин муьлхачу меженех йозуш ю уьш.

1. Чохь дуьйцур ду вай, тӀаккха хуур ду хьуна, **хӀара хӀун юьхьӀаьржо ю-м**. (С. Б.) 2. Хьуна санна, хаьа-кх Бештона а, **хьо мича бахьанина хӀаллакьхилла**. (С. Б.) 3. Дийцахьа, **Юьспан Тойсам мичахь ву вехаш**. (Н. Ф.) 4. **Ерриге а шен бедарш яшийна аьлла**, дагадеара цунна. (Н. М.) 5. Бусанина хӀинцца шен нанас Амантас дийцинера, **тховса Бусана дӀайига нах богӀу аьлла**. (С. Б.) 6. Царна, кхуза бахка арабевлча, эвла юккъехь хезнера, **Бусана яда а едда, цуьнан нах и лоьхуш бу бохуш**. (С. Б.) И хезча, **наха хӀун эр ду ца хууш**, воьхначу обарган шуьйрачу хьаьжа тӀе, берцан буьртигаш санна, луьста хьацар туьйхира. (М. М.)

**Шардар 188.** Кхачаман тӀетуху предложенешна кӀел нийса сиз а хьоккхуш, схьаязде.

1. Сан дог, хьо деттало, къахьоьгуш халкъана, баркалла хир хьуна, иштта хьо дахарна! (І. М.) 2. Ас тӀаккха гойтур ду тешаме со хилар. (Н. Ф.) 3. ЭгӀийна техьа ша аьлла, хийтира йоӀана. (С. К.) 4. Шу санна, деша вогӀу аьлла, ма веана иза а ишколе. (Х-А. Б.) Аьхка хье цакхихкинчун Ӏай

яй ца кхехка (Кица.) 6. Уьш богӀуш байра, тов, ворхӀ вешин йишина. (Н. Ф.) 7. Кхузахь, шен отрядаца веана тӀамехь лаьтташ Решид ву аьлла, хезна, шен лаамца кху окопаш чу еана ПетӀамат яра иза. (М. М.)

**Шардар 189.** Оьш-оьшучу запятойш а хӀиттош, схьаязде. Синтаксически талла хьалхара кхоъ предложени.

1. Бела ца бала гӀерташ батошка куьйгаш а лецна хала садеттара студенташа. (Н. М.) 2. ХӀаваъ чӀогӀа цӀена дара бӀаьргашна геннара мел жима хӀума а гора. (С. А.) 3. ХӀокху беттан денош йочана йоцуш хир ду бохуш хезира суна. 4. Ӏимране шолгӀа хӀумма а ала дезаш дацара. Иза буьхьиг санна тӀахъаьлла маьнги тӀера охьа а иккхина чехкка луларчу цӀа чу вахара гӀовгӀа ца еш меллаша шен лохачу гӀанта охьахиира. (Ӏ. Г.) 5. Вовшийн бевзинчул тӀаьхьа мелла а хабарш дуьйладелира кхеран.

**Шардар 190**. Схьаязде. Юкъаметтигаллин билгалдашна кӀел сиз хьакха.

1. Цуьнга ма-хьаьжжи хаалур дацара, и мича хенара ву. 2. Уьш дӀа муха дугӀу гайта, Товсолта а ваийтинера колхозан правленис. 3. Амма цунна ца хаьара, хӀинца шен карара и стенга яха. 4. ХӀан, хьажахьа, хӀокхо хӀун боху. 5. И церан муха нисло, хаа гӀертара иза. Оха гойтур ду шуна, тхаьшна шу мел деза. (М. С.) 6. Цкъацкъа, и кӀорга лаьттах тоьхна хьоккхий схьа а даьхна, массо а эрзан цӀов цхьацца боккхуш, мохо и бун кху йист йоцчу арахула дӀасахьур ю аьлла, хоьтуьйтура. (М. М.)

**Шардар 191**. Яздаза дисина элпаш а, йоггӀучу запятойш а йохкуш, схьаязде.

Лекха ду бердаш кхин а лекха ду ха дан хӀиттина наьрт-аьрстхой санна лаьтташ долу л…мнаш. Инзаре хаза ду кхузахь! Хийламмо йийц…на хьо Кавказан исбаьхьа хазалла! Набаран тар тесча гӀенах дуьхьал а туьйсуш сайн нанна тӀаьхьа со беран хенахь ма-велххара хийла вилхина со хьуна со вина со кхиийна болу сан нана-Даймохк. Карадац суна дешнаш хьо бийца а хасто а! Амма цхьана а тайпана ницкъ хир бац хьоьга болу бовха безам сан кийрара башо.

*(Хь. Саракаев)*

**Шардар 192**. Лахара билгалдешнаш цхьаьна яздан деза я дефисехула яздан деза?

Лоха (лекха), нохчийн (оьрсийн), дог (цӀена), кӀайн (Ӏаьржа), уьстагӀий (лелоран), зуда (беран), де (ненан), де (дика), Дай (мехкан), цӀен (къорза).

Шаьш нийса яздина хилар бакъонца чӀагӀде.

**Шардар 193**. Схьаязде. ЦӀерметдешнашна кӀел сиз хьакха. Дийца, уьш муьлха цӀерметдешнаш ду.

«Салман, хӀара сайна уггар а дукхаеза хӀума лур ю ас хьуна, кест-кеста кхуьнга а хьожуш, суо хьуна дагаваийта аьлла, суна совгӀатана елла яй хӀара-м, яйа йиш йолуш яций. Ткъа хӀара йоза, йоза, – элира Вашас кхин цкъа а, шен лекха Ӏаьржа холхазан куй макхделлачу цӀоцкъамаш тӀера хьала а теттина, леррина шедан кхожа тӀе яздинчу деа а даше а хьаьжна, – дешица яздинехь а, дан а дац хӀорш башха хьекъалехь дешнаш».

*(М. Мамакаев)*

Билгалдаккха терахьдош. Дийца, иза муьлхарниг ду а, муьлхачу дожарехь ду а.

## § 50. Къастаман тӀетуху предложенеш

**Коьртачу предложенера цӀердош я цуьнан маьӀнехь долу кхин дош билгал а деш, муха? муьлха? хӀун? Бохучу хаттаршна жоп луш йолчу тӀетухучу предложених *къастаман тӀетуху* предложени олу.** Къастаман тӀетуху предложени коьртачу предложенин подлежаших я нийсачу кхачамах йозуш хуьлу.

Билгалдаккхар. Нохчийн маттахь **хIун?** боху хаттар муха? бохучу хаттаран маьIнехь а хуьлу, нагахь санна иза къастамна я къастаман тIетухучу предложенина луш делахь.

Къастаман тIетуху предложенеш коьртачарах дIахутту ***бохуш, аьлла*** бохучу хуттургаша: Масала: *Пенаш лерган долуш а, дечиган мотт хууш а ю* ***бохуш****, кица ду вайн нохчийн.* (Н. М.) *Ялх вешин барт хилла, эла волчу дIакхачале, дакъа а лур вай, цIа чу даха деза вай* ***аьлла***. (Н. Ф.)

Хьалхарчу чолхе-карарчу предложенехь къастаман тIетуху предложени йозуш ю коьртачу предложени чуьрчу **кица** бохучу дашах: **хIун кица?** – *Пенаш лерган долуш а, дечиган мотт хууш а ю бохуш* ***кица****.*

Хьовса предложенин схеме:

***Кица ду вайн нохчийн,*** (коьртаниг)
**хIун** кица?
***пенаш лерган долуш а, дечиган мотт хууш а ю бохуш***
(къастаман тIетуху предложени).

Цу схемехь йолчу предложенехь къастаман тIетуху предложени коьртачу предложенин «кица» бохучу подлежащих йозуш ю.

**Шардар 194.** Къастаман тIетухучу предложенеша билгалдечу дешнашна кIел сиз а хьоккхуш, схьаязде.

1. Лохачу гIантахь цуьнан Iеро а тарвора иза, новкъахь висина кIад а велла, хан йоццчу хенахь хи мала вогIу ша аьлла, бахьана а хIоттийна, мацвелла чувеанчу хийрачу стагах. (М. Я.) 2. Со а, шун нана а далале, шу ворхIе а воIана зударий балор бара бохуш, ойла йора ас-м. (Н. Ф.)

**Шардар 195.** Оьшучохь сацаран хьаьркаш а хIиттош, къастаман тIетухучу предложенешна кIел сиз а хьоккхуш, схьаязде.

1. Суна хьехарш дора Александровича наб ян дарбанаш лаха бохуш. (Н. М.) 2. Цул тIаьхьа кхо де даьлча юьртахь хабар делира валлалц йолу хан а тоьхна Дуда Сибрех дIавахийтина бохуш. (С. Б.) 3. Гьулджан лоьрашна тIе эцна Гуьржеха вахана вара ша бохуш массарна а цхьа жоп луш цIийнан гIуллакх дан волавелира Муса, цIа кхаьчначул тIаьхьа. (М. Я.) 4. Ткъа хIетталц къамелашна юккъе ца гIуртуш Iийначу Джамалайлас ден дош кхочушдан ша ларор а кийча а ву аьлла дена там беш хаза къамел а дина цуьнан дарвалар дайдира. (М. Я.)

**Шардар 196**. Схьаязъе цкъа хьалха къастамашца йолу цхьалхе предложенеш, цул тIаьхьа – къастаман тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш.

1. И базар кхин лелор яц ша аьлла, суна дош делира хьуна Маймас. (I. Х.) 2. Ахь сема ладогIа ас дечу къамеле. (Н. Ф.) 3. Тоьпан бухо човхийначу ПетIаматан даге лазар деара. (С. Б.) 4. Закина делларг жима цIа дара, чохь цхьа маьнга а болуш, бедарийн шкаф а, стол-гIант а долуш. (Н. М.) 5. Массо а машарца ваха веза бохуш, закон ду-кх вайн мехкан. 6. ХIуъа а дина а, велла а, висина а, иза ялоза Iийр ма вац ша аьлла, чIагIо йина цо. (Н. Ф.)

**Шардар 197.** ТIадамийн метта къастаман тIетуху предложенеш ялае. КIел сиз хьакха цара билгалдечу дешнашна.

1. Хабар делира, . . . . . . . . . . . . аьлла.
2. . . . . . . . . . . . аьлла, ойла йира кIанта.
3. . . . . . аьлла, бахьана а хIоттийна, ишколе ца вахара Хьасан.
4. Цуьнгара кехат кхечира, . . . . . . . . бохуш.
5. . . . . . . . . . . . бохуш, гIайгIа йора цо.
6. . . . . . . . . бохуш, дош лора цо кест-кеста.

**Шардар 198**. Яздаза дитина элпаш а, сацаран хьаьркаш а хIиттош, схьаязде. Ситтина сиз хьакха къастамашна кIел, нийса сиз хьакха къастаман тIетухучу предложенешна кIел.

1. Iаламо кхоьллина бос баса ца болуш детталуш доьлу ламанан зез…г. (С. К.) 2. Суна айса хьуна дуьйцучу кху хабарийн хьоьца кхел ян лаьа хьоьца цхь…на уьш дика талла а лууш. (С. Б.) 3. Цу гIишлошна тIебоьд…чу новкъа охьаяхийтира Султана машен. (I. Г.) 4. Дас хаст…на дин хьалха ца баьлла. *(Кица)* 5. Со кху чу мавеъанехь ас сайн хьашто йолу меттиг дIа а хаийтира ахь сан гIуллакх дийр ду аьлла сох юха дош а тохийтира. (I. Х.) 6. Дас хест…начу эро цхьогал ца лаьцна. *(Кица)*

**Шардар 199.** Оьшучохь сацаран хьаьркаш а дохкуш, схьаязде. Синтаксически талла хьалхара кхоъ предложени.

I. 1. Ас ен ойланаш ма генахь ю-кх хьуна. (Н. М.) 2. Дохко муьлха долу а замано ша гойтур ду. (I.Х.) 3. Наха суна вон стаг ву бохуш хабарш дуьйцу. (М. Я.) 4. Хьасана дуьйцура ткъа ладугIуш Iачу суна цо хьехархочун болх беш даьккхина ткъе ворхI шо айса хIинца чекхдоккхуш санна хетара. (А. Д.)

II. Ша волччохь сецира Дадаш. Юьстахо кхунна дуьхьал а яьлла сецира гIаз а. Шен гIелделлачу озаца юха а мохь хьоькхуш доьхура цо адаме.

*(Хь. Саракаев)*

**Шардар 200**. Схьаязде. Билгалъяха тIетуху предложенеш. КIел сиз хьакха хуттурган гIирсашна.

1. Вовшашца бина барт бара тхойшиннан, цхьаъ маре йоьдуш, вукхунна хоуьйтур ду аьлла. (Н. Ф.) 2. И дIабоьду некъ стенга боьдуш бу, дийцахьа суна. (I. Х.) 3. Ткъа Серижас шен дагахь лелош йолу ойла яра, оцу Орган гIайри тIера цхьа жима тIулг а деза жовхIар хеташ лелор бара бохуш. (М. Я.) 4. Хьаьж-Мурдана хаьара, Супа хIунда веана а, цунна хилла бохам а. (Х-А. Б.)

## § 51. Хенан тIетуху предложенеш

**Маца? мича хенахь? бохучу хаттаршна жоп а луш, коьртачу предложени чохь дуьйцуш долчун хан а гойтуш йолчу тIетухучу предложенех *хенан тIетуху* предложенеш олу**. Коьртачарах уьш дIахутту мел, мосазза бохучу хуттурган дешнаша. Масала: *Ларвелаш и, шаьш **мел** деха* (М. С.) *Шу догIур ма деца, дика дой **мел** догIу*. (Н. Ф.) *ТIаккхахула хьайна Iежаш **мосазза** дийзи, схьавола.* (Х-А. Б.)

Хьовса предложенин схеме:

*Шу догIур ма деца* (коьрта предложени)

**маца? маццалц?**

*дика дой мел догIу* (хенан тIетуху предложени)

Синтаксически толлур вай и предложени.

Коьртачу предложени чохь *догIур ма деца* (хандешан цхьалхе сказуеми); *догIур деца (я догIур ду)* **муьлш?** – ***шу*** (грамматически подлежащи).

Хенан тIетухучу предложени чохь ***догIу*** (хандешан цхьалхе сказуеми); *догIу **хIун?*** – ***дой*** (грамматически подлежащи); ***муха** дой? **дика** (къастам), догIу **мел?*** – ***мел*** (тIетуху предложени коьртачух дIахуттуш долчу юкъаметтигаллин куцдашах кхоллабелла даран даржан бараман латтам).

**Шардар 201**. Схьаязде, хенан тIетухучу предложенешкара хуттурган дешнаш билгалдаха.

1. Шуьшиъ марша Iолда, хIара дуьне мел дозу. (Н. Ф.) 2. Ша «гIалх» мосазза олу, дицло жIаьлина. *(Кица)* 3. Халкъийн барт чIагI мел ло, агрессорш дарло, гIийлачийн цIий Iенош декъазчу новкъахь. (I. М.) 4. ЦIестан куйна чу цо Iаь мосазза хийци а, и куй бекара (Х-А. Б.) Ур-атталла кху орцана улло а ма вогIийла-кх цхьа а, хIара дуьне мел дозу. (С. Б.) 6. Гуля кхузахь мел ю, вешан махкаца йолу зIе хадоза хетара суна. (М. Я.) 7. Де дийне мел дели, шура тоеш, схьадогIуш ду сан керла хьелий.

Хьалхарчу предложенин схема хIоттае.

**Шардар 202.** Оьшучохь сацаран хьаьркаш а хIиттош, хенан тIетухучу предложенешна кIел сиз а хьокхуш, схьаязде.

1. Цуьнан бос байнера бIаьргаш гIеххьа хих дуьзнера нанна ша ца вевзича. (С. Б.) 2. Ловзар хиллачул тIаьхьа делира ши-кхо шо. (С. К.) 3. Амма хан дIа дукха мел ели Даймахкана сагатдалар динчу-кхиъначу махка духадерза лаар тIеттIа алсамдалар бен церан дегнашна дайлуш дацара. (М. Я.) 4. Сайн аьтто ма-белли цигара вада а ведда вуха а тIам тIе вахара со. (М. М.) 5. ТIеевлла букъарш дIа ма-евллинехь хи хьаьар ду. (I. Х.) 6. Цунна яахIума эцна тIаьхьа мосазза ваха кIант азлуш гина дена. (Н. Ф.) 7. Вайн дахар то мел ло мостагIий бIарзло. (I. М.)

**Шардар 203.** Схьаязъе цкъа хьалха шайна чохь хенан латтамаш болу цхьалхе предложенеш, цул тIаьхьа – хенан тIетухучаьрца йолу чолхе-карара предложенеш.

1. ХIорш юьртан бежан ара кхочуш, малх къайлабала дикка охьабаханера (С. Б.) 2. Цо, ша мосазза кхуссу а, буьрка Селитигахьа хьажайора. (М. С.) 3. Цу заманчохь таллархошна пхьагалшний, мошанашний талла дика мур бара. (М. М.) 4. Оцу дийнахь, малх лакхабаьллачу хенахь балха ваха араваьлла СаIид, парггIат ког а боккхуш, дIа а хIоьттина ураман новкъа воьдура. (А. А.)

**Шардар 204.** Яздаза дитина элпаш а, запятойш а хIиттош, схьаязъе. Ситтина сиз хьакха хенан латтамашна кIел, нийса сиз хьакха хенан тIетухучу предложенешна кIел.

1. Мерзачу набарна адам марзлучу хенахь веана кхеч…ра, тов, и нийса ши накъост нана-ДегIастана. (Н. Ф.) 2. Заводехь болх беш болу м…хкарий, зударий новкъахь гучу мосазза бевли а лерина тергалбеш вара иза царна юккъехь Мария лоьхуш. (Н. М.) 3. Хьер а йиллале кIаркIар ма йилла. (Кица.) 4. Нурседина ша оьгIаз мосазза яха а изза олура Нурбикас. (М. С.)

**Шардар 205**. Оьшучохь запятойш а хIиттош, схьаязде. Синтаксически талла хьалхара кхо предложени.

1. Цигахь дерг муха, хIун ду хьажа дагадеана суна. (I. Г.) 2. Вахас сацам бира цIерачарна гайта дагадеана хир ду кхарна аьлла. (I. Г.) 3. И шиъ цига дIакхочучу юкъана ас дуьйцур ду хьуна. (М. М.) 4. Сарахь лимон санна можа малх дIабузуш шийла мох хьаькхира. (М. М.) 5. Шен нанас царна хIума мосазза тосу тергалйора кIанта а нIаьна-кIорни. (Х-А. Б.) 6. ШаIрани вела мосазза вели корехь чукхеттачу маьлхан йовхонгахь дижина Iуьллучу цициго меллаша ши бIаьрг схьабоьллу тIаккха хьалагIатта мало йича санна дIахьаббо. (А. Д.)

**Шардар 206.** Схьаязъе лахара предложенеш хIокху кепара: хьалха – кхачаман тIетухучаьрца ерш, тIаккха – къастаман тIетухучаьрца ерш, цул тIаьхьа – хенан тIетухучаьрца ерш.

1. Церан аз мосазза хези, сайн кийра уьрсан юьхьиг хьийзош санна, хетара суна (Н. М.) 2. Хазалла сарралц, дикалла валлалц ю бохуш долу кица дагара ца долура Удина. (I. Г.) 2. И дешнаш Мусоста, ша ирахьIен мосазза веа а, олуш дара. (С. Б.) 4. Хуур ду-кх, ахь хьайн дош кхочуш муха до. (I. Х.) 5. Дуьненахь садоьIуш хьо дийна мел ву, тхаьшшиъ байлахь хетар яц тхойшинна. (М. Я.) 6. Шекен-агIан кертара ловзар дIадирзинчул тIаьхьа хабар делира, Ахат шен нускалца гуттаренна а Алма-Ата дIавоьду аьлла. (Е. С.)

**Шардар 207**. Киcанашкахь долчу хандешнийн саттамаш билгалбаха.

1. Дерриге а хууш хила, маттана сиха ма хила. 2. Стеган дагара матто схьадуьйцу. 3. Тахана харцдерг ахь дийцахь, кхана тешар вац хьох. 4. Хин долу хьоза бенахь дека. 5. Ламанах бен ца долу леча. 6. Нахана даьккхинчу ор чу ша оьккху. 7. Доггах вилхинчун бIаьргех цIий деана. 8. Берзан кIеза Iуьргара ма долийла, элан кIант аганара ма гIоттийла. 9. Нах лийринарг наха а лийрина. 10. Адаман хазачу дашо Iуьргара лаьхьа баьккхина. 11. Ахкарх латта а кхачор дац, дийцарх хабар а хедар дац.

Шаьш схьаяздинчу кицанийн маьIна даста.

ТӀедожаран саттамехь хандош долу кица къастаде. Дийца, муьлхачу кепехь ду иза.

## § 52. Даран суьртан тӀетуху предложенеш

**Коьртачу предложени чохь дуьйцуш долчун сурт, кеп гойтучу тӀетухучу предложенех *даран суьртан тӀетуху* предложени олу**. Цара жоп ло муха? мича кепара? бохучу хаттарашна. Уьш коьртачарах дӀахутту ***бохуш, аьлла*** бохучу хуттургаша. Масала: *Олдам шайн куьпахь а гӀараваллера, гуттар а ойланаш еш, гӀийла ву* ***бохуш***. (С. Б.) *Мохо, и бун кху йист йоцчу арахула дӀасахьур ю* ***аьлла***, *хоьтуьйтура*. (М. М.)

Даран суьртан тӀетуху предложени коьртачу предложенин сказуемех йозуш хуьлу. Хьовса предложенин схеме.

Хьовса хьалхарчу чолхе-кcallарчу предложенин схеме:

***Олдам шайн куьпахь а гӀараваьллера***,
(коьрта предложени), **муха?**
***гуттар а ойланаш еш, гӀийла ву бохуш*** (даран
суьртан тӀетуху предложени).

Синтаксически толлур вай и предложени.

Коьртачу предложени чохь: ***гӀараваьллера*** (хандешан цхьалхе сказуеми); *гӀараваьллера* **мила?** – **Олдам** (грамматически подлежащи); *гӀараваьллера* **мичахь?** – ***куьпахь*** (меттиган латам); ***хьенан куьпахь?*** – **шайн** (бертаза къастам).

ТӀетуху предложени чохь: *гӀийла ву* (цӀеран хӀоттаман сказуеми); **мел гӀийла?** – ***гуттар а ойланаш еш*** (деепричастин карчамах кхоллабелла мухаллин даржан бараман латтам); **бохуш** (тӀетуху предложени коьртачух дӀахуттуш йолу карара хуттург).

**Шардар 208**. Схьаязде, даран суьртан тӀетуху предложени шех йозучу хандашна тӀера хаттар хӀоттаде хӀоранга а.

1. Цхьана элан ворхӀ йоӀ ю боху, и ворхӀ йиша шу ворхӀанна муха ялор яра теша бохуш, цунна гӀайгӀане ву со. (Н. Ф.) 2. Аттаниг атта ду аьлла, шен хьешан говр лачкъийначо санна, суна тешнабехк бан-м ца гӀерта хьо? (І. Х.) 3. Амма и екхна суьйре гой техьа аьлла, дог доьхна яра кхин доьзалхо воцчу ден юьхь ларъен Яха. (М. М.) 4. Хала саций-кх ас Джейран, хӀинцца дӀагӀур ю ша аьлла, тохаеллачуьра. (М. С.) 5. Цу балхана оьгӀаздаханчу халкъо, жима а, воккха а цхьабосса гӀаьттина, Деникинан эскаре мостагӀалла хьедира. (М. М.) 6. Цхьа доккха эхь дахьаш и веъча санна, кхардаме буьйлура юьртара нах. (А. С.)

**Шардар 209**. Схьаязде. КӀел сиз хьакха даран суьртан тӀетухучу предложенешкарчу коьртачу меженашна.

1. Ардангана хьалха къена борз ва санна, и Мадин Жаьммарза кӀенташна хьалхаваьлла (Н. Ф.) 2. Ткъа СМУ а бехказаюьйлу, цунах схьаэца гӀирсаш а ца хилла, дайра и ахча бохуш. (М. С.) 3. ТӀемаш даржош, вовшашна «цӀур-цӀур» деш, тӀекхиссало уьш, шайна хетарг бакъ ду бохуш, вуьш тешо гӀерташ. 4. Хьайна ма-товв, йоьшур ю-кх ахь хӀинца хӀара. (Хь. С.) 5. Тамехь а, говза а, гуттар а ша ма-лаккхара, Димаев Іумара лерина пондар локхуш хезара магнитофонехула. (Н. М.) 6. ЖӀаьлин гуй а цӀеста ду бохуш, дуьйцу захало. *(Кица)* 7. Хьаьжмурда ма баххара, Іаь хьалахьаьдира. (Х-А. Б.)

**Шардар 210.** Схьаязде, оьш-оьшучохь сацаран хьаьркаш а хӀиттош, даран суьртан тӀетухучу предложенешна кӀел нийса сиз, даран суьртан латтамашна кӀел ситтина сиз а хьоккхуш.

1. Да велча ва санна гӀийла ша терсаш гоьзанца лаьтташ бу и Сурхон ва гила. (Н. Ф.) 2. ХӀара хьеший цӀенкъа тийсинчу куза тӀехь Іара чучча когаш а боьхкина боккха го а бина шайн дагахь хӀинца шаьш хӀума йиъна девлча дӀагӀор шаьш бохуш. (С. Б.) 3. Кханий-кханий диканиг хир бохуш даим дикане сатуьйсуш дог паргӀатдохуш чекхдала мегаш ду-кх хьо сан дахар. (М. Я.) 4. ТӀаьхьо дохк дукъделча шура кхагарйоьлча санна молханан хьожанна тӀуьна къахь хӀоьттира. (М. С.) 5. ЙоӀа дуьхьало йина боху гӀур яц ша цуьнга аьлла. (М. М.) 6. ХӀинца иза хих чӀара санна вулуш лаьттара цехан дерриге а хьолах. (Н. М.)

**Шардар 211**. ТӀадамийн метта даран суьртан тӀетуху предложенеш ялае.

1. . . . . . . бохуш, волавелла лелара воккхастаг.
2. . . . . . . . . аьлла, дов дира дас кӀантана.
3. . . . . . . . . бохуш, тхо Ӏехо гӀертара иза.
4. . . . . . . . . аьлла, дийцира цо иза тхоьга.

**Шардар 212.** Яздаза дитина элпаш а, запятойш а хӀиттош, схьаязъе. Даран суьртан латтамашна кӀел ситтина сиз, даран суьртан тӀетухучу предложенешна кӀел нийса сиз хьакха.

1. Мелхо а, сайн ницкъ ма-кхоччу со цуьн… гӀуллакх тодан гӀиртира. (Н. М.) 2. Дадас дов дина-кх коьртахь йовлакх а доцуш гучу хӀунда яьлла аьлла. (М. С.) 3. Наха ма-вийццара тӀех хаза а хь…къал долуш а карийна цунна Хьасан. (Н. Ф.) 4. Ткъа Шулик жана Ӏуналла до ша бохуш жана гондӀахьашхула кхерста долалора. (Х-А. Б.) 5. Яздархочунна ша яздина жайна нанна бер санна дукх…дезаш хуьлу. (С. Б.) 6. Йочана ях…елча доьлху догӀа санна гӀийла йоьлхура иза. (С. К.)

**Шардар 213**. Оьш-оьшучохь запятойш а хӀиттош, схьаязде. Хьалхара кхо предложени синтаксически талла.

1. Товсолтина хьалхе дуьйна а ма хетара иза иштта хир ду аьлла. (М. С.) 2. ХӀокху стага цкъа Ӏехий вай Ӏам тӀехь боккха тамаша гойтур бу ша аьлла. 3. Со цига дӀакхаьчначу хенахь кешнийн кертахь сайна Майрбек ца тосавелча билггал и оцу къуба чохь хир ву аьлла тешна а волуш чувахара со. (М. Я.) 4. Виъ стражник Дудина гонах а ваьлла Хьаьбиб хьалха а волуш кех бовлуш бохкучу ДудагӀарна цӀа ялош йолу ПетӀамат дуьхьалкхийтира (С. Б.)

**Шардар 214**. Предложенешна юккъера схьаязъе цкъа хьалха хенан тӀетухучаьрца йолу чолхе предложенеш, шозлагӀа даран суьртан тӀетухучаьрца ерш.

1. Лох-Беташ мича вахана хӀунда ца хаьа бохуш, юьртда а чехийна, дӀабахана уьш. (М. Я.) 2. Мусас, оьгӀаз а вахана, лата воллуш санна, дов а доккхуш, дуьхьало йина, зуда ялор яц ша аьлла. (Н. Ф.) 3. Цкъа а къан ма лойла хьо аьлла, йина йолуш санна, каде хьийзаш Гульджан а яра. (М. Я.) 4. Шен жима расха дин хьацарна Ӏийдалуш, ша уьйтӀа ма хӀоьттира цхьа каде ва бере (Н. Ф.) 5. Айхьа Асхьабана яахӀума мосазза йо, жим-жимма и хи тухур ду ахь цунах. (I. Г.) 6. Цунна уллохь мел ву, хӀара кхеро цхьа а экха дацара. (I. Г.) 7. Экзаменашна кечлуш, буьйсанна охьа ца вуьжуш со хьевелча, байн ког бокхуш, чу а йогӀий, суна дуьххьал охьахуу нана. (А. Д.)

**Шардар 215.** Схьаязде. ТӀетухучу предложенешкахь лаха коьрта меженаш.

1. Товсолтина оьрсийн хуъучул Анна Львовнина нохчийн мотт а хаьара. (М. С.) 2. Со ара вала хьо бехке вац суна. (Н. Ф.) 3. Чохь сурт а гур ду аьлла, шера къагийра цо хедар. 4. Стелахаьштиг туьйхира, дуьне иккхича санна, чӀогӀа. (С. К.) 5. Шен ницкъ мел кхочу, хьалаихира иза со лаьттачу метте. 6. Исс эзар кӀур болуш, йоккха юрт хилла иза. (Н. Ф.) 7. «ЦӀий ма кӀезиг догӀу хьох?» – аьлла, хаьттича, шен са ма-дарра догӀу шех цӀий, аьлла хьозано. *(Кица)*

**Шардар 216.** ТӀадамийн метта тӀетуху предложенеш ялае. Коьртачарна чохь уьш шайх йозучу меженашна кӀел сиз а хьоккхуш, дӀаязъе.

1. . . . . аьлла, йиш йоьхна хьийзара сан накъост.
2. . . . . мел… хьо цига дӀагӀахь, сарале дӀакхочур ву хьо.
3. . . . . . . аьлла, беха бара и некъ.
4. . . . . мел…, чӀогӀа тасавелира иза цу диттах.

**Шардар 217**. Яздаза дисина элпаш а, запятойш а хӀиттош, схьаязъе. Бараман латтамна кӀел ситтина сиз, бараман тӀетуху предложенешна кӀел нийса сиз хьакха.

1. Дийцина ца валлал дукха а, чолхе а гӀенаш гуш сахуьл…нга велира иза. (Х-А. Б.) 2. БӀаьргийн нур дай…л сирла богура малх. 3. ХӀокху дуьнен чохь кхин диканиг хир дуй те аьлла, хазахийтира нанна шен кӀант цӀа веъча. 4. Мацваларний, вузарний юккъехь миж…рг биллал бен меттиг яц. (I. Х.) 5. Кхин цкъа а наб йогӀур а яц аьлла, наб йина гӀаьтт…нера иза. 6. БӀаьргнегӀар тоххал бен зама ца ел…ра иза цуьнга хьоьжуш. (Н. М.)

## § 53. Бахьанин тӀетуху предложенеш

**Коьртачу предложени чохь дуьйцуш долчун бахьана гойтучу тӀетухучу предложенех *бахьанин тӀетуху предложенеш* олу**. Цара жоп ло **хӀунда? хӀун бахьана долуш? мича бахьанина?** бохучу хаттаршна. Уьш коьртачарах дӀахутту **хӀунда аьлча, бохуш, аьлла** бохучу карарчу хуттургаша. Царах хьалхарчу хуттурган меттиг – тӀетухучу предложенин чаккхенгахь. Масала: *Вайх цхьамма цхьа жовхӀар лачкъийна,* ***хӀунда аьлча вайн да хьекъал долуш стаг вара, вай кхааннан цӀарах цхьацца жовхӀар бен дуьллур дацара цо дӀа****.* (Н. Ф.) *Сох нах буьйлу хир бу,* **со лакха кхоссавелла бохуш.** (С. Б.) *Юха а,* ***цуьнца чохь болу ши уьстагӀ кхералур бу-кх аьлла,*** *ӀадӀийра Хьаьжмурд*. (Х-А. Б.) Бахьанин тӀетуху предложени коьртачу предложенин сказуемех йозуш хуьлу.

Хьовса тӀаьхьарчу чолхе-карарчу предложенин схемега:

*Юха а ӀадӀийра Хьаьжмурд*, (коьрта предложени)
**хӀунда?**
***цуьнца чохь болу ши уьстагӀ кхералур бу-кх***
***аьлла*** (бахьанин тӀетуху предложени).

Синтаксически толлур вай иза:

Коьртачу предложени чохь: *ӀадӀийра* (хандешан цхьалхе сказуеми); *ӀадӀийра* ***мила?*** *– Хьаьжмурд* (маьӀнин подлежащи); *ӀадӀийра* ***маца?*** *– юха а* (хенан латтам).

ТӀетухучу предложени чохь: *кхералур бу-кх* (хандешан цхьалхе сказуеми); *кхералур бу-кх* ***хӀун?*** *– ши уьстагӀ* (грамматически подлежащи); **муьлха** *ши уьстагӀ? – цуьнца чохь болу* (причастин карчамах кхоллабелла бертан къастам); *аьлла* (тӀетуху предложени коьртачух дӀахутту карара хуттург.)

**Шардар 218.** Схьаязде. Дийца, коьртачу предложенийн муьлхачу меженех йозуш ю бахьанин тӀетуху предложенеш.

1. Дешархо! Со дог-йовха ву, ахь сайца кӀеззиг зама а йойуш, кху хабарийн кхел йийр ю аьлла. (С. Б.) 2. Паччахьана дуьхьал болчаьрца хилла хьо аьлла, лаьцнера со (М. М.) 3. Бакъдерг аьлча, тӀулгаш кхехьа хьалха иза мукъа а вацара, хӀунда аьлча дукха хан йоцуш бов а ваьлла, шен доттагӀ Дудди волчу лулахь меттиг а эцна, цӀенош деш вара. (I. Г.) 4. Ас-м, цхьа сингаттам хилла виси те аьлла, сагатделла, хоьттура. (А. А.) 5. Аьтто бала а мега-кх аьлла, хӀара некъ хаьржира ас оцу шинах. (I. Г.)

**Шардар 219**. Схъаязде. Билгалъяха бахьанин тӀетуху предложенеш. Тидаме эца **хӀунда аьлча** хуттургаца бахьанин латтамаш а хилар.

1. Дика ойла йина кӀанта, Турпалх къахеташ, хӀунда аьлча садаӀар цуьнан кӀезиг хилла дела (Н. Ф.) 2. Масала, хилахь, и вониг хьуна хила мега хьуна, Юсуп, хӀунда аьлча хьо цу паччахьаша хӀоттийна эла хиларна. (М.М.) 3. ХӀусамнаноша хи Ӏуьйранна хьалхxе дахьара, хӀунда аьлча, цкъа-делахь, хи шийла хуьлу дела, шозлагӀа-делахь, цӀена хуьлу дела. (I. Г.) 4. Суна хетарехь, иза инженерех массарал а хьалхе гӀоттуш вара, хӀунда аьлча со мел хьалхе гӀаьттича а, иза вижина а волуш, аравала аьтто ца баьлла сан. (Н. М.) 5. Шуьший а ваха, ца хаьа суна, тахана де ду я буьйса ю, хӀунда аьлча со кху эвлара а вац. (Н. Ф.)

**Шардар 220**. Схьаязде. **Бохуш, аьлла** бохучу хуттургашца йолчу кхечу тӀетухучу предложенех къастае бахьанин тӀетуху предложенеш.

1. ХӀара йоӀ-м, шен да цӀа веана аьлла, елира хелха. (Н. Ф.) 2. ТӀаккха Кульдевича Мирзе Банога хаттийтира, шайн жӀаьлеш чудохка меттиг хир яц техьа аьлла. (С. Б.) 3. Цунна тӀе

селхана буса мотт бахьаш стаг веанера, орцара жимчу кIотарара Хонмурд волчохь буьйса яккха чубирзина обаргаш бу аьлла. (С. Б.) 4. Со неIар тIехьа, меттах а ца волуш, хIун дича бакъахьа хир дара теша бохуш, лаьттара. (А. Д.) 5. Той дIадирзича а, дIавоьдуш ца хилла Мохьмад, буьйса ларйо ша бохуш. (Н. Ф.) 6. Амма шен дагахь ойланаш йора цо, дитта тIера охьа муха йоьжна и елла къиг бохуш. (I. Г.) 7. Йоза ца хаьа аьлла, со дIа ца ийци-кх. (М. С.)

**Шардар 221**. Схьаязъе цкъа хьалха шайгахь бахьанин латтамаш болу цхьалхе предложенеш, тIаккха – бахьанин тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карарнаш.

1. Тхешан да дагавагIац суна, нана кхелхина хан билгалъян а хаац, хIунда аьлча сан даго и кхалхар цкъа а тIе ца эцна дела (М. М.) 3. И шиъ хьошалгIа йоьдуш хила тарлора, хIунда аьлча йоIана тIехь цIарул-цIен гуьржийн басмин коч яра, кога буьйхина цIен кIархаш, коьрта тиллина баьццара йовлакх дара. 3. Ша тешаме хиларе терра, цуьнан белш тохаелира, цуьнан богу бос дикка хийцабеллера. (С. Б.) 4. Ша кхарна хIинца а дика ца го те аьлла, иза кхин а цхьа-ши гIулч юккъе хилира. (М. С.) 5. Хьо вогIур ву бохуш, хазахеташ бара дояркаш. (I. Х.) 6. Хьо кхойкхуш ву аьлла, схьавеана ву со-м. (Н. Ф.)

**Шардар 222.** ТIадамийн метта бахьанин тIетуху предложенеш ялае.

1. Цунна хаале, дIагIо кхузара, . . . . аьлла, аьшнаш вийр ву хьо цо.
2. Амма со тхан дас цIахь сецаво, . . . . бохуш.
3. Ас плащ тIеюьйхира, хIунда аьлча . . . . .
4. . . . . бохуш, арадовла кеч а делла, Iаш дара тхо.
5. . . . . аьлла, вуьйхира Ахьмад.
6. Цунна ас са ца гатдора, хIунда аьлча . . . . .

**Шардар 223.** Яздаза дисина элпаш а, запятойш а хIиттош, схьаязъе. Бахьанин латтамашна кIел ситтина сиз, бахьанин тIетухучу предложенешна кIел нийса сиз хьакха.

1. Девне, чIиркъе воцуш а, шайца уьйр йолуш а хиларна, берашна везара иза. (Х-А. Б.) 2. Хьуна а вац техьа в…взаш стаг аьлла бохура ас-м. (I. Х.) 3. Говраш лехка ца лоьхкуш, хецна йит…нера некъ шайна дика гур бу царна аьлла. (I. Г.) 4. Ял схьа ца ло аьлла чу а иккхина, цо шайн лулахочу… чуьра цIеста кIудал а, тиша истанг а даьхьна дагадогIура Зеламхина. (М. М.) 5. Хьо кхойкху аьлла ма даьхки тхо, юьрт… тхьамданаш. (Н. Ф.) 6. Цу кIанта стражникана церган, и етт дIабигча ша яа шура йоцуш вуьсур ву аьлла ца йоьхк…ра, цо и церган йоьхк..ра, и етт ша хIора денна бажо оьхуш леларна, шена и дуккхабезабелла дела цунах къаста ца луш. (С. Б.)

**Шардар 224.** Оьш-оьшучу запятойш а йохкуш, схьаязде. Хьалхара кхоъ предложени синтаксически талла.

1. И дIо бердах схьадеттарг шовда ду аьлла хета суна. (М. М.) 2. Доцца дийцича паччахь вохо кечлучаьрца вара аьлла дегабаам бина лаьцна-кх со Зеламха. (М. М.) 3. Хьаьжмурдана ларвала хаар бахьана долуш велира иза оцу кхерамах. (Х-А. Б.) 4. Тховса Марижа а хьалаеана хиларна Лох-Беташ а сайна цигахь гича хьо хьуо а йисина сагатдеш хир ю-кх аьлла еара со-м Масина а лиъна. (М. Я.) 5. Аш соьга и аьлла бохуш хIара юрт а сох йоьлуш ю боху. (I. Х.) 6. Дукха хан ялале Бешто жимма меттавеара тIаккха жимма хи мелча цунна дикка чу са деара… (С. Б.)

**Шардар 225**. Предложенешна юкъара схьаязъе цкъа хьалха даран суьртан тIетухучаьрца йолу чолхе-карарнаш, тIаккха кхачаман тIетухучаьрца ерш, цул тIаьхьа бахьанин тIетухучаьрца ерш.

1. ГIепакха, оьгIаз а вахана, Iамарна боккха тIулг кхоьссина, иза вахарехь шел тола воллу аьлла. (Н. Ф.) 2. Амма мох сов чIогIа хьоькхуш хиларна, Ахьмадана ца хезира иза. (М. М.) 3. ТIаккха, цхьа де тIаьхьа делча а, цхьа де хьалха делча а, хIун башхо ю уьш аьлла, дIаделира-кх ас. (I. Х.) 4. ГIушмазукъа цIа веана аьлла хезна, дехьа-сехьара а нах оьхура кхаьрга. (М. М.) 5. Кхин-м хьийзор вац со Iадсалама, сан кетIе нехачух тера яц бохуш. (I. Г.) 6. Илесана хаьа хьуна, ша хIун боху. (М. М.) 7. Алхаст, шен дагахь дехкашкара хIун гIо хир дара суна бохуш, вела а воьлуш, дIавахана. (Н. Ф.)

**Шардар 226**. Масдаршна кIел сиз а хьоккхуш, схьаязде нохчийн халкъан кицанаш. ХIора кицан маьIна де.

1. Дукха дийцар дети делахь а, амма кIезиг дийцар деши ду. 2.Вонна дарба хан ялар ду. 3. Суьйре цIийелча, кхаллар кечде, Iуьйре цIийелча, кхоллар кечъе. 4. Дукха дезаро кIезиг долчух а воккху. 5. Нехан даг тIера вожарал доккха хIума дац.

Хаттарш хIиттаде **дезаро, вожарал** бохучу масдаршна. Дийца, муьлхачу дожаршкахь ду и ши масдар.

## § 54. Iалашонан тIетуху предложенеш

***Iалашонан тIетуху предложени*** **олу коьртачу предложени чохь дуьйцуш долчун Iалашо гойтучух**. Цо жоп ло стенна? хIун Iалашо йолуш? мича Iалашонца? бохучу хаттаршна. Иза коьртачух дIахутту **бохуш, аьлла** бохучу карарчу хуттургаша. Масала: *Ша а, шен вашас а йоьшур-кх* ***аьлла,*** *яхьара цо и книга. Ма-дарра дIадийцича, уьш дика кхетар бу* ***бохуш***, *дийца кечвелира иза*.

Хьовса хьалхарчу чолхе-карарчу предложенин схемега:

*Яхьара цо и книга,* (коьрта предложени)
**стенна? я мича Iалашонца?**
***ша а, шен вашас а йоьшур-кх бохуш*** (Iалашонан тIетуху предложени).

**Шардар 227**. Схьаязде. Дийца, коьртачу предложенешкарчу муьлхачу меженех йозуш ю Iалашонан тIетуху предложенеш.

1. Вежарий мел берш вежаршца бахара, тов, и гуьржийн ши айгIар къевсина боккхур шаьш аьлла. (Н. Ф.) 2. Цу юьртарчу нахера мах белла даа хIума а эцна, юха шен говрана тIе а веана, кхузахь садоIуш кхо дей, буьйсий доккхур ду ша аьлла, охьахиъна. (Н. Ф.) 3. Сагатделла, вайна хуучул сов тIекхетта хIумма а дуй техьа хьуна хууш а аьлла, еана со. (I. Х.) 4. Граф Воронцовс пхеа новкъа пхи стаг хьажийра Фрейтагана тIе, цуьнга кхузара хьал а дийца, дерриге эскарш схьа а гулдай, Гезлойн-ГIопе кхача, Яьссица хьала шаьш кIелхьарадаха вола аьлла. (А. А.) 5. Денна Дудди волчу а лестара иза, керланиг дац теша цунна хууш а бохуш. (I. Г.)

**Шардар 228**. Схьаязде, цкъа хьалха Iалашонан латтамаш шайна чохь болу цхьалхе предложенеш, тIаккха – Iалашонан тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш.

1. Даьхний-хьал мел дериг хьолаца вахар, тов, эцна балор шаьш гуьржичун ши айгIар аьлла. (Н. Ф.) 2. Миска нана сама ца яккхархьама, шен киснара догIа схьа а даьккхина, неIарна меллаша тIекховдийра цо. (Н. М.) 3. Делахь а, шена гондахьа лаьттачу кху харачойн чов хилла куралла мукъана а гур яцара техьа шена аьлла, юха а оьгIазе дIасахьаьжира иза. (М. М.) 4. Кульдевич веана тIехIоьттира цIийна юккъехьо, гIеххьа тептарш а гуш лаьттачу йоккхачу стоьлана, цу тIехь Iуьллучу шен дашо сахьта тIе хьажа. (С. Б.)

**Шардар 229.** ТIадамийн метта Iалашонан тIетуху предложенеш ялае.

1\. . . . . аьлла, цигахь лаьттачу нахана тIевахара Ахьмад.
2\. . . . . . бохуш, оцу ураме дIавирзира иза.
3\. Вуха а вирзина, иза кевнах чоьхьавелира, . . . . аьлла.
4\. . . . . бохуш, кечам беш вара иза.

**Шардар 230.** Яздаза дисина элпаш а, запятойш а хIиттош, схьаязде.

1. Берриге а шен ницкъ а гулбина тI…хьа пхьаьрсаш а гIортийна айвелира Мирза охьахаа дагахь. (Н. М.) 2. Вай хIин…алц лаьттинчу кху юьртан пхьоьханахь тIаьхьарчу тIаьхьенна дийца дош хилийта, цхьакIеззиг дин хьовзо воллу со кIентий. (Н. Ф.) 3. Йоккхачу стага пхьерашна тIе а вигна, мухIар де аьлла дети дIаделла, амма муьлхачу пIелгана деза билгал а ца доккхуш. (Н. Ф.) 4. Вай хIинца хIун дич… бакъахьа ду техьа аьлла хьох дагаяла еана со. (I. Х.)

**Шардар 231.** Предложенешна юкъара хьалха схьаязъе бахьанин тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш, цул тIаьхьа Iалашонан тIетухучаьрца ерш. Синтаксически талла хьалхара кхо предложени.

1. Цундела кхунна гIо-накъосталла а хир, колхозана гIуллакх а хир аьлла, ас кхуьнца сайн хьелий хийцина. (I. X.) 2. Церан кхайкхам бахьаш веана со шу долчу вайн эскаре язло аьлла. (I. Г.) 3. Цуьнан къамелана шаьш реза а доццушехь, кхин ца къовсуш, цу тIехь и чекхдалийтира Анна Львовнас, дисинарг тIаьхьа гур-кх аьлла. (М. С.) 4. Со юха валлац, сайца ца текхо, хIара гали охьа а дуьллур ас, цхьана хIуманах хьох дага а вер аьлла, чувирзира со-м. (I. M.) 5. Хожа, бIаьргаш а тоьхна, доттагIчун юьхье хьаьжира, кхунна ас хIун дика болх бер техьа аьлла. (Н. М.) 6. Кхаа дийнахь, кхаа бусий сакъоьрур ду аьлла, сакъера хевшира, тов, цIе йолу кура кIентий. (Н. Ф.)

## § 55. Бехкаман тIетуху предложенеш

***Бехкаман тIетуху предложени*** **олу коьртачу предложени чохь хуьлуш долчун бехкам гойтучух**. Иза коьртачух дIахутту **нагахь** я **нагахь санна** бохучу кararчу хуттурго. Масала: ***Нагахь санна*** *ахь и дерриг а кхочушдо-кх, оха тешаме накъост лорур ву хьо.* ***Нагахь*** *и кхочушдан хьан ницкъ ца кхечи-кх, тIаккха тхан дан хIума дац*.

Хьовса чолхе-карарчу предложенин схемега:

***Нагахь санна ахь и дерриг а кхочушдо-кх*** (бехкаман тIетуху предложени), *оха тешаме накъост лорур ву хьо* (коьрта предложени).

Синтаксически толлур вай и предложени.

Коьртачу предложени чохь: *лорур ву* (хандешан цхьалхе сказуеми); *лорур ву* ***хьан?*** *– оха* (маьIнин подлежащи); *лорур ву* ***мила?*** *– хьо* (нийса кхачам); *лорур ву* ***мила?*** *– накъост* (нийса кхачам); ***муха*** *накъост?* *– тешаме* (бертан къастам).

ТIетухучу предложени чохь: *кхочушдо-кх* (хандешан цхьалхе сказуеми); *кхочушдо-кх* ***хьан?*** *– ахь* (маьIнин подлежащи): *кхочушдо-кх* ***хIун?*** *– дерриг а* (нийса кхачам); ***муьлха*** *дерриг а*? *–* ***и*** (бертан къастам); *нагахь санна* (бехкаман тIетуху предложени коьртачух дIахуттуш йолу карара хуттург).

**Нагахь санна (нагахь)** бохучу карарчу хуттурган меттиг тIетухучу предложенин юьххьехь ю.

**Шардар 232.** Бехкаман тIетухучу предложенешна кIел сиз а хьокхуш, схьаязде. Тидаме эца **нагахь санна (нагахь)** боху хуттург бехкаман латтамашца хилар.

Нагахь санна кIена, мекхана я барцана юкъахь цхьа буьртиг а кхин ялта дуьтий, хьан горга корта схьа а баьккхина, оцу хьокхи тIе буллур бу ас. (Н. Ф.) 2. Цхьабакъду, нагахь санна, вайн ирсана, хIара деши хуьлий, дуьненахь балхах куьг тоха-м ца оьшу вай. (Н. Ф.) 3. Нагахь ас дан гIуллакх делахь, хьоьца дIа а вогIур ву со. (М. М.) 4. Нагахь хьуна новкъа хетахь, кхин дIа дуьйцур а дац. (Н. М.) 5. Нагахь со ларамаза шаьшна тIекхачахь, эхь хеташ, бай тIе охьатеIар ду уьш (зезагаш). (А. С.)

**Шардар 233.** Бехкаман латтамех бехкаман тIетуху предложенеш а еш, схьаязде.

Кеп: *Аш иштта сайца гIиллакх лаьцчахь, шуьца гIиллакх лаца а хуур ду суна. – Нагахь санна аш иштта соьца гIиллакх лоцу-кх, шуьца гIиллакх лаца а хуур ду суна*.

1. Сий, лахдичахь, лахло, лакхадаьккхичахь, лакха а долу. (Н. Ф.) 2. Хьайн дош Iалашдеш хьо вацахь, чIагIо а Iалашйийр яц ахь. *(Кица)* 3. Тахана харц дерг ахь дийцахь, кхана цхьа а тешар вац хьох. *(Кица)* 4. Хьайца нах дика хуьлийла лаахь, цаьрца дика хила хьо. *(Кица)* 5. ХIара санна гIуллакх кхин вовшех Iотталахь, юха вовшахкхетар вай, тешаме кIентий. (Н. Ф.) 6. Делахь, хьан дIаваха гIуллакх делахь, оха хьо сацор вац. (Н. М.) 7. Шен ницкъ кхачахь, иза лекха а, куц долуш а хуьлуьйтур вара цо. (Н. М.)

**Шардар 234.** Дага а лаций, дIаязъе бехкаман тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. ТIетухучу предложенийн коьрта меженаш билгалъяха.

Кеп: *Нагахь санна* ***ахь*** *иза ма-дарра* ***схьадуьйцу-кх****, гӀуллакх хьоьгахьа ду*.

**Шардар 235.** Схьаязде, хьалха карарчу хенан лааме причастеш йолу кицанаш а яздеш.

1. Хезнарг гинчуьнга **ма нисде**. 2. Хьарам динарг къаьхьа Ӏеттийна. 3. Хазаниг хаза дац, хазделларг хаза ду. 4. Чорпо вагийнарг хина хӀуп бохуш хилла. 5. Тешнабехк бинчух боьду. 6. Гинарг хезначул чӀогӀа ду. 7. Ӏеминарг **диталац**. Цакхетарг кхето хала ву. 8. Цахууччуьнца забар ечул хууччуьнца дов даккхар гӀоли ю. 9. ЦадогӀург дуьйцучунна **дан** вон оьшур дац. 10. ХӀумма а ца ден долчо дукха дуьйцу.

*(Нохчийн кицанаш)*

ХӀора кицан маьӀна даста.
Бакъонашца чӀагӀде билгалдаьхначу дешнийн нийсаяздар.
Барта билгалдаха лаамечу причастийн дожарш.

**Шардар 236.** Схьаязде. Билгалбаккха чолхечу предложенийн дӀахӀоттам. Тидаме эца чолхечу предложени чохь масех тӀетухург хилар.

1. ТӀаккха цуьнан шолгӀа волу ваша вахана оцу ширачу новкъа, цигахь хӀун ду хьожур ма ву ша аьлла. (Н. Ф.) 2. Шена санна, и нахана а тамаша хӀунда ца хетате, массеран а багахь хӀунда вац те и аьлла, хетара йоӀана. (М. С.) 3. Нагахь санна хьайн аьтто бели, соьга хаам бийр бу ахь, хӀунда аьлча кхин хьоьжуш Ӏан вайн йиш яц. 4. Хьуна и дицлур аьлла-м ца хетара суна, хӀунда аьлча хӀуманан тӀалам болуш ву хьо. 5. Ас шега гӀо мосазза дийхи, цо суна накъосталла а дора, ас шена баркалла мосазза эли, «доккха хӀума дац» а олура.

**Шардар 237**. Цхьалхечу кхаа предложенех чолхенаш а кхуллуш, схьаязде. Церан дӀахӀоттам схемашца билгалбаккха.

Кеп: *Суна хета. И чолхе шардар цуьнга кхочушдалур дац. Цо параграф тӀера бакъо ца Ӏамийна. – Суна хета, и чолхе шардар цуьнга кхочушдалур дац аьлла, хӀунда аьлча цо параграф тӀера бакъо ца Ӏамийна*.

*1. Аьхка ялтийн аренашка иза дена тӀаьхьавоьду. Цунна шийла хи хьора цо. Иза дена хазахетара.*
*2. Цо соьга кехат даийтира. Хьо цаьрга веанера. Шуьшиъ талла лийлира.*
*3. Нурдин схьакхечи. Хаам бира собранин председатело. Массо а цо олучуьнга ладогӀа севцина бара.*

**Шардар 238**. Предложенешна юкъара схьаязъе масех тӀетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш. Церан дӀахӀоттам схемашца гайта.

1. Тхойшиъ цӀа мича хена кхочур, ца хаьа суна. (С. Б.) 2. Цундела хьанна хаьара, сов лерина юрт а гулйина, кхуза вогӀуш верг мила ву а, и хӀунда вогӀу а. (М. М.) 3. Цигахь йийцира ас дуьххьара сайн бакъйолу цӀе а, со мила ву а, айса лелийнарш а. (М. С.) 4. Алахьа, муьлха ю хьан лозу меже, алахьа, мел чӀогӀа лозуш ю и. (А. С.) 5. ЧӀерий дукха долу меттигаш а, муьлха чӀерий маца лецало а, хаьара цунна. (Х. С.) 6. Со нохчо ву…, цигахь, хаттий, къастаде сан цӀе хӀун хилла, со хӀун стаг ву. (М. С.)

**Шардар 239**. Схьаязъе предложенешна юкъара масех тӀетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш. Оьш-оьшучохь запятойш яхка.

1. Хаац дера суна-м цара сайх хIун лачкъадо а я хIунда лачкъадо а. (М. Я.) 2. Лома-юьртахь ишкол йилла а кечамаш бара беш. IелагIеран хиллачу даккхийчу цIеношна ремонташ яра еш хьехархой богIур бу аьлла гIалара деана кехат а дара. (I. Г.) 3. Товсолта волчу хIинца шеца мила вига те цо лору верг мила хир вара те я ша гIо те бохуш ойла йора цо. (М. С.) 4. Дийцира цо ГIойтIахь штаб а йиллина нохчех вовшахтухуш ЦIен Эскар ду бохуш. (I. Г.) 5. Дош айкх ду. Стага ша мила ву а мел ву а дуьйцу шен дашехь. (Н. М.)

**Шардар 240.** Дага а лоцуш, лахахь билгалбаьkkхинчу дIахIоттамца дIаязъе чолхе-карара предложенеш. Запятойш яхкаран тидам бе. Церан дIахIоттамех лаций барта кхетам ло.

**Шардар 241**. Оьш-оьшучу запятойш а хIиттош, схьаязде. Синтаксически талла хьалхара кхо предложени. ХIиттае церан схемаш.

1. ТIаккха хиъна иччархочунна ша мел къонаха ву а шен мел хьуьнар ду а. (Н. Ф.) 2. Шена хIун кхерам бу а шен мостагI мел гергахь ву а ца хууш набарна хьегIаш Iара къена аьрзу. (Х-А. Б.) 3. Махкахь шел майра а ницкъ болуш а мила ву хьожур ву ша аьлла говрахь лела араваьлла хилла цхьа стаг. (Н. Ф.) 4. Ас дуьйцур ду хьуна и кедаш хьан мелла. (Н. Ф.) 5. Хьайга хIунда кхайкхина хаьий хьуна накъост Баштиров? (М. С.) 6. Тахана хуур долуш ду мехкарийн мел дог дика до комаьршачу нана-лаьтто. (М. М.) 7. Йишин бIаьра а хьаьжна цунна и муха хетар ду ца хууш сецира Нурседа. (М. С.)

**Шардар 242**. Барта билгалъяха чолхе-карара а, чолхе-цхьаьнакхетта а предложенеш.

Ма-йоггIу хаьхкина говрахь веана схьахIоьттира Рамзан. ТIегулбелира цунна майданахь берш. Оцу сохьта маьхьарий девлира.

Иштта дегнаш ира-карахIиттина уьш гуш там хиллачу Рамзана хьалалецира кIайн кехат.

– ЛадогIал! ЛадогIал! – Массо а дIатийра. – Асланбека хIара кехат яздина шуьга!

– Деша! Деша!

– ЛадогIа! «…Нохчийн кIентий! Тахана ваьш караэцна герз охьа ца дуьллуш, толам боккхур бу вай. ДагадогIий шуна майра Iассир муха летта, къонахий муха леш хилла? – ондачу озаца доьшура Рамзана. – Халкъан иллеш тIехь буьйцучу Кавказерчу турпалхойн сий довр дац цкъа а!

Нохчийн кIентий! Цу майрачу турпалхоша шайн маршонехьа санна, дIабахьа беза вай а къийсам,… ткъа вайн вешан сил мерза ю паргIато, машаре дахар».

– Нийса боху! Нийса боху! – маьхьарий девлира.

*(I. Гайсултанов)*

## ХУТТУРГАШ ЙОЦУ ЧОЛХЕ ПРЕДЛОЖЕНИ

### § 56. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложених лаьцна юкъара кхетам

**Цхьаьнакхетаран а я карара а хуттургаш а йоцуш я хуттургийн дешнаш а доцуш, еккъа цхьана эшарца цхьаьнакхеттачу цхьалхечу предложенех лаьтташ йолчу чолхечу предложенех *хуттургаш йоцу чолхе* предложени олу**. Масала:

**цхьалхе предложенеш**

*Малх дикка лакхабаьллера. ХIинца а йохъялаза яра*.

**чолхе-цхьаьнакхетта предложени**

*Малх дикка лакхабаьллера, амма хIинца а йохъялаза яра*.

**хуттургаш йоцу чолхе предложени**

*Малх дикка лакхабаьллера, хIинца а йохъялаза яра*.

**Шардар 243.** Цхьалхечу предложенех хуттургаш йоцу чолхе предложенеш е. ДIаязъе уьш.

1. Стигланаш йоьлхур ю. Латтанаш лелхар ду. Халкъан кIант херлур вац гергарчу халкъах. 2. ТIома а валийта. Лаьттах а волийта. МостагI вай вуьтур вац хьомечу махка. 3. Къомана сийлахь ду къонаха къастар. Дикчу ден дог доьлу, дика кIант кхиъча. 4. Тайпанна томмагI ду кIанта юкъъястар. Южур ю стеган цIе атта некъ лиъча. 5. И вара къонахех хилларг. И вара сийлаллин сий довза ваьхнарг. (Н. Ф.)

## § 57. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьIнаш а, сацаран хьаьркаш хIиттор а

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь йолчу цхьалхечу предложенийн тайп-тайпана маьIнаш хуьлу:

1. **Нийсачу кхачаман маьIна**:

*Суна-м моьттура* (хIун?) *Iуьйрре уьш цигара новкъа бевлла*.

Нийсачу кхачаман маьIнехь ю шолгIа предложени. Иштта кхоллаеллачу хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь цхьалхечу предложенешна юккъе сацаран хьаьрк ца хIоттадо.

2. **Хенан маьIнехь**: ишттачу предложенехь цхьалхечу шина предложенина юккъе **тире** юьллу. Масала: ***Iуьйре тIекхочур ю*** *– тхо новкъадевр ду*.

Дуста: ***Iуьйре тIе а кхочур ю***, *тхо новкъа а девр ду* (чолхе-цхьаьнакхетта предложени). ***Iуьйре тIекхаьчча***, *тхо новкъадевр ду* (хенан латтамца йолу цхьалхе предложени).

3. **Дуьхьлара маьIна**: ишттачу предложенехь а **тире** юьллу. Масала: *Цунна совгIат дала догIура –* ***иза цIеххьана кхузара дIавахара.***

Дуста: *Цунна совгIат дала догIура,* ***амма иза цIеххьана кхузара дIавахара*** (чолхе-цхьаьнакхетта предложени).

4. **Бехкаман маьIнехь:** ишттачу предложенехь а **тире** юьллу. Масала: ***Сихлой хьо*** *– дерриг а дицлур ду хьуна*.

Дуста: ***Нагахь санна сихлой хьо***, *дерриг а дицлур ду хьуна* (чолхе-карара предложени). ***Сихлахь***, *дерриг а дицлур ду хьуна* (бехкаман латтамца йолу цхьалхе предложени).

5. **ТIаьхьалонан маьIнехь**: ишттачу предложенехь а **тире** юьллу. Масала: *Чохь Iаьржа яра –* ***ас лампа латийра***.

Дуста: *Чохь Iаьржа яра,* ***цундела ас лампа латийра***.

6. **Бахьанин маьIнехь**: ишттачу предложенехь **шитIадам** буьллу. Масала: *Ас лампа латийра:* ***чохь Iаьржа яра***.

Дуста: *Ас лампа латийра,* ***хIунда аьлча чохь Iаьржа яра*** (чолхе-карара предложени).

7. **Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь** цхьалхечу предложенешна юккъе **запятой** юьллу, нагахь санна церан вовшашца чIогIа уьйр елахь, уьш дукха яьржина а яцахь. Масала: *И хьун сенъелла лаьттара, иза бIаьстенан шийлачу мохо гIийла лестайора*. (С. Б.)

8. **Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь** цхьалхечу предложенешна юккъе **запятойца тIадам хIоттабо**, уьш вовшех кIезиг йозуш а, чIогIа яьржина а, кхачаме маьIна долуш а елахь. Масала: *Шега и аьлча, Залуба шек а ца елира: и чIогIа реза яра шега далун хьошалла дан, Iадатехь ша и дан декхарийлахь йолу дела*. (С. Б.)

**Шардар 244**. Схьаязде. Билгалдаккха хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьIна. Барта схьадийца, сацаран хьаьркаш хIунда хIиттийна.

1. Сту бели – жижиг, ворда юьйхи – дечиг. *(Кица)* 2. Ас бохург дахь, лелар ву хьо, сан лаам бохош хили – велла хьо. (Н. М.) 3. И кхетам хили – паргIат вехар ву, ца хили – гIайгIа Iуьйшур ю. (Н. М.) 4. Хьуна ма моттийла хьуна нохчийн Iадат ца хаьа ала со гIерта. (С. Б.) 5. Малх ца гора: ерриг стигла дIалаьцнера шерра дIасаяьржинчу мархаша. (М. С.) 6. Наха лорура кIант – дас цунах дозалла дора. 7. КIентан карара кхалларан юьхк охьаюьйжира – кIорнино иза сихха дIакхаьллира.

**Шардар 245**. ДIадеша. Запятой, тIадам-запятой хIотторан бахьана а и хьаьркаш цадахкаран бахьана а схьадийца.

1. Со дахарх кхоьру я ца кхоьру хаац суна. (Н. М.) 2. Суна-м моьттура доттагI ас лехна. (Н. Ф.) 3. Суна а ца моьтту хьо мелла а сайца реза хир вац. (С. Б.) 4. Вашига ма алалахь хьайн шед яйна. (М. М.) 5. ПетIамат чехконца иккхира хIургон тIера охьа, цуьнан шийла мохь белира Дудех бIаьрг кхетча; цуьнан бIаьргаш хьераяла гергаяхча санна, къаьрзира; цуьнан жима дегI цкъа йовхо, тIаккха шело етталуш, чехконца дего доладелира; цуьнан тайп-тайпана хийцалуш лаьтта бос тIаьххьара а овкъаран басе бирзира, хIара луьрачу цIогIанца кех бевлла дIабирзинчу Ду-дагIарна тIехьаьдира. (С. Б.) 6. Корал арахь гIийлачу узамца тийна хьегIаш ножан хьун лаьттара, цуьнан дуькъачу гIа юккъехь набарна дIатийна дийшина олхазарш а дара. (М. М.)

**Шардар 246**. ДIадеша. Билгалъяха хуттургаш йоцу чолхе предложенеш. Йийца цаьргахь сацаран хьаьркаш дахкаран бакъонаш. И хьаьркаш тидаме а оьцуш, схьаязде.

1. Арахь гIеххьа Iаьржа яра. Стиглахь наггахь гуш седарчий а дара. Байн хьоькхуш мох а бара, цо хазош юьрта йистехь а, эвла юккъехь а летачу жIаьлийн гIовгIанаш а яра, наггахь хезаш берийн маьхьарий а дара…

2. Малх делкъал дикка тIехъиккхинера, цо соьналла яйина меттах а ца хьовш лаьттачу стиглара мокха мархаш евдда гуш яцара…

3. Цу кертара чарташ тIелата кечдинчу эскарх тера дара; цу чарташна нийсса хьалха, сехьахьа, кертана сов гена доцуш, ах дахка а делла лаьтташ цхьа дечкан лоха чурт гора.

*(С. Бадуев)*

**Шардар 247.** Оьш-оьшучохь сацаран хьаьркаш а дохкуш, схьаязъе хуттургаш йоцу чолхе предложенеш.

1. Жима йоI наб кхетта яцара цуьнан чIогIа ког лозура. (М. М.) 2. Цуьнан юьхь иръеллера цуьнан бIаьргаш вуьшта болчарал а баккхий хиллера цуьнан бос ширделлачу ахьарал мокха бара. (С. Б.) 3. Горгали бекар бу бераш шайн-шайн классаш чу довдур ду. 4. Сих-сиха ша туьйсуш, гIулч шуьйра йоккхуш, оханехьа уьду са сиха Орга паргIато лоьху цо. (С. К.) 5. ХIетте а къамел ма деара йоI юхаяьлла хиларх дог Iаьвжина, вухавахара и, оцуьнан бахьанех а ца кхуьуш. (М. С.) 6. Цо сихха лампа латийра чохь серлаелира. 7. ГIадвахана куьйгаш вовшехъхьаккхийра Данилбека тахана билггал цхьанхьа кхойкхур ву. (I. Г.)

**Шардар 248.** Бахьанин тIетухучу предложенешца йолчу чолхе-карарчарах хуттургаш йоцу чолхе предложенеш а еш, дIаязде.

1. Накъостий болчу ваха дог ца догIура, хIунда аьлча арахь хьоькхуш шийла мох а бара, тIедогIуш дерз а дара.
2. Тховх чекх ладар долура, хIунда аьлча тIейиллина гериг меттахъхьайнера.
3. Тахана хьалхxе гIатта дезара, хIунда аьлча дешархой Iуьйрре асар дан буьгуш бара.
4. НеI меллаша дIаеллаелира, хIунда аьлча диллинчу корехула мох хьаькхира.
5. Черми чуьра хи довха дара, хIунда аьлча сарралц малхехь лаьттинера иза.

**Шардар 249**. Лахарчу предложенех хуттургаш йоцу чолхе предложенеш а еш, схьаязде. Тидаме эца сацаран хьаьркаш дахкаран бакъонаш.

1. Дитташа зазадоккху зама яра, цундела лайн басахь яра бошмаш.
2. Сарралц бешахь къахьоьгуш ваьллира со, цундела кIад чIогIа веллера.
3. Светофоран цIен лампа летира, цундела машенаш севцира.
4. Йоккха перемена дIайолаелира, цундела уьйтIахь дешархойн гIовгIанаш евлира.
5. Хи дистина догIура, цундела дехьаволийла дацара.
6. Чохь гIеххьа шелъеллера, цундела ас неI тIечIегIира.
7. Хабарна говза вара Хьасан, цундела цуьнга массара а ладугIура.

## МАТТАХ ЛАЬЦНА ЮКЪАРА ХААМАШ

### § 58. Мотт а, цуьнан маьIна а, коьрта билгалонаш а. Меттан Iилманан дакъош а, церан маьIнаш а

1. Мотт адамийн дахарехь ца хилча ца торуш болу юкъараллин нуьцкъала а, хьекъалан а гIирс бу.

Юкъараллин дахар а, къахьегар а бахьанехь кхоллабелла а, кхуьуш схьабеана а бу мотт. Адамийн дахар а, говзалла а, Iилма а, культура а – адамашна а, юкъараллина а оьшуш дерг дерриге а кхио гIо динарг мотт бу. Мотт а, ойла а, кхетам а, хьекъал а чIогIа вовшех дозуш ду. Вешан ойла а, дагахь дерг а вай дIадуьйцу маттаца. Мотт ойланан дегI ду, ткъа ойла меттан сурт ду. ХIума хааран а, хIуманах кхетаран а ойланах **кхетам** олу, ткъа адамийн дахарх а, къинхьегамах а, Iаламах болчу кхетамах **хьекъал** олу. Доцца аьлча, хьекъал хIуманах вайн болу кхетам бу.

II. Дуьненахь къаьмнийн меттанаш Iаламат дукха ду, Iилманхоша дерриге а дуьненахь 3000 сов къоман мотт лору, кегий, даккхий къаьмнийн меттанаш лерича. И меттанаш, вовшашна герга а, вовшех тера а хиларе хьаьжжина, меттанийн тобанашка декъало. ХIора меттан а, ур-атталла вовшашна герга долчу меттанийн а тIехь, тайп-тайпана башхаллаш ю. Уьш вовшех къаьста меттан дешнашца а (лексикаца), цуьнан грамматикаца а. Вовшийн гергара хиларе терра, славянийн меттанийн тобана юкъа догIуш ду оьрсийн, украинцийн, белоруссийн, болгарийн, полякийн меттанаш, ткъа вайнехан меттанийн тобана юкъадогIуш нохчийн, гIалгIайн меттанаш ду. И меттанаш хIора къоман а, халкъан дахаран а, мехкан а, церан гIиллакх-амалийн а башхаллашка хьаьжжина кхуьуш хилла. ХIора къоман а уггаре а мехалчу а, коьртачу а билгалонех хьалхарниг цуьнан мотт бу.

III. Меттан Iилманан (языкознанин) коьрта дакъош ду: 1) лексикологи, 2) фонетика, 3) грамматика, 4) йозанан теори. Лексикологина юкъайогIу семасиологи (семантика), фразеологи, диалектологи, лексикографи, этимологи. Грамматикана юкъайогIу морфологи а, синтаксис а. Йозан теорина юкъайогIу орфографи а, пунктуаци а. Орфографи морфологин буха тIехь, пунктуаци синтаксисан буха тIехь дIахIоттош ю.

Меттан Iилманах **языкознани (я языковедени)** олу. Меттан дешнаш (лексика) Iамочу Iилманах **лексикологи** олу. Дешнийн чIагIделла (фразеологически) цхьаьнакхетарш Iамочу Iилманах **фразеологи** олу. Словараш хIиттор Iамочу Iилманах **лексикографи** олу. Дешнийн схьадовлар Iамочу Iилманах **этимологи** олу. Меттан диалекташ Iамочу Iилманах **диалектологи** олу. Къамелан аьзнийн Iилманах **фонетика** олу. Дешнийн форманаш а, къамелан дакъош а Iамочу Iилманах **морфологи** олу. Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а Iамочу Iилманах **синтаксис** олу. Меттан законийн Iилманах **грамматика** олу. Дешнийн нийсаяздаран бакъонех **орфографи** олу, ткъа йозанехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонех **пунктуаци** олу. Меттан Iилманан дакъа ду дошкхоллар (словообразование). Дешан латтам а, дешнаш кхолладаларан кепаш а Iамочу Iилманах **дошкхоллар** олу.

IV. Юкъараллин дахарехь, адамийн ойланан а, кхетаман а, хьекъалан а хазна хиларе терра, мотт адамийн уьйран а, кхиаран а, къийсаман а гIирс бу. Юкъараллин дахарехь хийцамаш хиларца цхьаьна буьйцучу маттаца а хуьлу хьакъболу хийцамаш. И хийцамаш меттан дешнашкахь (лексикехь) хуьлу. Дахаран агIонаш хийцаяларца меттан дешнаш а хийцало. Цхьадолу дешнаш ширло, цхьадолу дешнаш керла юкъадовлу. Дешнаш ширдалар шина кепара ду: 1) дахарера дIаевллачу хIумнийн цIераш ширло, шайх **историзмаш** а хуьлуш, масала: *пурстоп, цIуьхIар, сардал, мажар*; 2) дахарера дIайовлаза йолчу хIуманийн цIераш ширъяла а тарло, шайх **архаизмаш** а хуьлуш, масала: *кхиэлахо* (суьдхо), *амалт* (тешийна дитинарг), *оьс* (пхи цIов), *мескат* (цIоканан тай шеца хадо гIирс), *сетал* (отвертка).

Цхьадолу дешнаш керла юкъадевлла, шайх **неологизмаш** а хуьлуш, масала: *космос, космонавт, летчик-космонавт, дошам, керлахо, аьргалла, кIаже, гулар*.

Бакъду, меттан дуккхахдолу дахаран дешнаш бIеннаш, эзарнаш шерашкахь а ца хийцалуш, меттан коьрта хазна ларъеш ду, масала: *хи, латта, ялта, хьун, беш, некъ, адам, болх, хала, атта, цIена, хаза, дика, цхьаъ, шиъ, кхоъ, со, хьо, иза, тхо, вай,* иштта дуккха а кхидолу дешнаш а.

Октябрьски революци хиллачул тIаьхьа, юкъараллин дахарехь хиларе хьаьжжина, баккхий хийцамаш оьрсийн а, иштта вежараллин кхечу халкъийн меттанийн дешнашкахь а хилла, дуккха а дешнаш ширдаларца юкъара дIадовлуш а, юкъараллин дахаран керлачу дIахIоттаме хьаьжжина, дуккха а керла дешнаш юкъадовлуш а.

**Шардар 250.** Лакххахь вай ялийнчу параграфан текстан план хIоттае, дIа а язъе. Цу планаца цуьнан чулацам схьабийца.

Историзмаш, архаизмаш, неологизмаш къестош, шайгара масалш даладе. Меттан а, кхетаман а маьIний, церан уьйррий муха лору схьадийца шайн дешнашца.

**Шардар 251.** Дика тидам а беш, дIадеша кху лахахь далийна газетан статьян а, халкъан барта дийцаран а, яздархочун исбаьхьаллин дийцаран а дакъош. Тидам бе, мотт а, цуьнан шира а, керла а дешнаш а хIун башхаллаш йолуш нисло. ДIаязде дакъош тетрада тIе.

1. Нохчийн поэзин классикан I. Мамакаевн инзаре хаза произведенеш ю: поэмаш: «Дагалецамаш», «Нохчийн лаьмнашкахь», стихаш: «Кавказан латта», «Даге», «Сарахь Теркан тогIехь», «ЙоIе», «Буьйса ю башха», акростих «Ч. М-не», «Юкъал а буьйса тIехъяьлла. Ч. М-не», повесть «Винчу юьрта». (З. Д.)

2. Нохчийн башхачу поэтан А. Сулеймановн, ешарх кIорда ца еш, адамийн дегнашна хазахетар луш хаза произведенеш ю: поэма «Безаман шовда», стихаш: «Лойша суна», «Iаьржа духар», «Хьо марша Iойла». «Хьо яре сатуьйсу», «Ма ала соьга», «Маржа-яI, боцу ницкъ».

3. Вайн говзачу поэтан М. Гадаевн цкъа а йиц ца луш йолу исбаьхьа произведенеш ю: поэма «Тоьпан тата», «Кехаташкахь поэма», «Бэлин йиш», «Даймехкан суьрташ», «Испанхойн нана», «Китайн партизан», йоIана даьккхина инзаре хаза илли «Йисите». (З. Д.)

4. Халкъан яздархочун, говзачу поэтан А. Айдамировн массарна а хазахеташ башха стихаш, иллеш ду: «Вина мохк», «Ненан мотт», «ДоттагIчуьнга» (Мамакаев Iаьрбин безамна), «Хьоьга», «Ирзехь», «Язделахь, Зина», «ХIай, буьйса», «Юха а хьоьга», «И хьан бIаьргаш», «Воккхачу стеган илли». (З. Д.)

5. ГIараваьлла вевзаш волчу халкъан поэтан Ш. Арсанукаевн Iаламат хаза стихаш ю: «Ненан мотт», «Нагахь хьан гIо оьшуш…», «Лаьттан монолог», «Мохкбегор», «Аьрха йоI», «Сан доIа» (Деле дехар), иштта цуьнан поэмаш а.

II. Дуьненахь диканиг а долуш, вониг ма лаха. Диканна хьо вагIахь, дика ма эшадойла хьуна, вонна хьо вагIахь, вон ма эшадойла хьуна.

Тимаран кIанта аьлла: «Хьуьлла вогIу стаг тIехь Iен бекъа турпала а ю, цуьнгара дечкан мукъ болу тур цIокъболтан терсмаймал а ду».

*(Нохчийн фольклор)*

III. Малхбалехьарчу лекхачу лаьмнашна юкъара хьалагIаьттина малх дикка лакхабаьллера, аренаш, тогIеш шен зIаьнаршца кхалош. Ламанийн кортошна юкъара санна, маьлхан дашо экъа хьалагIаьттира, шен нуьре зIаьнаршца оцу лаьмнийн шахьаьхна кIомсарш детех а лепош.

*(М. Ясаев)*

**Карладаккхарна хаттарш**

1. Буьйцу мотт хIун ю?
2. Меттан коьрта билгалонаш муха ю?
3. Мотт стенах бозу, цуьнан уьйр стенца ю?
4. Ойла хIун ю?
5. Кхетам стенах олу?
6. Хьекъал стенах олу?
7. Меттан Iилманан дакъош а, церан маьIнаш а муха ду?
8. Маттехь хийцамаш муха хила тарло?
9. Адамийн дахар а, говзалла а, Iилма а кхио гIо стен дина?

## § 59. Литературни меттан стилаш а, церан башхаллаш а

Литературни мотт муьлххачу а меттан бакъонаш а, норманаш а къастош йолу цуьнан уггаре а лакхара форма ю.

Шен хIоттамехь цхьанатайпанара бац литературни мотт. Вайна ма-хаьара, литературни мотт бу газетийн, журналийн, радион, телевиденин, театран, пачхьалкхан учрежденешкахь буьйцуш болу мотт а, исбаьхьаллин, Iилманан литературан мотт а. Балхахь, дешаран заведенешкахь, ишколехь вай буьйцуш болу мотт а цхьаъ ца хуьлу. Цу кеппара,

цхьанатайпанара бац газетийн, журналийн, исбаьхьаллин литературан произведенийн, Iилманан литературан мотт а.

Юкъараллин дахаран тайп-тайпанчу агIонашкахь буьйцучу литературни меттан тайпанех **литературни меттан стилаш** олу. Литературни меттан стилаш Iамочу Iилманах **стилистика** олу.

Литературни меттан стилаш тайп-тайпана ю: 1) юкъара-литературни стиль, 2) хабаран я къамелан стиль, 3) Iилманан стиль, 4) публицистически стиль, 5) гIуллакхан стиль, 6) книжни стиль, 7) исбаьхьаллин литературан стиль.

Литературни меттан массо стилехь а лелочу дешнех а, предложенех, а, церан форманех а **юкъара-литературни стиль** олу, масала: *бIаьсте, малх, мох, гуьйре, аьхке, Iа, суьйре, Iуьйре, тахана, кхана, дашо, дато, сийна, дари, керла, шира, ваха, цIена, хаза, дика, книга, ишкол, институт, пхиъ, ворхI, со, хьо, иза, тхо,* и. кх. дI. а.

ХIора дийнахь а барта дечу къамелехь лелочу дахаран хьолан дешнех, церан форманех **къамелан (я хабаран)** стиль олу, масала: *бахам, хьал, таро, йиш, ваша, йиша, да, нана, да-нана, тата, гIовгIа, тем, синтем,* иштта дIа дуккха а кхидолу дешнаш а.

Шакъаьстинчу маьIнашца Iилманан маттахь лелочу дешнех а, терминех а, церан форманех а **Iилманан стиль** олу, масала: *метафора, эпитет, цIердош, хандош, дешхьалхе, лард, латтам, къастам, юххедиллар, процент, биъсаберг, кхосаберг, орам*.

Юкъараллин-политически дешнийн маттах а, цуьнан форманех а **публицистически стиль** олу, масала: *юкъаралла, халкъ, пачхьалкх, къийсам, жигара, къинхьегамхой, эвсаралла,* и. кх. дI. а. Цу стилехь дуьйцу газеташ тIехь а, журналаш тIехь а, радио чухула а, телевизор чухула а, адамаш гулделлачохь юкъараллин-политически гIуллакхех лаьцна дуьйцуш а.

Публицистически стилехь алсам пайдаоьцу халкъан хьекъалан (фольклоран) шерачу а, ирачу а дешнех а, кIорггерчу дог-ойланех, синхаамех юьзначу дешнийн форманех а, къамелан карчамех а, дешнийн чIагIделлачу (фразеологически) цхьаьнакхетарех а.

ГIуллакхан къамелехь: сацамашкахь, протоколашкахь, заявленешкахь буьйцучу меттан стилах **гIуллакхан стиль** олу, масала: *сацам бина, резолюци, векал, дийцаре дира, билгалдаьккхира, сацийра, къобалдира,* и. кх. дI. а. ГIуллакхан стилехь дог гIатторан а, синхаамийн исбаьхьаллица хаздина къагийна а дешнаш юкъа ца даладо.

Литературни меттан къастош ю хIара коьрта стилаш: 1) барта къамелан стилаш, 2) книжни меттан стилаш. Книжни меттан стилашна юкъайоьлху литературни меттан хIара стилаш: 1) Iилманан стиль, 2) гIуллакхан стиль, 3) публицистически стиль.

II. Литературни меттан стилашна юкъахь коьрта а, шакъаьстина а меттиг дIалоцу исбаьхьаллин литературан, халкъан барта поэзин стило. Исбаьхьаллин литературан стилана чIогIа герга ю халкъан барта поэзин стиль а, хIунда аьлча меттан исбаьхьаллин башхаллаш а, суртхIотторан гIирсаш а, исбаьхьаллин литературехь а санна, суртхIотторца а, кIорггерчу синхаамца а, дог-ойланца а гIуллакх деш цуьнгахь хиларна. Бакъду, шен-шен исторически заманашка а, церан юкъараллин дахаран башхаллашка а хьаьжжина долчу дешнех пайдаэцар алсам ду халкъан бартан поэзехь (фольклорехь). Амма иза исбаьхьаллин литературни меттан стилан хьу йолуш ю, шеца меттан исбаьхьаллин а, суртхIотторан а хазна алсам хиларе терра.

Исбаьхьаллин литературан произведенешкахь, адамийн дахаран гIуллакхех лаьцна хаам бина ца Iаш, исбаьхьаллин вастийн (образийн), суртхIотточу гIирсийн, исбаьхьаллин башлаллийн гIоьнца дешархойн дегнашна Iаьткъа долчу кепара, дуьйцург дагах хьаккхалучу кепара дика гIуллакх до матто дош ду аьлла. Дешнаш нийса харжа хааре терра, дог-ойла а, синхаам а дика къасторе хьаьжжина, суртхIотторе а, къеггина, бакъ васт гайтаре а хьаьжжина, дешархочун даг тIе кхочуш хуьлу произведенин дешнаш.

Яздархо, шен произведени реалистически ярхьама, шен турпалхой а, церан мотт а, гIиллакх-амалш а, хилла гIуллакхаш а, уьш хилла а, лелла а меттигаш а, Iаламан суьрташ а, дерриге а нийса гойтуш, чекхволу. Цундела яздархочо, оьшуш меттиг хилча, шен турпалхойн къамела юкъа, цара буьйцучу матте хьаьжжина, ма-дарра долу нийсаниг, бакъдерг гайтархьама, наггахь диалектизмаш а, ширделла дешнаш а дало тарло. Цу тIехь шайгара йоккха говзалла гайтина нохчийн яздархоша – поэташа а, прозаикаша а: Ш. Айсхановс, С. Бадуевс, I. Мамакаевс, I. Хамидовс, М. Мамакаевс, Р. Ахматовас, М. Исаевас, Ш. Арсанукаевс, З. Муталибовс, А. Сулеймановс.

**Шардар 252**. Дика тидам а беш, план хIоттае цу параграфан. Цу планаца схьабийца цуьнан чулацам.

**Шардар 253**. ДIадеша газета тIера а, исбаьхьаллин литератури тIера а, нохчийн халкъан барта поэзера а лахахь далийна кегий дакъош. Къастаде, церан мотт литературни меттан муьлха стилаш йолуш бу.

I. Йохьаллехь лаккхарчу гайтамашца билгалбевлла Наурски а, Урус-Мартановски а, Ачхой-Мартановски а районашкарчу цхьамогIа бахамийн даьхнилелорхой.

*(«Даймохк» газет)*

II. Исбаьхьаллин произведенин сюжетан коьрта дакъош кху кепара ду: **экспозици** (юьхьйолор), **завязка** (долор), **гIуллакхан кхиар, кульминаци** (къастор), **развязка** (дерзор).

III. Бай-й хьоькхуш Iуьйренан мох а бара, некъана дехьий, сехьий лаьттачу лекхачу дехачу аьрцнаш тIерачу юькъачу хьаннийн гIеххьа гIаш а лестош. Цу аьрцнаш тIе йийшина йохкуш сирла-сийна стигланаш а гора, церан малхбалехьара цхьайолу агIо, хьалагIерташ малх хиларна, шапталан басахь а яра. Хьаннашна юкъахь тайп-тайпанчу эшаршца декачу олхазарийн гIовгIанаш яра хезаш. Наггахь тIехула девлла доьлхуш куьйранаш а гора.

*(С. Бадуев)*

IV. Уггаре а тоьлла хазалла – иза деган хазалла ю, адамаллин оьздангаллин хазалла ю. Хаа деза, хьал дарц хьовззолц бен цахилар; хазалла гуттаренна а йоций, иза сарралц бен цахилар; цIена дог, тешаме доттагIалла, лаьтта тIехь адамалла долуш хилар, адамашка болу безам – иза гуттаренна а хилар, иза доза доцуш хилар.

*(Нохчийн барта поэзи)*

## § 60. Синонимика стилистикан бух бу

1) беснеш, чIишталгаш;
2) буц, йол, докъар, цана;
3) говр, дин, гила, кхел, алаша; кхез, Iаспар;
4) кхиэлахо, суьдхо;
5) поэт, яздархо, прозаик, драматург.

1. Алар, яздар тайп-тайпана а долуш, гергара маьIнаш долчу дешнех **синонимаш** олу, масала: *хьекъал, кхетам, хье; хьехархо, педагог; паргIато, маршо; гIиллакхе, оьзда; чехка, маса, сиха; шовда, хьоста, къулла; кхор, хьормат; зайла, экъа*.

Синономийн тайпанаш, церан башхаллаш къесторах **синонимика** олу. Кхечу дешнашца аьлча, синонимаш Iамочу лексикологин декъах **синонимика** олу.

Синонимаш тайп-тайпана хуьлу: 1) маьIнийн, 2) стилистически, 3) юьззина, 4) фразеологически, 5) грамматически, 6) текстови, 7) морфологически, 8) синтаксически, 9) лексически.

МаьIнийн агIонашца вовшех къаьстачу синонимех маьIнийн **синонимаш** олу, масала: *говр, гила, дин, алаша, кхел; йовха, мела; йол, цана; маса, сиха, чехка; поэт, яздархо*.

Стилистически суртхIотторца вовшех къаьстачу синонимех **стилистически синонимаш** олу, масала: *бат* (литературни), *муцIар* (литературни дац), *бесни* (литературни, къамелан дош), *чIиштaлг* (дог-ойла гIатторан поэтически дош), *сира* (чола), *оба* (барт).

Цу масалшкахь вайна ма-гарра, синонимашна юккъера маьIнийн башхонаш стилистически сутхIотторца къесто а тарло, масала: *ваха, хьада, вада; оьгIазваха, вусавала*. Цу дешнашкахь маьIнийн башхонаш а, стилистически суртхIоттор а – ший а нисло.

Цхьабосса маьIнаш, цхьанисса стилистически суртхIоттор а долчу синонимех **юьззина синонимаш** олу, масала: *кхаллар, бепиг; хьекъал, кхетам; шовда, хьоста, къулла; боргIал, нIаьна; оба, барт; тIадийна, вашийна; языковед, меттан Iилманхо, меттан Iилманча*.

2. Шех фразеологически цхьаьнакхетар хуьлучу синонимах **фразеологически синоним** олу, масала: *куьйгаш тIехь лелаво* (дика лелаво), *хьайн бат хьайгахь кхаба* (хьайн бат сацае, хIу-ма ма дийца), *вала-ван хьаьвзира* (чIогIа тIевирзира, чIогIа лерина тохавелира). Фразеологически синонимаш коьртачу декъана барта дуьйцучу хабарехь нисло, шен маьIнин башхалле хьаьжжина.

3. Морфологехь, синтаксисехь (грамматикехь а) хуьлу шен синонимаш (стилистически, я маьӀнин, я ший а цхьаьний нислуш), масала: *Дешис наб ца йира буьйсанна. – Дешина буьйсанна наб ца кхийтира. Яхина агӀорйоллушехь наб озийра. Яхина агӀорйоллушехь наб кхийтира. М. Мамакаевн «Зеламха» цӀе йолу роман суна хазахо хийтира. – М. Мамакаевн «Зеламха» боху роман суна тӀех хаза карийра. Арахь екхна. Арахь малх хьаьжна.* МаьӀнин а, юьззина а, стилистически а синонимаш **лексически** ю, ткъа морфологически а, синтаксически а синонимаш **грамматически** ю.

**Шардар 254**. План хӀоттае цу параграфан. Цу планаца схьабийца цуьнан чулацам.

**Шардар 255.** ДӀадеша кхузахь далийна дешнаш. ДӀаязде уьш, хӀора дашна синонимаш а ялош.

Маса, йовха, йохъелла, хьал, кхаллар, кхетам, шовда, ахьар, сирла, шира, жима, хаза, йоккха, стогар, говр, маьӀиг, сутара, тийна, синтем, дера, хӀусам, доттагӀ, экъа, кӀант, агӀо, тур, аз, кӀадъелла, текхарг, къаьхьаниг, цӀецайоккхург.

**Шардар 256.** ДӀаеша текстан кийсак. Шен метта синоним яло мегаш йолу меттиг къастае. ДӀаязъе и, синоним а ялош.

Шен берех куралла еш воккхавехь а, дагахь сингаттаме волуш, дог къевллина, шен кӀанте хьаьжжинчохь сеццера да. ХӀетте а, хийла Ӏожалла хьошуш схьавогӀучу цу харачойн обарган Ӏаьржачу бӀаьргаш чохь довхачу хин тӀадамаш сеццера; мохой, малхой таьӀно-борзанан баса ялийнчу цуьнан юьхьа тӀехула охьа а беана, хин тӀадам обарган шаьлтан Ӏаьржачу маьӀан макъар тӀе буьйжира.

*(М. Мамакаев)*

## § 61. Литературни меттан норманаш а, меттан исбаьхьаллин башхаллаш а, къамелан оьздангалла а

1. Шен хӀоттаме диллича, нохчийн халкъан мотт цхьантайпанара бац. Нохчийн меттан диалекташ а, нохчийн литературни мотт а цхьаъ лара йиш яц, хӀунда аьлча литературни маттахь дешнаш харжар а, церан дӀаалар а, церан грамматически форманаш а цхьана билггалчу бакъонашна а, норманашна а карайоьрзуш хуьлу, ткъа нохчийн меттан диалекташкахь олуш долу дешнаш вайнаха нохчийн мотт шайн-шайн меттигашка оьзна буьйцуш хиларе терра, тайп-тайпана, шайн-шайна Ӏеминчу а, марзделлачу а кепара олу, хӀоранна а ша-ша эриг нийса ду а моьттуш.

Шуьйтахь, *хӀинца* ца олуш, *хӀунца* олу, аьккхаша, *кӀудал* ца олуш, *турха* олу; цхьаболчу наха, *йиш лакха*, *шуьца, шуьга, дуьххьар, бӀарлагӀа, чийрак* ца олуш, *йиша лакха, шоьца, шоьга, дуьххьал, бӀаллагӀа, чийлак* олу. Литературни маттахь *йиш лакха, шуьца, шуьга, дуьххьар, бӀарлагӀа, чийрик* ала деза. *Йиш* локхуш (песня) ю, йиша вешин *йиша* ю (сестра), *дуьххьар* цкъа а хилаза дуьххьара (впервые) бохург ду, *бӀарлагӀа* гӀалартах (призраках) олу, *чийрак* 15 минотах, *чийлак* ведарх олу.

*Шуьца, шуьга, шоьца, шоьга* нохчашна юкъахь цу шина а кепара олу, масала, Теркайистехь – цу шина а кепара, ткъа Ножин-Юьртан районехь – *шоьца, шоьга*. Царах литературни маттахь (грамматикехь, орфографехь) нийса *шуьца, шуьга* ду, хӀунда аьлча мукъа аз **у** кӀадлуш **уь**-не доьрзу *(шу – шуьца, шуьга; тур – туьро, туьре; хьун – хьуьно, хьуьнца, хьуьне), ткъа* ***о*** *–* ***оь****-не доьрзу (со – соьга; хьо – хьоьца, хьоьга, лом – лоьме, лоьмаца)*.

Бакъонаш а, норманаш а ларъяр литературни меттан уггаре а мехала а, ца хилча ца торуш а йолу башхаллаш ю. Литературни меттан норманаша а, бакъонаша а цуьнан ерриге а агӀонаш юкъалоцу: барта а, йозанан а меттан тайпанаш; меттан дешнаш (лексика), церан дӀаалар, дошкхоллар, грамматика. Царах лаьцна дуьйцу грамматикан а, литературан а учебникашкахь а, шакъаьсттинчу справочникаш тӀехь а, орфографически а, фразеологически а, синонимийн а, дешнаш довзийтаран а словараш тӀехь а.

2. Барта а, йозанан а литературни мотт – иза исбаьхьаллин произведенийн а, телевиденин а, радион а, газетийн а, журналийн а мотт бу, иза пачхьалкхан а, иштта культурни учрежденийн а мотт бу. Литературни меттан норманаш, бакъонаш йовза а, хаа а декхарийлахь ву хӀора

культурни стаг. Халкъан мотт шарбеш, нисбеш, цунах бакъонца литературни мотт беш гӀуллакх динарш, къахьегнарш яздархой а, Ӏилманхой а, литературни критикаш а, гочдархой а (переводчикаш), журналисташ а (газетийн, журналийн, телевиденин, радион белхахой), юкъараллин деятельш а бу. Цу тӀехь дика гӀо до хьехархоша а. Литературни маттана юкъа ца доьлху товш доцу девне дешнаш а (вульгаризмаш), кӀеззиг бен йоцчу тобанийн дешнаш а (жаргонизмаш).

МаьӀница нийса догӀу дешнаш харжа а, царех предложенеш нийса хӀотто а, шен ойланаш ма-ярра дӀайийца а хаа деза. Къамелан культура [1] мотт нийсий, хазий, оьздий бийца хаарх йозу.

3. Мотт нийса бийцаран а, нийсаяздаран а норманаш кху кепара ю:

1) **лексически** (дешнаш маьӀница нийса далор);

2) **грамматически** (дешнийн грамматически форманаш нийса ялор);

3) **орфоэпически** (дешнаш нийса ала хаар);

4) **орфографически** (дешнаш нийса яздан хаар);

5) **стилистически** (кхоччуш нийсий, хазий, дикий, исбаьхьа суртхӀоттошший шен ойланаш йийца хаар);

6) **фонетически** (дешнашкахь къамелан аьзнаш нийса алар);

7) **пунктуационни** (йозанехь сацаран хьаьркаш нийса лелор).

Нийса аларан а, яздаран а, грамматикан а, дешнаш харжаран а, стилистикан а бакъонех **литературни меттан норманаш** олу.

4. Нохчийн меттан сутрхӀотторан гӀирсаш а, исбаьхьаллин башхаллаш а хаза а, дика а нисло исбаьхьаллин литературехь а, иштта халкъан барта поэзехь а. И башхаллаш нийса йогӀу литературни меттан, мотт нийса бийцаран, нийса яздаран норманашца.

Исбаьхьа сутрхӀотточу билгалдешнех хуьлуш йолу **гуттаренан эпитеташ** сов хаза нисло нохчийн маттахь, масала: барзах ***гила*** *борз* олу, бацах ***сийна*** *буц*, шовданах ***шийла*** (я ***горга***) *шовда* олу, сих ***мерза са***, дошах ***сийна*** *даш*, малхах ***дашо*** *малх* я ***нурдашо можа*** *малх* олу, ткъа С. Бадуевс шен «Ӏимран» цӀе йолчу дийцарехь *«дуьненна а исбаьхьалла латтош болу сийлахь дашо малх»* аьлла; туьрах *дуткъа тур, терсмаймал дуткъа тур, цӀокъболатан терсмаймал, дуьттаца шокьетта цӀен-горга болатан тур* олу.

Цхьа хӀума кхечу хӀуманца билгалъечу **символо** дика сутрхӀоттадо, масала: хӀилла долчу стагах *цхьогал* ду олу, майра а, тӀахъаьлла а волчух ***леча***, ду, майра а, нуьцкъала а волчух ***лом*** я ***цӀоькъа-лом*** олу, цхьа а доьналла доцчух ***тодакх***, ледарчух ***моша*** олу, ситтиний, леллий ца волучух ***гомаш*** я ***гомашкӀорни*** олу.

Цхьа хӀума кхечух тардечу дустаро хаза суртхӀоттадо, масала:

Стигланца ва йозуш, ламанца ва керчаш,
ДогӀанна язъелла мокха марха ва санна,
Ӏаьржа бода хӀоттийна, ченан кӀур гӀаттийна,
Дерриг дойх къаьстина, хьалха богӀуш бара, тов,
Шихмирзин расха дин…

**Риторически** (говза) **тӀедерзар** хуьлу илли тӀехь къамел шайна тӀедерзочу говзачу дешнех, масала:

**Дакъаза ма йовла, чуо меца берзалой,**
Садаьлча йожур аш шен юткъа и голаш,
Дакъаза ма йовла, **бос Ӏаьржа хьаргӀанаш,**
Садаьлча мер аша шен Ӏаьржа и бӀаьргаш.

Дуьхьал дош ца доьхуш, шен дог-ойла гойтуш, далочу **говзачу** (риторически) **хаттаро** инзаре хаза суртхӀоттадо, масала:

Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца,
Ламанийн басошкахь попах букъ ва тоьхна,
Корта кара ва кхоьхьуш, ша гӀийла гӀелвелла,
Ойла ян хиира, тов, Харачойн Зеламха:
**«Арешка дохк доьлча, аренаш ва идош,**
**Даккъашка дохк доьлча, и даккъаш ва цоьстуш,**

**Нанас вина ва ваша сайн тоьпах тарвина,**
**Ас маццалц дуур те, малх кхета хьо дуьне?»**

Къайлахчу дустарх хуьлуш йолчу метафоро а маттана исбаьхьалла ло, масала: ***дашо*** (хаза) *малх. Церан кийра* ***цIе летара****, шаьш арадаькккхинчу гIуллакхан тIаьхье ца хууш* (С. Б.) ***Цу мисар мехаца, чилланан хаьлгаца цу шагатIулгана гIайна дан хала ду***. Иза чIагIделлачу дагах кIеда ойла летар яц бохург ду. Иза яьржина метафора ю.

Халкъан кицанах **метафора** хуьлу, масала: *Хьалха хьажаза, ког а ма баккха, тIехьа хьажаза, дош а ма ала. Хьовла ма хила хьо, тIе мел кхаьчначо вуур ву хьо, аьрга стом ма хила хьо, церг мел тоьхначо дIаккхуссур ву хьо. Нехан хьаьвди тIехь дин а ма барстабе, бехачу новкъахь куралла а ма лелае.*

ХIума хаздеш, дестош дийцаро (гипербола) а мотт хазбо, масала:

Ва сарахь суьйренца бузучу малхаца,
**Туька юллал ва дари** шен дегIа дерзийна,
**Бере кечвал ва дети** шен некхе дерзийна,
Чилхьесан бухкарца, цу цIестан кIудалца,
Цу хIурдан ва мохо ездари ловзадеш,
Эсаран во мохо кисин тIам ловзабеш,
ХитIа яха ма елира ворхI вешин ва йиша.

Цхьа йоI кечъян оццул дукха **(туька юллал)** дари ца оьшу. Иза **гипербола** ю.

**Шардар 257**. Еша а еший, цу параграфан план хIоттае. Цу планаца схьабийца цуьнан чулацам.

**Шардар 258.** ДIадеша текстийн дакъош. Меттан суртхIотторан гIирс а, исбаьхьаллин башхаллаш а къестош, дIаязде текстийн дакъош. Чулацам кхечу дешнашца ала а, синоним яло а мега меттиг къастае.

I. Буьйсанна набарха йолий,
Сирла бIаьрг дуьнен чу боьллий,
Сахуьлий тIекхочу гIоттий,
Эсалчу бIаьстенан Iуьйре.
ЦIен зезаг гарманан арахь,
Бай кхолуш, тIамарца гIотту,
Тхи къегаш, баьццарчу бай тIехь
Кегийра седарчий хIуьтту. (I. M.)

II. Малх лахахь, цIийбелла,
Чаранал гуш бара,
Суьйренца хьаелла
Юьртахь гIар екара. (I. M.)

III. ДогIанца беш ерриг,
Хи санна, екара,
Леларах кхузахь стаг,
ГIар хезар яцара. (I. M.)

IV. Къеначу лаьмнашций,
Ширачу хьаннашций,
ДIадевлларш хьехадеш,
Къамел дан йиш хилча,
ЦIий лайнчу тIулгаший,
ТIом гинчу пепнаший,
ЛадоьгIург велхавеш,
Хийла аз хазор дара. (I. M.)

**Шардар 259**. ДIадеша. Меттан суртхIотторан гIирс а, исбаьхьаллин башхаллаш а къастае.

I. Аьрхачу Орган,
Мерзачу Теркан
Хи миийлош, кхиийна
Ахь кӀентий хийла.
Мехкарийн хазалла
Хьан бешахь хилла,
ДӀайийнарг,
ДӀаензарг –
Меттиг яц тилла,
Кху латтахь бехачийн
Ирсалла юьйцуш,
Массо а къаьмнашка
Хьайн салам туьйсуш! (I. M.)

II. Сан илли, Кавказан
Лаьмнашка гӀатта –
Лаьмнаш тӀехь юкъьелла
Ийна хьун терса,
Арешкахь ялтийн хӀорд
ТулгӀешца техка,
Ӏалам ду – художник,
Хьан бинарг тергам. (I. M.)

III. Ӏуьйранна седарчий уьдучу цу хенахь,
Седарчийн серлонаш къестачу цу хенахь,
Нурдашо можа малх кхетале ва хьалха,
Малхал хьалха схьакхета и маьлхан зӀаьнарш
Хазлучу заманчохь,
Син метта топ кхетта цӀен экха санна,
ТӀехьа ши куьг тоьхна,
Ша хьалаиккхира Жерочун жима кӀант…
Цу ханнийн божлара шен жима расха дин
Цу дато дуьрстанца ша араозийна,
Бухь бойначу попа тӀе дайн куьйра санна,
Ша дина хиъна талла ваха велира
Жерочун жима кӀант цу буто раьгӀнашка.
Чо шера куьйранаш тӀехула ва хьийзаш,
Белшаш тӀе хуьйшуш и дуткъа ва эраш,
Уллошха ва цӀийзаш, ша воьдуш ма кхечира
Жерочун жима кӀант цу буто раьгӀнашка…

Схьадийца, текстийн дакъошкахь *«лаьттан малх»*, *«художник»*, *«сирла бӀаьрг»*, *«кегийра седарчий»* мича маьӀнашкахь, стенах аьлла.

Шайн дешнашца схьадийца сийлахь-воккхачу полководцан А.В. Суворовн кху дешнийн чулацам а, маьӀна а: «Майралла а, ларвалар а цхьана динахь лиэла».

Мича маьӀница аьлла и дешнаш? Метафора стенах олу? Иза муха хуьлу? **Динахь** бохучу дашна синоним ялае.

**Карладаккхарна хаттарш**

1. Литературни меттан стиль стенах олу?
2. Стилистика стенах олу?
3. Литературни меттан муьлха стилаш евза вайна?

Схьадийца церан маьӀнаш.

4. Схьадийца юкъарчу-литературни а, къамелан а, Ӏилманан а, публицистически а, гӀуллакхан а, книжни а, исбаьхьаллин литературан а стилийн маьӀнаш.
5. Синонимаш стенах олу?

6. Синонимийн муьлха тайпанаш девза вайна?

7. Схьадийца маьӀнин а, стилистически а, юьззинчу а, фразеологически а синонимийн маьӀнаш.

8. Къамелан оьздангалла стенах йозу?

9. Мотт нийса бийцаран а, нийса язбаран а норманаш муха ю? Схьайийца церан башхаллаш.

10. Мотт нийса бийцаран лексически а, грамматически а, орфоэпически а, орфографически а, стилистически а норманийн маьӀнаш муха ду?

11. Нохчийн меттан суртхӀотторан гӀирсаш а, исбаьхьаллин башхаллаш а муха лара йиш ю? Даладе масалш.

## ЧУЛАЦАМ

**8-гIа класс**

### НОХЧИЙН МОТТ ХАЛКЪИЙН ВЕЖАРАЛЛИН МЕТТАНЕХ ЦХЬАЪ БУ


Ненан мотт – дахаран хазна................................3
5–7 классашкахь Іамийнарг карладаккхар............5
§ 1. Орфографи.................................................8
§ 2. Дешнийн цхьаьнакхетарш а, церан тайпанаш а..11
§ 3. Предложенехь дешнийн уьйр.........................14


### ПРЕДЛОЖЕНИН КОЬРТА МЕЖЕНАШ


§ 4–5. Предложенин коьрта меженаш..................21
§ 6. Хандешан цхьалхе сказуеми..........................25
§ 7. ЦIеран хIоттаман сказуеми..........................27
§ 8. Подлежащиний, цIеран хIоттаман сказуеминий юккъехь тире..................................................28
§ 9. Хандешан хIоттаман сказуеми......................30


### ПРЕДЛОЖЕНИН КОЬРТАЗА МЕЖЕНАШ


§ 10. Лач кхачам................................................34
§ 11. Къастам..................................................37
§ 12. Юххедиллар..............................................42
§ 13. Даран суьртан латтам...............................45
§ 14. Бараман латтам........................................47
§ 15. Меттиган латтам.......................................48
§ 16. Хенан латтам............................................50
§ 17. Бахьанин латтам.......................................51
§ 18. Іалашонан латтам.....................................53
§ 19. Бехкаман а, дуьхьалара а латтамаш...........54


### ЦХЬАЛХЕЧУ ПРЕДЛОЖЕНИЙН КЕПАШ


§ 20. ЦхьанахIоттаман а, шинахIоттаман а, кхаахIоттаман а предложенеш...................................60
§ 21. Юьхьан а, билгала-юьхьан а предложенеш..62
§ 22. Билгалза-юьхьан предложенеш...................64
§ 23. Юкъара-юьхьан предложенеш.....................65
§ 24. Юьхьза предложенеш................................67
§ 25. ЦIеран предложенеш.................................68
§ 26. Юьззина а, юьззина йоцу а предложенеш.....70


### ПРЕДЛОЖЕНИН ЦХЬАНАТАЙПАНАРА МЕЖЕНАШ


§ 27. Предложенин цхьанатайпанарчу меженех лаьцна юкъара кхетам..................................................72
§ 28. Предложенин цхьанатайпанарчу меженашкахь хут-тургаш.........................................................75
§ 29. Цхьанатайпанара а, цхьанатайпанара боцу а къас-тамаш........................................................77
§ 30. Цхьанатайпанарчу меженашца юкъара дешнаш..80


### ПРЕДЛОЖЕНИЦА ГРАММАТИЧЕСКИ УЬЙР ЙОЦУ ДЕШНАШ

§ 31. ТIедерзар................................................86
§ 32. Юкъадало дешнаш а, предложенеш а...........89
§ 33. **ХIаъ, хIан-хIа** дешнаш-предложенеш. Айдардешнаш-предложенеш..............................93

## ПРЕДЛОЖЕНИН ШАКЪАЬСТИНА МЕЖЕНАШ

§ 34. Предложенин шакъаьстинчу меженех лаьцна юкъара кхетам................................................98
§ 35. Шакъаьстина латтамаш.............................99
§ 36. Шакъаьстина юххедиллар........................100
§ 37. Хенан а, меттиган а латтамийн дурсаш......105

## МА-ДАРРА А, ЛАЧ А КЪАМЕЛ

§ 38. Ма-дарра а, лач а къамелах юкъара кхетам..107
§ 39. Ма-даррачу къамелехь сацаран хьаьркаш..108
§ 40. Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор........110
§ 41. Цитаташ а, церан нийсаязъяр а................114
§ 42. Грамматически талларш..........................116
**8-чу классехь Iамийнарг карладаккхар**..............120

## 9-гIа класс

## ЧОЛХЕ ПРЕДЛОЖЕНИН СИНТАКСИС

8-чу классехь Iамийнарг карладаккхарна шардарш..131
§ 43. Чолхечу предложенех лаьцна юкъара кхетам..133

## ЧОЛХЕ-ЦХЬАЬНАКХЕТТА ПРЕДЛОЖЕНИ

§ 44. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех лаьцна юкъара кхетам..................................................135
§ 45. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь дозаран а, дуьхьалара а, къасторан а хуттургаш........136

## ЧОЛХЕ-КАРАРА ПРЕДЛОЖЕНЕШ

§ 46. Чолхе-карарчу предложенех лаьцна юкъара кхетам............................................................140
§ 47. Чолхе-карарчу предложенехь тIетухучун меттиг а, сацаран хьаьркаш а................................142
§ 48. ТIетухучу предложенийн кепаш................144
§ 49. Кхачаман тIетуху предложенеш.................145
§ 50. Къастаман тIетуху предложенеш...............149
§ 51. Хенан тIетуху предложенеш......................152
§ 52. Даран суьртан тIетуху предложенеш..........156
§ 53. Бахьанин тIетуху предложенеш.................160
§ 54. Iалашонан тIетуху предложенеш...............165
§ 55. Бехкаман тIетуху предложенеш..................168

## ХУТТУРГАШ ЙОЦУ ЧОЛХЕ ПРЕДЛОЖЕНИ

§ 56. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложених лаьцна юкъара кхетам.................................................173
§ 57. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьIнаш а, сацаран хьаьркаш хIиттор а..................................................174

**МАТТАХ ЛАЬЦНА ЮКЪАРА ХААМАШ**

§ 58. Мотт а, цуьнан маьIна а, коьрта билгалонаш а. Меттан Iилманан дакъош а, церан маьIнаш а......179
§ 59. Литературни меттан стилаш а, церан башхаллаш а...............................................................183
§ 60. Синонимика стилистикан бух бу.................187
§ 61. Литературни меттан норманаш а, меттан исбаьхьаллин башхаллаш а, къамелан оьздангалла а....189

*Зайнди Джамалханович Джамалханов*
*Тамара Магомедовна Вагапова*
*Якуб Умарович Эсхаджиев*

**ЧЕЧЕНСКИЙ ЯЗЫК**

**Синтаксис**

**для 8–9 классов**
(на чеченском языке)

Редактор *Такалашов С.А.*
Корректор *Хасиева А.В.*

Сдано в печать 20.06.07. Подписно в печать 06.07.07.
Фомат 84x108 $^{1}/_{32}$. Бумага офсетная.
Гарнитура SchoolBook. Печать офсетная.
Усл. печ. л. 10,71. Тираж 13 000.

ГУП «Кижное издательство»
364051, ЧР, г. Грозный, ул. Маяковского, 92